RAYHAN

ИНСТИТУТ АРАБИСТИКИ

# ТЭУХЬИДЫМРЭ ФИКЪХЬЫМРЭ

Пэщlэдзэ еджапlэ,

**4 класс**

Адыгэбзэкlэ зэзыдзэкlар:
**Вэрокъуэ Софят**

Редакцэр:
**Умм Ислам аш-Шэркэсия**

# ТЭУХЬИДЫМРЭ ФИКЪХЬЫМРЭ

**ПэщIэдзэ еджапIэ, 4 класс.**

**1428-1429 хь. гъгъ. / 2007-2008 гъгъ.**

Мы тхылъым лъапIэныгъэшхуэ иIэщ,
аращи, абы хуэсэкъын хуейщ.

Мы тхылъым ухуиIэ щытыкIэ къабзэр щыхьэт хурехъу уэ уи дуней тетыкIэ дахэм!

**Тэухьидымрэ Фикъхьымрэ / ПэщIэдзэ еджапIэ, 4 класс /** 2025 / н. 185

АдыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар:
журналист, филолог, зэдзэкIакIуэ Вэрокъуэ Софят
Редакцэр: Умм Ислам аш-Шэркэсия
Вёрстка: ʻАбду-ль-Малик

Коммерцие мурадкIэ тетхыкIынымрэ гъэбэгъуэнымкIэ хуитыныгъэ щыIэкъым. Мыр уасэншэу яугуэшыным папщIэ тхылъщ!

بسم الله الرحمن الرحيم

ГуащIэмрэ ГущIэгъумрэ зиIэ Алыхьым и цIэкIэ.

**Хэзыгъэгъуазэ**

Щытхъур ейщ тхэным хуэзыгъэса, цIыхум имыщIэр къезы-гъэщIа Алыхьым. Абы и нэфIыр зыщыхуэн и хъуэхъур зылъы-сын Мухьэммэд Бегъымбарыр Алыхьым къигъэкIуащ, цIыхухэр кIыфIыгъэм къыхишу нэхугъэм къыхуишэн папщIэ.

ИтIанэ:

ИпэжыпIэкIэ, Алыхьым и тхьэзакъуэныгъэр къэлъытэныр къалэнхэм я нэхъыщхьэ дыдэщ, абы теухуа щIэныгъэри псом нэхърэ нэхъ лъапIэщ икIи гъуэзэджэщ. Аращ лэжьыгъэ псоми тегъэщIапIэ яхуэхъури, ахэр къэбыл хъуныр зэлъытари. Тхьэр зэрызакъуэр зэхэщIыкIыныр цIыхухэр зыхуэныкъуэ псоми я щхьэжщ. ДауикI, ипэжыпIэкIэ, цIыхупсэхэм я гъащIэр, абыхэм я гурыфIыгъуэхэмрэ зэкIуныгъэхэмрэ зыхэлъыр Тхьэ къэхутэ-ныгъэрщ – абыхэм щхьэщэ хуэзыщIым, ахэр къэзыгъэщIам, Абы и цIэхэр, щытыкIэхэр, Iуэхугъуэхэр зэгъэщIэнырщ. Дин фикъхьым игугъу пщIымэ, ар щхьэщэ зэрыщIын хуейм теухуа щIэныгъэщ, апхуэдэхэщ зыгъэкъэбзэнми, нэмэзми, нэгъуэщI-хэми теухуахэр. Ахэр псори насыпым и нэщэнэхэщ, икIи абы-хэм къагъэлъагъуэ цIыхум и хъер зыхэлъ псори Алыхьым зэры-хуигъэфащэр. Алыхьым и щытхъур зылъысын, и нэфIыр зыщы-хуэн Бегъымбарым жиIащ: «Алыхьым фIыр зыхуигъэфащэм диныр къызэрихутэн Iэмал ирет»[1]. Абыхэм псоми къахэкIыу, ЩIэныгъэмрэ ГъэсэныгъэмкIэ Министерствэм жэрдэм ищIащ а унэтIыныгъитIымкIэ–

1. Бухъэри (7)

тэухьидымрэ фикъхьымрэ – школ егъэджэ-ныгъэм и лъэхъэнэ псоми хиубыдэу егъэджэныгъэхэр къызэригъэпэщыну, еджакIуэхэм дин фIэщхъуныгъэ пэжхэр ябгъэдэлъ-хьэн, фикъхьым и лъэныкъуэкIэ шэрихьэтым иIэ хабзэхэр къе-гъэщIэн, Iэмал зимыIэу щIын хуей щхьэщэхэр егъэщIын, зэрыхъукIэ, диным теухуауэ цIыхухэм яIэ упщIэ псоми я жэуапхэр къагъуэтын папщIэ.

**ЕгъэджакIуэхэм хуэгъэза ущие зыбжанэхэр:**

1. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ умылэжьами, уи гур Алыхьым хузэIухауэ убгъэдыхьэн хуейщ, абы елъыташ ар къабыл хъунрэ мыхъунрэ. НтIэ гъэзащIэ ар гу зэIухакIэ Абы и Нэгум папщIэ, ЛъапIэщ Ар икIи И щIыхьыр инщ, итIанэ уэ ехъулIэныгъэ ущи-Iэнущ мы дуней гъащIэми, къыкIэлъыкIуэнуми!

2. ИпэжыпIэкIэ, дзыхь къыпхуащIар хъумэныр – къегъэлыныгъэм и Iэмалщ. Уэ-тIэ, сэ си къуэш/шыпхъу лъапIэ, мы диным и Iуэхугъуэ инхэм хубогъаджэ, икIи уэ дзыхь къыпхуащIащ псом нэхъыщхьэр – муслъымэн сабийхэм я акъылымрэ зэхэщIыкIымрэ. НтIэ, дзыхь къыпхуащIар хъумэ уэ, мы дуней гъащIэми, ахърэтми ехъулIэныгъэ ущиIэн папщIэ!

3. ИпэжыпIэкIэ, «Тэухьид» предметым хуегъэджэныр – IуэхуфIхэм я нэхъ инхэм щыщ зыщ. ДауикI, цIыхухэм дежкIэ хъерыр – мы дуней гъащIэм напэтехым щыхъумэнымрэ къыкIэлъыкIуэнум и псэм къытехьэну тезырым IэщIэгъэкIынымрэ – Тхьэзакъуэныгъэр къыщахутэм дежщ, апхуэдэуи, абы хуэгъэза Iуэхугъуэхэр ялэжьмэ. НтIэ, егугъу, уэ егъэджакIуэ лъапIэ, тхьэфIэщхъуныгъэ пэжхэр

еджакӀуэхэм ягухэм щӀэбгъэбыдэн папщӀэ! Ар нэгъэсауэ зылэжьхэм ящыщ зы урехъу! Уэ езым зыхэлъхьэ ахэр зыхуебгъаджэр, апхуэдэуи, щэн дахэхэр зыдалъэгъун щапхъэ яхуэхъу!

4. Алыхьыр зэрытхьэзакъуэмрэ Абы и къарур зыхуэдэмрэ джын папщӀэ текст зыбжанэхэр къэгъэсэбэпын хуейщ. Псалъэм папщӀэ, пшэхэр уафэм зэрыщызекӀуэм, уафэгъуагъуэмрэ щыблэмрэ, уэшх къызэрешхым, нэгъуэщӀ дуней щытыкӀэхэми теухуауэ. ДауикӀ, ипэжыпӀэкӀэ, абыхэми, нэгъуэщӀ къэхъукъащӀэхэми диныр зи гум илъ дэтхэнэ зыми и Ӏиманыр нэхъ быдэ ящӀ.

5. ИпэжыпӀэкӀэ, «Фикъхь» предметым хуегъэджэным мыхьэнэшхуэ иӀэщ икӀи Ӏэмалыншагъэщ. Абы и фӀыгъэкӀэ, еджакӀуэхэм къащӀэ щхьэщэ зэращӀ щӀыкӀэхэр, ар абыхэм я къалэнхэм хыхьэхэм щыщщ, апхуэдэуи, зыгъэкъэбзэным, андезым, нэмэзхэм теухуауэ, къищынэмыщӀауэ, шэрихьэтым щыщ хабзэхэри. Уэ егъэджакӀуэ лъапӀэ, уэ абыхэм дин гупсысэкӀэ ябгъэдэплъхьэн хуейщ, ахэр зыхурагъаджэр ягъэзэщӀэн папщӀэ.

6. ИпэжыпӀэкӀэ, щапхъэ къэхьынымрэ, хьысэр гъащӀэм къы-щекӀуэкӀ Ӏуэхухэм пыщӀэнымрэ сыт хуэдэ предметми и къэхутэ-ныгъэр нэхъ тынш ещӀ. Ар куэду щхьэпэ хъунущ еджакӀуэхэм а предметыр фӀыуэ къалъэгъунымкӀэ, икӀи абыхэм ар фӀыуэ къалъагъумэ, ар яфӀэфӀыу яджынущ икӀи ягъэзэщӀэнущ абы зыхуригъаджэ псори. Дэ уи гур фӀы тщӀынщ Бегъымбарым, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным, и сэламыр зылъысыным и псалъэхэмкӀэ, абы жиӀащ: **«ИпэжыпӀэкӀэ, мыӀуминым, дунейм ехыжа нэужь,**

**сэбэп къыхуэзыхьыну Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ абы зыхуригъэджа, зызригъэубгъуа щIэныгъэр»**[2]

2. Ибн Маджэ 242



ЯПЭ ИЛЪЭС НЫКЪУЭР

# 1.АТ-ТЭУХЬИД ЯПЭ IЫХЬЭ. ХУЭПЩЫЛIЫНЫГЪЭ

## Дерс е-1-нэ.

## Сытым щхьэкIэ Алыхьым дыкъыщIигъэщIар?

Зэгуэрым, еплIанэ классым и еджакIуэ Мухьэммэд и унагъуэм и гъусэу тенджызым зыгъэпсэхуакIуэ ежьащ. Ахэр тенджыз Iуфэм нэса нэужь, Мухьэммэдрэ и адэмрэ псым деж къыщакIухьыу, Алыхьым и къэгъэщIыгъэхэм егупсысын щIадзахэщ. Мухьэммэд тенджызым еплъащ: абы игъэщIэгъуащ псым и инагъымрэ и Iэгъуэблагъуэхэр зыхуэдизымрэ.

ИтIанэ ар и адэм еупщIащ: «Уэ си адэ, сыт Алыхьым тенджызыр къыщIигъэщIар?» Адэм жиIащ: «ИпэжыпIэкIэ, тенджызыр къыщIигъэщIам и сэбэпынагъыр зэщымыщ куэду зэхэлъщ, си къуэ цIыкIу:

- цIыхухэм абы бдзэжьей къыщаубыд;
- абыхэм тенджызым налкъут къыхах, нэгъуэщI хъугъуэфIыгъуэхэри;
- тенджызыпсхэм кхъухьхэр щызокIуэ».



**Сыт хуэдэ сэбэпынагъ иджыри тенджызым къихьыр?**

___

___

___



ЗанщIэу тенджызым жьышхуэ къыщыкъуэуащ, итIанэ щIалэ цIыкIур и адэм еупщIащ: «Жьым-тIэ сыт сэбэпу хэлъыр, си адэ?» Адэм жиIащ: «Абыи фIы куэд хэлъщ:

- абы тенджызым тет кхъухьхэр кърехуэк;
- арыншэу жыгхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ зыри къапыкIэнукъым;
- жьым уэшх къытхуехь;
- абыкIэ Алыхь Таалэм джаурхэр егъэунэхъу».

ИтІанэ Мухьэммэд щІэупщІащ: «Си адэ, къызэрыщІэкІымкІэ, Алыхьым псори къыщІигъэщІам щхьэусыгъуэ гуэр иІэщ». Абы жиІащ: «Аращ, си къуэ. Псоми Іущыгъэ хэлъщ». ЩІалэ цІыкІур аргуэру щІэупщІащ: «Алыхьым псори Іущыгъэ гуэркІэ къыщигъэщІкІэ, сыт хуэдэ Іущыгъэ-тІэ хэлъыр цІыхур къыщІигъэщІам?» Адэм жиІащ: «А Іущыгъэр Алыхьым и псалъэхэм къыщыхощыж: “Сэ жинхэмрэ цІыхухэмрэ къыщІэзгъэщІар, ахэр Сэ схуэпщылІын папщІэщ”. Мы Іэятым хэлъ Іущыгъэр къыбгурыІуэу пІэрэ уэ?» «НтІэ, си адэ. А Іущыгъэр – пашэгъу зимыІэ Алыхь Закъуэм хуэпщылІыныр ара?», - жиІащ щІалэ цІыкІум. «Аращ, уэ жыпІар пэжщ, уэ Мухьэммэд», - жэуап итыжащ адэм.

***ЗэгъащІэ, Алыхьым и гущІэгъур зылъысын, Алыхь Таалэм псори къыщІигъэщІар, ахэр Езым хуэпщылІын, зыри пашэгъу хуамыщІын папщІэщ, абы тегъэщІапІэ хуохъу Алыхьым и псалъэхэр:***

***«Сэ жинхэмрэ цІыхухэмрэ къыщІэзгъэщІар къысхуэ-пщылІын къудей щхьэкІэщ»***[3]

3. КъурІэн [51:56]

**Лэжьыгъэ 1.**

(✔) мыпхуэдэ дамыгъэкӀэ къыхэгъэщ Алыхьым и пщылӀхэм хыхьэу щытахэр.

**Лэжьыгъэ 2.**

Алыхьым хуэпщылӀыным хиубыдэ Ӏэхугъуэхэр зы сатыр ехыу къыхэтхыкӀ, пэщӀэувэ псалъэхэр етӀуанэ сатыру тхы.




**Псалъэхэр:**

**Адэ-анэм пщӀэ яхуэщӀын, нэмэз, пцӀы, щэныфӀагъэ, бзитӀщхьитӀ, джэмахьэт нэмэзхэр къэгъэнэн, гъунэгъу-хэм фӀыуэ яхущытын, дыгъуэн, пэжыгъэ.**

| **ПщылӀыным хиубыдэ Ӏуэхугъуэхэр** | **ПщылӀыным пэщӀэувэ Ӏуэхугъуэхэр** |
|---|---|
| | |

| | |
|---|---|
| | |
| | |
| | |
| | |

**КъызэрапщытэупщӀэхэр:**

1. Сытым щхьэкӀэ Алыхьым псори къыщӀигъэщӀар? Абы и тегъэщӀапӀэр къэгъэлъагъуэ.

2. ЖыӀэгъуэ пэжхэм яхуэзанщӀэу ✓ дамыгъэр гъэув, жыӀэгъуэ нэпцӀхэм яхуэзанщӀэу ✗ дамыгъэр гъэув.

☐ Жинхэмрэ цӀыхухэмрэ къыщӀигъэщӀам Іущыгъэ хэлъыр – Алыхь Закъуэм хуэпщылӀынырщ.

☐ Алыхьым жинхэр къыщӀигъэщӀар, цӀыхухэр абыхэм ящышынэн папщӀэщ.

☐ Алыхьым дэ дыкъыщӀигъэщӀар, дэ мы дунеягъэм и фӀыгъуэ псомкӀи дытхъэн папщӀэщ.

## Дерс е-2-нэ.

### «ХуэпщылIын» псалъэм и мыхьэнэр.

ИлъабжьэмкIэ къыщыхьа сурэтиплIым еплъи, щхьэж къыщыплъагъур кIэщIэтхэ: ***пщылIыныгъэ / Iуэхугъуэ къызэрыгуэкI***

   

______________ ______________ ______________ ______________

### Сыт-тIэ «хуэпщылIыным» къикIыр?

**«ХуэпщылIыныр»** – *ар Алыхьым фIыуэ илъагъумрэ арэзы зыхуэхъу Iуэхугъуэ псомрэ къызыщIэзыубыдэ терминщ, ахэр псалъэуи ирехъу, Iуэхугъуэуи ирехъу – нэрылъагъухэри, гъэпщкIуахэри.*

*ХуэпщылIыныгъэр зэрагъэзащIэр Алыхьым цIыхур хуэжыIэщIэу, Абы унафэ къыхуищIахэр игъэзащIэу, хьэрэм хуищIахэм пэIэщIэ зыхуищIыущ.*

## Лэжьыгъэ 1.

Илъабжьэмкlэ къыщыхьа псалъэхэр гупитlу угуэш.

**Псалъэхэр:**

Нэмэз, Алыхьыр уигу игъэлъын, лейзехьэ, пцIы, дыгъуэ, гъунэгъухэм зэраныгъэ ехын, адэ-анэм яхуэжыIэщIэн, нэщI, Алыхьыр фIыуэ лъагъун, нэлат.

| Алыхьым ифIэфI Iуэхугъуэхэр | Алыхьым ифIэмыфI Iуэхугъуэхэр |
|---|---|
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |

**Лэжьыгъэ 2.**

ИлъабжэмкIэ къыщыхьа пщылIыныгъэхэм хуэгъэза псалъэхэр сатырытIу зэхэдз.

**Псалъэхэр: нэмэз, КъурIэн еджэн, андез цIыкIур, азэн, адэ-анэм фIыуэ яхущытын, хьэжыщI.**

| Псалъэхэр | Iуэхугъуэхэр |
|---|---|
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |

**Лэжьыгъэ 3.**

ИлъабжьэмкIэ къыщыхьа Iуэхугъуэ нэрылъагъухэмрэ Iуэхугъуэ гъэпщкIуахэмрэ зэхэгъэкI.

**Псалъэхэр:** **умрэ, гугъэ, факъырэIус, губжь, андез цIыкIур, Алыхьыр фIыуэ лъагъун, дыгъуэ, муслъымэнхэр фIыуэ лъагъун, шэрихьэт тхылъхэр гъэбэгъуэн.**

| Iуэхугъуэ нэрылъагъухэр | Iуэхугъуэ гъэпщкIуахэр |
|---|---|
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |

**Къызэрапщытэ упщӀэхэр:**

1. ЖыӀэгъуэр и кӀэм нэгъэс.

**ХуэпщылӀыныр** – ар …

2. ХуэпщылӀыныгъэм хиубыдэ мы псалъэхэр япэкӀэ узэреджам хуэдэу зэхэдз.

**Псалъэхэр: хьэжыщӀ, Алыхьыр фӀыуэ лъагъун, Алыхьым и цӀэр гум игъэлъын, сэджыт, Алыхьым щышынэн, КъурӀэн еджэн.**

3. Дэпхуэдэ щӀыкӀэу хуэпщылӀыныгъэр зэрагъэзащӀэр?

## Дерс е-3-нэ.

## ХуэпщылIыныгъэм теухуа Іыхьэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр

### *Лэжьыгъэ 1.*

ИлъабжьэмкIэ къыщыхьа сурэтхэм еплъи, щхьэж хуэкIуэ хуэпщылIыныгъэр кIэщIэтхэ.

  

________________ ________________ ________________

  

________________ ________________ ________________

### *Лэжьыгъэ 2.*

ИлъабжьэмкIэ къыщыхьа псалъэхэм жыIэгъуэ къыхэщIыкI.

**Псалъэхэр: Алыхьым фIыуэ илъагъумрэ, къызыщIэзыубыдэ, ахэр псалъэуи ирехъу, арэзы зыхуэхъу Іуэхугъуэ псомрэ, терминщ, нэрылъагъухэри,Іуэхугъуэуиирехъу,гъэпщкIуахэри.**

**ХуэпщылӀыныр – ар ........................................**

**_Лэжьыгъэ 3._**

Мы хъурейхэм итын хуейхэр итхэж.




**_Лэжьыгъэ 4._**




«ХуэпщылӀыныгъэ» терминым и мыхьэнэр къэзыӀуатэ щапхъэхэр уэ езым къэхь, мы схемэм къызэрыщыкӀуэм хуэдэу.

## Лэжьыгъэ 5.

*ХуэпщылIыныгъэм мыхьэнэ куэд иIэщ. Муслъымэныр Алыхьым хуэпщылIщ, сыт хуэдэ щIыпIэ ар щымыIами.*

**Мы таблицэм хуэпщылIыныгъэм и щапхъэхэр итхэ.**

| ЩIыпIэр | Псалъэхэр | Iуэхугъуэхэр |
|---|---|---|
| **Мэжджыт** | | |
| **Унэ** | | |
| **Си пэшым** | | |
| **ХьэщIэщ** | | |
| **Уэрам** | | |
| **Бэзэр** | | |

## Лэжьыгъэ 6.

*Сэ фIыуэ солъагъу Алыхьыр, ЛъэапIэр икIи Иныр, Аращ сэ сыкъэзыгъэщIари, фIыгъуэ псор къызэзытари. Абы къыхэкIыу, сэ Алыхьым сыхуопщылI си Iэпкълъэпкъым и Iыхьэ псомкIи.*

Къэгъэлъагъуэ, «А» сатыр ехым щыщу сыт хуэдэ Iэпкълъэпкъ Iыхьэра «Б»-м ит хуэпщылIыныгъэхэм хуэкIуэр.

| **А** | | **Б** | |
|---|---|---|---|
| | **Iэ** | **а** | **КъурIэн еджэн** |
| | **Лъакъуэ** | **б** | **Iыстыгъфар нэмэз** |
| | **Бзэ** | **в** | **Дерсхэм едэIуэн** |
| | **Нэ** | **г** | **Алыхьым и къэгъэщIыгъэхэм егупсысын** |
| | **ТхьэкIумэ** | **д** | **Мэжджыт щIыхьэн** |
| | **Гу** | **е** | **Сэлам хын** |

## *Лэжьыгъэ 7.*

Муслъымэным и Iэпкълъэпкъым щыщ IыхьэхэмкIэ игъэзащIэф пщылIыныгъэхэм я щапхъэ къэхь.

| **Iэпкълъэпкъым щыщ Iыхьэ** | **ПщылIыныгъэм и щапхъэхэр** |
|---|---|
| **бзэ** | |
| **тхьэкIумэ** | |

| | |
|---|---|
| **нэ** | |
| **нэкIу** | |
| **Iэ** | |
| **гу** | |
| **лъакъуэ** | |

## ЕТІУАНЭ ІЫХЬЭ.

- «ТЭУХЬИД» ПСАЛЪЭМ И МЫХЬЭНЭР
- ТЭУХЬИДЫМ И ЛІЭУЖЬЫГЪУЭХЭР
- ЛІЫКІУЭХЭР

## Дерс е-4-нэ.

### «Тэухьид» псалъэм и мыхьэнэр

*ХъусейнкIэ зэджэ зы щIалэ гуэр тхьэ нэпцIхэм яхуэпщылIырт. Ар япэ дыдэу Бегъымбарым ﷺ щыхуэзам щыгъуэ, ар ﷺ къеупщIат: «Зы махуэм къриубыдэу дэпхуэдиз тхьэм уахуэпщылIрэ, уэ Хъусейн?» Абы Хъусейн жэуап иритащ: «Блым: абыхэм ящыщу хыр щIылъэм щыIэщ, зыр – уафэм». ИтIанэ Бегъымбарыр ﷺ абы еупщIащ: «А блым щыщу дэтхэнэра-тIэ уэ зызэхуэбгъазэр, гужьеигъуэ ищэхуэхэм деж, е фIыгъуэ гуэркIэ ущыгугъэм деж?» Абы жиIащ: «Сэ зыхузогъазэ уафэм щыIэм деж».*

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

Хэт Хъусейн зи гугъу ищIыр «Уафэм щыIэм деж» щыжиIэкIэ?

Хъусейн зыхуэпщылIу щыта тхьэхэу щIылъэм щыIахэм я цIэхэр къиIуэ.

Сытыт Хъусейн гужьеигъуэ щихуам деж, е фIыгъуэ гуэркIэ щыгугъэм деж, адрей тхьэхэр къигъанэурэ, Алыхь Закъуэм зыщIыхуигъазэу щытар?

Ислъамыр къищтэн ипэ Хъусейн тхьэ куэдым яхуэпщылIыу щытащ. Сыт щхьэкIэ?

Дерс блэкIахэм дэ къыщытщIащ Алыхьым дыкъыщIигъэщIам и щхьэусыгъуэр – нэгъуэщI зыри пашэгъу хуэдмыщIыу, Езы Закъуэм, ЛъапIэм икIи Иным, дыхуэпщылIын папщIэщ. Аращ Тхьэзакъуэныгъэ хъужыр.

## Сыт-тIэ Тхьэзакъуэныгъэм къикIыр?

**Тхьэзакъуэныгъэр (Тэухьид) –** ***ар хуэпщылIыныгъэмкIэ Алыхьыр гъэзакъуэнырщ. Аращ Алыхьым и пщылIхэм деж къигъэкIуа лIыкIуэ псоми я дину щытари.*** Алыхьым КъурIэн ЛъапIэм щыжиIащ:

**«Дэ дэтхэнэ лъэпкъми лIыкIуэ хуэдгъэкIуащ: "Алыхьым фыхуэпщылI, тхьэнэпцIхэми зыщыфхъумэ". Абыхэм яхэтащ Алыхьым иузэщIахэри; яхэтащ гъуэщэныр зи натIэхэри. Мы дунейм фытехьи феплъыт лIыкIуэхэр пцIыупсу жызыIахэм я кIэух хъуам!»**[4]

4. КъурIэн [16:36]

### Лэжьыгъэ 2.

Таблицэм итын хуейхэр итхэж япэ щапхъэм къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу.

| Алыхьыр гъэзакъуэн | Алыхьым пашэгъу хуэщIын |
|---|---|
| **Къурмэныр Алыхь закъуэм къыхуэхьын** | **Кхъащхьэхэм яхъуреягъкIэ къэкIухьын** |
| | |
| | |
| | |
| | **Гьисэ лъэIукIэ зыхуэгъэзэн, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун** |

## Лэжьыгъэ 2.

Iуэхугъуэ къэс щхьэж зыхуэкIуэ сатыр ехым итхэж.

**Псалъэхэр:** Алыхьым хуэмыгъэза тхьэрыIуэ, Алыхьым хуэмыгъэза гугъэ, хьэлэлым къыхуеджэн, жинхэм къурмэн къахуэхьын, муслъымэнхэм папщIэ фIыгъуэ хуеин, КъурIэным еджэн, муслъымэнхэм папщIэ тхьэ елъэIун, Алыхьым и къэгъэщIыгъэхэм щIэгупсысын, лъэIукIэ лIахэм захуэгъэзэн, жэщ нэмэзыр щIын.

| Алыхьым хуэпщылIын | Алыхьым пашэгъу хуэщIын |
| --- | --- |
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |

**ТЭУХЬИД**
**тхьэзакъуэныгъэм**

التوحيد

**лIэужьыгъуищ**
**иIэщ**

**1**

**ТЭУХЬИД АР-РУБУБИЯ**
**Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм**

**2**

**ТЭУХЬИД АЛ-УЛЮХЬИЯ**
**Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм**

**3**

**ТЭУХЬИД ФИЛ-IЭСМАИ УЭС-СЫФАТ**
**Тхьэзакъуэныгъэр цIэхэмрэ лъэкIыныгъэхэмрэ**

**Къызэрапщытэ упщIэхэр:**

1. Псалъэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуейм хуэдэу зэхэгъэувэж, жыIэгъуэ пэж къыхэкIын папщIэ.

**•гъэзакъуэнырщ, Тхьэзакъуэныгъэр, Алыхьыр, хуэпщылIыныгъэмкIэ, ар.**

**•иIэщ, лIэужьыгъуэу, тхьэзакъуэныгъэм, щы.**

**•папщIэ, и, ахэр, яхуигъэкIуащ, лIыкIуэхэр Тхьэзакъуэныгъэм, Алыхьым, къыхураджэн, цIыхухэм.**

**2.**Сыт хуэдэ дин лIыкIуэхэр зытетар?

3.«Тэухьид» псалъэм и мыхьэнэр къыжыIэ.

4.Илъабжьэмкlэ къыщыхьа жыlэгъуэм къикlым тепсэлъыхь.

**Алыхьым и лlыкlуэхэр цlыхухэм яхуигъэкlуащ ахэр Тхьэзакъуэныгъэм къыхураджэн папщlэ.**

5. Схемэм дэгъэхуа псалъэхэр хэтхэж.



## Дерс е-5-нэ.

### Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъыр

Илъабжьэмкlэ къыщыхьа сурэтхэм еплъ.



**<u>Хэт мы къэгъэщIыгъэхэр зи Iэдакъэщ IэкIыр?</u>**

*Алыхьыр, ЛъапIэр икIи Иныр, - Аращ къэгъэщIыгъэ псори щымыIэм къыхэзыщIыкIар.*

*ИкIи А зыращ дэ фIыгъуэ псори къыдэзытыр, дызыгъалIэфри, дыкъэзыгъэхъужыфри.*

**Тхьэзакъуэныгъэм и япэ лIэужьыгъуэр – ар Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъырщ. Абы къикIыр Алыхьыр и зэфIэкIхэмкIэ зэрытхьэзакъуэрщ.**

«Алыхьыр и зэфӀэкӀхэмкӀэ зэрытхьэзакъуэр» - ар фӀэщхъуныгъэщ Алыхьыр, ЛъапӀэр икӀи Иныр, къэгъэщӀакӀуэу зэрыщытыр, икӀи псори А Зы къудейм и Ӏэдакъэ къызэрыщӀэкӀырщ. ИкӀи Абы и закъуэщ фӀыгъуэ псори къыдэзытри, Ӏуэхугъуэ псори езыгъэкӀуэкӀри.

ЦӀыхухэм я фӀэщ мэхъу Алыхьыр КъэгъэщӀакӀуэу, фӀыгъуэ псори Зыгуэшу, Ӏуэхугъуэ псори ЗезыгъакӀуэу зэрыщытыр. ИкӀи цӀыху псоми ар ящӀэ икӀи зыри шэч къытырахьэркъым.

**Тепсэлъыхьыным папщӀэ упщӀэхэр:**

**Тхьэзакъуэныгъэр Тепщэныгъэ къудейм фӀэкӀа хэмылъу зи фӀэщ хъуар муслъымэну къэплъытэ хъуну?**

**Шэч хэлъкъым, Бегъымбарыр ﷺ щыпсэуа зэманым щыӀа тхьэнэпцӀхэм я пщылӀхэми Тхьэзакъуэныгъэм а и лӀэужыгъуэм шэч къытрахьэу зэрыщымытар, ауэ а фӀэщхъуныгъэ закъуэм ахэр Ислъам диным къыхуишакъым. ИкӀи абыхэм ди Бегъымбарыр ﷺ япэщӀэтащ, я лъымрэ я мылъкумрэ хьэлэлу къилъытэу.** Абы и тегъэщӀапӀэщ Алыхьым и псалъэхэр: **«ЯжеӀэ: "Хэт фи ерыскъыр уа-фэми къыфхуезыгъэхыр, щӀыми къыфхухэзышыр?" Е: "Хэт зэхывэзыгъэхри фэзыгъэлъагъури? Хэт псэншэм псэ зыӀут къыхэзыгъэкӀыр, псэуми псэншэ къыхэзыгъэкӀыр? Хэт дунейр зезыгъакӀуэр?" "Алыхьыращ!" – къыбжаӀэжынущ. ЯжеӀэж: "АтӀэ щхьэ фыфӀэмылӀыкӀрэ?"»**[5]

5. КъурӀэн [10:31]

**«ЯупщӀ: "Хэт мы щӀылъэри, абы тетри зейр, ар фщӀэуэ щытмэ?" "Алыхьыращ!" – къыбжаӀэнущ. ЯжеӀэ: "АтӀэ щхьэ фымыщӀэжрэ?" ЯупщӀ: "Хэт уафиблым я тхьэри, хэт ГӀэршышхуэм и тхьэри?" "Алыхьыращ!" - къыбжаӀэнущ. ЯжеӀэ: "АтӀэ щхьэ фыфӀэмылӀыкӀрэ?" ЯупщӀ: "Хэт псори зи ӀэмыщӀэ илъыр? Хэт псори къэзыхъумэу зыри зыщамыхъумэфыр, фщӀэуэ щытмэ?" "Алыхьыращ!" – къыбжаӀэнущ. ЯжеӀэ: "Сыту тхьэкъуща фыхъуа!"»[6]**

**Алыхьым къигъэщӀауэ икӀи фӀыгъуэ псори къыбгъэдилъхьауэ зи фӀэщ хъууэ, ауэ зыхуэпщылӀыр Алыхьым имызакъуэу, атӀэ иджыри тхьэ зыбжанэ гъусэ яхуищӀмэ, апхуэдэ цӀыхур тхьэнэпцӀхэм я пщылӀ мэхъу.**

Аращ Алыхьыр тхьэ куэдыр зи фӀэщ хъухэм щӀегыер япэкӀэ къыщыхьа аятхэм.

6. КъурӀэн [23:84-89]

### Лэжьыгъэ 1.

ЯпэкIэ къыщыхьа аятхэм къыщыгъуэт Алыхьым фIэкIа, нэгъуэщIым зыми хуэмыщIэфыну Iуэхугъуэхэр.

### Лэжьыгъэ 2.

ЯпэкIэ къыщыхьа аятхэм къыхэгъэщ тхьэ куэдым яхуэпщылIхэм Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъыр я фIэщ зэрыхъур зыхэт псалъэухахэр.

### Лэжьыгъэ 3.

Аят къэс зытеухуар къэгъэлъагъуэ, ✔ дамыгъэр здэщытын хуейм деж гъэув.

| | Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъыр къегъэлъагъуэ | Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъыр къыигъэлъагъуэр-къым |
|---|---|---|
| **”Абыхэм уайупщIмэ, дауи, къыбжаIэнущ: «Дэ зэштегъэууэ дыгушыIэу арат»”[7].** | | |

7. КъурIэн [9:65]

| | | |
|---|---|---|
| **«Дэращ фэ фыкъэзыгъэщІар, фыкъызэрыдгъэтэджыжынур щхьэ фи фІэщ мыхъурэ?»[8]** | | |
| **«Нэмэз фщІы, фи хэхъуэм хэфтыкІ, щхьэщэ зыщІхэм ядэфщІ»[9].** | | |
| **«Алыхьыр фыкъэзыгъэщІыу, фызыпІу, фызыгъалІэу, фыкъэзыгъэтэджыжынуращ»[10].** | | |

## Лэжьыгъэ 4.

Алыхь Таалэм и тепщэныгъэр къыщыхэщу мы дерсым и пэм щыфлъэгъуа суртхэм хуэдэ уи еджэгъухэм ягъусэу зэхуэхьэс. Абы папщІэ, журналхэмрэ, газетхэмрэ, интернетымрэ къэбгъэсэбэп хъунущ.

8. КъурІэн [56:57]
9. КъурІэн [2:43]
10. КъурІэн [30:40]

**Къызэрапщытэ упщIэхэр:**

1. Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъым тепсэлъыхь.

2. Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъым сыт хуэдэ щытыкIэ хуаIа тхьэнэпцIхэм я пщылIхэм?

3. Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэ къудейм фIэкIа хэмылъу уи фIэщ хъуныр ирикъурэ Ислъам диным утехьэн папщIэ?

4. Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъым тегъэщIапIэ хуэхъу псалъэхэр къэхь.

## Дерс е-6-нэ.

## Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъым теухуа Іыхьэм дэщІыгъуа лэжьыгъэхэр

### *Лэжьыгъэ 1.*

ИлъабжьэмкІэ къыщыхьа аятхэм къеджи, Алыхь Таалэм и Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъым теухуа Іуэхугъуэхэр къыхэгъэщ.

**«Дэ абыхэм щІыгур, уэншэкум хуэдэу, яхуэдубгъуакъэ? Къуршхэри пкъуоууэ хэдукІакъэ? Дэ фэ зэгуэгъуу (хъурэ бзыуэ) фыкъэдгъэщІащ. Жейри псэхугъуэу фэттащ. Жэщри теп эн фхуэтщІащ. Уафэ къатиблри къыфщхьэщы-дгъэуващ. Уэздыгъэ къепсри къидгъэуващ. Пшэм и уэшхри уэру къыфхуедгъэшхащ, жылэхэр, къэкІыгъэхэр, жыг Іувхэр къэкІын щхьэкІэ»[11].**

Апхуэдэуи, мы сурэм:

**«Алыхьу уафэхэри щІылъэхэри къэзыгъэщІыу, кІы-фІымрэ нэхумрэ зэхэзыгъэкІам ейщ щытхъур! ИтІани джа-урхэм Алыхьыр я тхьэнэпцІхэм хуагъадэ. Аращ фэ ятІэм фыкъыхэзыщІыкІар, иужькІи гъащІэ пІалъэ къывэзытар; Езым и деж нэгъуэщІ пІалъи къыщызыгъэувар. ИтІани фэ шэч къытывохьэ. Аращ уафэми щІылъэми Алыхьу щыІэр, Абы фи щэхури фи нахуэри ещІэ, ещІэ фи хэхъуэри!»[12]**

11. КъурІэн [78:6-16]
12. КъурІэн [6:1-3]

## Лэжьыгъэ 2.

Алыхьым и Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъыр къэзыгъэлъагъуэ Iуэхугъуэ зыбжанэ къебжэкI, илъабжьэмкIэ къызэрыщыхьам утету.

| Алыхьым и къэгъэщIыгъэ лъапIэхэр | Алыхьым и къэгъэщIыгъэ машIэхэр |
|---|---|
| | |
| | |

***Лэжьыгъэ 3.***

ИлъабжьэмкІэкъыщыхьа Алыхьым икъэгъэщІыгъэхэр щхьэж и къэхъукІэмкІэ зэхэгъэкІ.

**Псалъэхэр**: **цІыху, бдзэжьейхэр, цІыхухэр, бзухэр, мэл-хэр, мыІэрысэ, пыл, финик, махъшэ.**

| Алыхьым джэдыкІэм къыщигъэхъуахэр | Алыхьым анэм и ныбэ кІуэцІым къыщигъэхъуахэр | Алыхьым жыгым къыпигъэкІахэр |
| --- | --- | --- |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

### *Лэжьыгъэ 4.*

Алыхьым мы и къэгъэщIыгъуэ гъэщIэгъуэнхэр щхьэж къызэрыщхьэщыкI щIыкIэм теухуауэ тепсэлъыхь уи еджэгъухэм ягъусэу.

| | | | |
|---|---|---|---|
|  |  |  |  |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

## Дерс е-7-нэ.

### Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъыр

**Алыхьым зэхех лъэӀукӀэ зыхуэзыгъазэ псори. ТхьэнэпцӀхэм зэхахыркъым абыхэм зыхуэзыгъазэхэм я лъэӀур, аращи, хуэпщылӀыныгъэр зыхуэфащэр – ар …**

**Алыхьым дэ къыдитащ нэри тхьэкӀумэри, апхуэдэуи, гухэри. Аращи, дэ ди фӀыщӀэ псори зыхуэфащэр – ар …**

**Алыхьыр – КъэгъэщӀакӀуэщ. Дыгъэр абы и къэгъэщӀыгъэщ, аращи, дэ дыхуэпщылӀыну зыхуэфащэр – ар …**



**ЕтӀуанэ лӀэужьыгъуэр – ар Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъырщ.**

**Алыхьу ЛъапӀэм икӀи Иным и Тхьэзакъуэныгъэр къыхощ Абы и пщылӀхэм я лэжьыгъэхэм, апхуэдэхэщ лъэӀур, тхьэрыӀуэр, къурмэныр, гугъэр, шынэр, лъагъуныгъэр, хущӀэкъуныгъэр, Абы деж къэгъэ-зэжыныр, дэӀэпыкъуэгъукӀэ елъэӀуныр, къихъумэну елъэӀуныр, щытхъу псори хуэгъэфэщэныр.**

**Абыхэм псоми къикӀыр, цӀыхум и пщылӀыныгъэмкӀэ Алыхьым гъунэгъу зыхуещӀ. Абы ахэр игъэзащӀэмэ, ар мэхъу Тхьэзакъуэныгъэр**

тхьэгъуэм къыщызыгъэлъэгъуа муслъымэн. Ауэ абы и пщылIыныгъэмкIэ, Алыхьым нэ-мыщI, нэгъуэщI тхьэ гуэрхэм гъунэгъу захуищIыну хэтамэ, абы Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэмкIэ къигъэлъэгъуакъым. АтIэ Алыхьым пашэгъу хуищIауэ аращ.

ЦIыхухэм ялэжьхэм щыщу хуэпщылIыныгъэм хуэгъэза Iуэхугъуэхэр – *лъэIу*, тхьэрыIуэ, къурмэн, гугъэ, шынэ, хущIегъуэжыныгъэ, дэIэпыкъуэгъу щхьэкIэ *лъэIур*, хъумэ-ныгъэмкIэ *лъэIур*, фIыщIэ псор хуэгъэфэщэныр – абыхэм япкъ иткIэ Алыхьым фIэкIа нэгъуэщIым зыми гъунэгъу зыхуэпщI хъунукъым. ЦIыхум ахэр Алыхьым хуэгъэзауэ илэжьамэ, абы Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъыр къигъэлъэгъуащ. Ауэ абы хуэпщылIыныгъэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми, Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщI гуэрым хуи-гъэзамэ, абы Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъыр къи-гъэлъэгъуакъым. АтIэ тхьэнэпцIхэм хуэпщылIыным зэIэ-пишащ. Алыхьым апхуэдэм дыщихъумэ!

### *Лэжьыгъэ 1.*

ИщхьэмкIэ къыщыхьа хуэпщылIыныгъэм и лIэужьыгъуэхэр къэбгъэсэбэпурэ, Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъым и мыхьэнэр тхы.

**Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъым къикIыр:**

- **дэ лъэIукIэ зыми зыхуэдгъазэркъым, Алыхьым фIэкIа.**
- **дэ ..., Алыхьым фIэка.**
- **дэ ..., Алыхьым фIэка.**
- **дэ ..., Алыхьым фIэка.**

**Лэжьыгъэ 2.**

ЯпэкIэ зи гугъу дымыщIауэ хуэпщылIыныгъэм хыхьэ Iуэхугъуэ зыбжанэ щапхъэу къэхь.

**Лэжьыгъэ 3.**

Таблицэм псалъэ дэгъэхуахэр итхэж.

| ХуэпщылIыныгъэ | Тхьэзакъуэм и пщылIым илэжьыр | ТхьэнэпцIхэм я пщылIым илэжьыр |
|---|---|---|
| **лъэIу** | **Алыхь Закъуэм лъэIукIэ зыхуегъазэ** | **Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщIхэм лъэIукIэ зыхуегъазэ** |
| **дэIэпыкъуэгъукIэ лъэIу** | | |
| | | **Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщIхэми дэIэпыкъуэгъукIэ йолъэIу** |
| | **Алыхь Закъуэм фIыщIэ псори хуегъэфащэ** | |
| **тхьэрыIуэ** | | |

**Лэжьыгъэ 4.**

✔ - мы дамыгъэр гъэув цIыхум тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъыр щигъэпэжым деж, ✘ - мыр – цIыхум тхьэнэпцIхэр игъэлъапIэу, Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъыр щикъу-тэм деж.

- ☐ **ЦIыхум къурмэн къехь, абыкIэ Алыхь Закъуэм пэгъунэгъу зыхуищIын мурадкIэ.**
- ☐ **ЩIалэм дунейм ехыжа сэхьабхэм язэхэзым лъэIукIэ зыхуегъазэ, абы Жэнэтым иришэн папщIэ.**
- ☐ **ЦIыхубзым адакъэ фIегъэж, езымрэ и бынхэрэ жинхэм къригъэлын папщIэ.**
- ☐ **Сабийр Алыхьым йолъэIу, Ар и еджэныгъэмкIэ къыдэIэпыкъун папщIэ.**

## Лэжьыгъэ 5.

ИлъабжьэмкIэ къыщыхьа сурэтхэм еплъ. ✓ - мы дамыгъэр гъэув цIыхухэм тхьэгъэпцIагъэ къагъэлъагъуэу къыздэплъытэм деж.



### Лэжьыгъэ 6.

Сыт хуэдэ еплъыкIэ ухуиIэ мы Iуэхугъуэм?

**Зы цIыхубз гуэрым и быныр сымаджэ хъуати, абы и сабийр игъэхъужын папщIэ, лъэIукIэ зыхуигъэзащ дунейм ехыжа сэхьаб гуэрым.**

Ижь-ижьыж лъандэрэ бегъымбархэмрэ цIыхубэмрэ якум зэныкъуэкъуныгъэ къыщIыдэхъуэу щыта Тхьэзакъуэныгъэм и зы лIаужьыгъуэщ ар. Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщIым лъэIукIэ зыхуэбгъазэ зэрымыхъунум тегъэщIапIэ хуохъу Алыхьым и псалъэхэр:

**«Фи Тхьэм жиIащ: “ФыкъызэлъэIуи, фхуэсщIэнщ! Сэ къысхуэпщылIыну зэзымыпэсхэр я напэр текIауэ жыхьэнмэм кIуэнущ”»**[13]

Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм, абы иджыри Тхьэзакъуэныгъэр хуэпщылIыныгъэм хужаIэ, - аращ лIыкIуэ-хэр къыщIагъэкIуауэ щытари, Алыхьыр арэзы зыхуэхъунхэ, аращ Тхыгъэ лъапIэхэри къыщIытхурагъэхари. Алыхьым и лIыкIуэ къэс и цIыхубэр къыхуеджэныр арат къызэрыщIидзэр.

Нухь, Хьуд, Сэлихь, Шухьиб сымэ зэрыжаIам хуэдэу, Алыхьыр арэзы зыхуэхъунхэ: **«Уэ ди жылэ! ФыхуэпщылI Алыхьым! Абы нэмыщI нэгъуэщIытхьэ фиIэкъым!»**[14]

13. КъурIэн [40:60]
14. КъурIэн [7:59]

### Лэжьыгъэ 7.

ИлъабжьэмкIэ къыщыхьа аятхэм къеджи къыхэгъэщ бегъымбархэм я лъэпкъхэр къызыхураджэу щыта Тхьэзакъуэныгъэ лIэужьыгъуэр.

| Аятхэр | Бегъымбархэм къызыхураджэу щыта Тхьэзакъуэныгъэ лIэужьыгъуэр |
|---|---|
| «Дэ Нухь хуэдгъэкIуащ и жылэм: “Уи жылэр къэгъэуш, хьэзаб гуащIэр къатемыхуэ щIыкIэ”, - жытIэри. Нухь яжриIащ: “Уэ ди жылэ! Сэ Тхьэм ущиякIуэ наIуэу сыкъы-фхуигъэкIуащ: Алыхьым фы-щышынэ, сэри фыкъызэда-Iуэ!»[15] | |
| «Уэ ди жылэ! ФыхуэпщылI Алыхьым! Абы нэмыщI нэгъуэщIытхьэ фиIэкъым. Фэ Тхьэм фыфIэлIыкIыну фи гугъэкъэ?»[16] | |

15. КъурIэн [71:1-3]
16. КъурIэн [7:65]

| | |
|---|---|
| **«Мэдиенхэми я къуэш Шухьиб лIыкIуэ къахуэтщIащ. Абы яжриIащ: «Уэ си лъэпкъэгъухэ! ФыхуэпщылI Алыхьым! Абы нэмыщI нэгъуэщI Тхьэ фиIэ-къым. Пщалъэми шэчалъэми кIэрывмыч: сэ зэрыслъагъум-кIэ фыбейщ. Сэ согузавэ псори къызэщIэзыубыдэ Махуэм и хьэзабыр къыфтехуэнкIэ»[17].** | |

**Къызэрапщытэ упщIэхэр:**

1. Псалъэухахэм псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж.

- **Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм – ар ….**
- **ТхьэнэпцIхэм я пщылIхэм Тхьэзакъуэныгъэр халъхьэрт …, ауэ Тхьэзакъуэныгъэр … … … халъхьэр-тэкъым.**

2.Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъым и мыхьэнэр къыжыIэ.

3.ТхьэнэпцIхэм я пщылIхэм сыт хуэдэ щытыкIэ хуаIа Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъым?

4.Алыхь Закъуэм хуэгъэзауэ щытын хуей цIыхухэм я Iуэхугъуитху къебжэкI.

17. КъурIэн [11:84]

## Дерс е-8-нэ.

## Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм теухуа Iыхьэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр

### Лэжьыгъэ 1.

***ХъусейнкIэ зэджэ зы щIалэ гуэр тхьэ нэпцIхэм яхуэпщылIырт. Ар япэ дыдэу Бегъымбарым ﷺ щыхуэзам щыгъуэ, ар ﷺ къеупщIат: «Зы махуэм къриубыдэу дэпхуэдиз тхьэм уахуэпщылIрэ, уэ Хъусейн?» Абы Хъусейн жэуап иритащ: «Блым: абыхэм ящыщу хыр щIылъэм щыIэщ, зыр – уафэм». ИтIанэ Бегъымбарыр ﷺ абы еупщIащ: «А блым щыщу дэтхэнэра-тIэ уэ зызэхуэбгъазэр, гужьеигъуэ ищэхуэхэм деж, е фIыгъуэ гуэркIэ ущыгугъэм деж?» Абы жиIащ: «Сэ зыхузогъазэ уафэм щыIэм деж». ИтIанэ Бегъымбарым ﷺ абы жриIащ: «Уэ Хъусейн, уэ Ислъам диныр къэпщтауэ щытамэ, сэ ухуезгъэсэнт сэбэп къыпхуэзыхьыну псалъитIым».***

**УпщIэхэр:**

- «Уэ Ислъам диныр къэпщтауэ щытамэ…» - Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэм къагъэлъагъуэ Хъусейн … … … зэрыщытар.
- Хъусейн Тхьэзакъуэнығъэр … … … хилъагъуэрт.
- Хъусейн Алыхьыми, ЛъапIэм икIи Иным, хуэпщылIырт … … …
- ЦIыхур Алыхьыми, ЛъапIэм икIи Иным, хуэпщылIу икIи абы пашэгъу хуищIми хуэпщылIмэ, а цIыхур … … …

**Лэжьыгъэ 2.**

Алыхьым жиlащ: **«Дэ уяпэкlэ зы лlыкlуи нэдгъэкlуакъым, уэхьий ныхуедмыгъэхыу: “Сэр нэмыщl, нэгъуэщl тхьэ щыlэкъым, Сэ фыкъысхуэпщылl”, - жытlэу»**[18]**.**

Мы аят лъапlэм къегъэлъагъуэ, Алыхьым и лlыкlуэ псори Тхьэзакъуэныгъэм къыхуриджэну къызэригъэкlуар ...............

**Лэжьыгъэ 3.**

Псалъэуха къэс пытхэ Тхьэзакъуэныгъэм и сыт хуэдэ лlэужьыгъуэ абы къыщыгъэлъэгъуами.

Бегъымбарым ﷺ жиlащ:

●Уэ улъаlуэмэ, Алыхьым елъэlу. (....)

●Уэ дэlэпыкъуэгъу улъыхъуэмэ, ар къыщылъыхъуэ Алыхьым деж. (....)

●Зэгъащlэ, уэ къыбдэlэпыкъун папщlэ цlыху псори зэхуэсами, Алыхьым къыпхуигъэфэща дэlэпыкъуныгъэм фlэкlа, нэхъыбэ къыплъысынукъым. (....)

●Икlи зэгъащlэ, уэ зэран къыпхуэхъун мурадкlэ цlыху псори зэхуэсамэ, Алыхьым къыпхуигъэфэща зэраным нэхъыбэ абыхэм къуахыфынукъым. (....)

**Лэжьыгъэ 4.**

Псалъэуха зыбжанэкlэ тепсэлъыхь, сыт уэ ди дерсым къыщыпщlар Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъым теухуауэ.

18. Къурlэн [21:25]

## Дерс е-9-нэ.

## Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэмрэ Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэмрэ теухуа Iыхьэхэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр.

### *Лэжьыгъэ 1.*

Илъабжьэмкlэ къыщыхьа жыIэгъуэхэм Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм къыщыхэщыр зы плъыфэкIэ щIэтхъэ, Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм къыщыхэщыр нэгъуэщI плъыфэкIэ щIэтхъэ.

- лъэIу
- Алыхьым и Тхьэзакъуэныгъэр цIыхухэм я Iуэхухэм хэлъщ
- дэIэпыкъуэгъу папщIэ лъэIу
- Алыхьым и Тхьэзакъуэныгъэр Абы и Iуэхухэм хэлъщ
- Алыхьыр ЗэрыкъэгъэщIакIуэм арэзы техъуэн
- тхьэнэпцIхэм я пщылIхэм я фIэщхъугъэхэр
- абы папщIэ Алыхь Таалэм и лIыкIуэ псори къигъэкIуащ
- ар тхьэнэпцIхэм я пщылIхэм ямыдар аращ
- фIыгъуэ псори Алыхьым къызэрыбгъэдэкIым арэзы техъуэн

### Лэжьыгъэ 2.

ИпэкIа пщIыжа лэжьыгъэм къызэрыщыбгурыIуам хуэдэу Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэмрэ Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэмрэ зэгъэлъыт.

| Темэр | Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм | Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм |
|---|---|---|
| **Абы и мыхьэнэр** | | |
| **ТхьэнэпцIхэм я пщылIхэм абы хуаIа хущытыкIэр** | | |
| **Абы и щапхъэ** | | |
| **КъурIэным ит тегъэщIапIэ** | | |

### Лэжьыгъэ 3.

БлэкIа лэжьыгъэм къыхэпха щIэныгъэр къэгъэлъагъуэ жыгыу, таблицэу, е схемэу.

## Лэжьыгъэ 4.

✔ - мы дамыгъэр здэщытын хуейм деж гъэув.

| Аятхэр | Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм къыщегъэлъагъуэ | Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм къыщегъэлъагъуэ |
|---|---|---|
| **«ИтIанэ егъ-алIэри щIелъхьэж, щыхуейм дежи къигъэтэджыжынущ»[19].** | | |
| **«АдыхьымкIэ зыщыхъумэ, Абы псори зэхех, ещIэ!»[20].** | | |
| **«Сэ къысхуэгъанэ а зи закъуэу къэзгъэщIа цIыхур,а мылъкушхуэ зэстар»[21].** | | |

19. КъурIэн [80:21-22]
20. КъурIэн [7:200]
21. КъурIэн [74:11-12]

| | | |
|---|---|---|
| **«Мэжджытхэр Алыхьым щыхуэпщылӀ унэщи, Алыхьым зыри Ӏыхьэгъу хуэвмыщӀ»[22].** | | |
| **«ЯжеӀэ: "Сэ унафэ къысхуащӀащ гу къабзэкӀэ си Тхьэм сыхуэжыӀэщӀэну»[23].** | | |

## Лэжьыгъэ 5.

Таблицэм ит аятхэм Тхьэзакъуэныгъэм и лӀэужьыгъуитӀым щытопсэлъыхь. Къэгъэлъагъуэ дэтхэнэрами зи гугъу ящӀыр.

22. КъурӀэн [72:18]
23. КъурӀэн [39:11]

| Аятхэр | Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм къыщызыгъэлъагъуэхэр | Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм къыщызыгъэлъагъуэхэр |
|---|---|---|
| **«Уа, цӀыхухэ, фэри, фи япэкӀэ псэуахэри къэзыгъэщӀа Тхьэм фыхуэжыӀэдаӀуи фиузэщӀынщ. ЩӀыр псэупӀэ фхуищӀащ, уафэри къыщхьэщыту. Уэшх къерегъэшхри, фызэрыпсэуну шхыныгъуэхэр къегъэкӀ. Алыхьым зыри хуэвмыгъадэ, зэризакъуэр щыфщӀэкӀэ!»[24].** | | |

24. КъурӀэн [2:21-22]

| | | |
|---|---|---|
| **«Фэ фи Тхьэр уафэхэри щIыри махуихым къэзыгъэщIыу тепщэ хуэхъужа Алыхьыращ. Абы жэщымкIэ махуэр щIеуфэ, зэпымыууэ зыр адрейм кIэлъигъакIуэурэ. Дыгъэри, Мазэри, вагъуэхэри Езым и унафэм щIэтщ. Аращ: къэгъэщIынри унафэ щIынри зыбгъэдэлъыр Езыращ. Сытри къохъулIэ Алыхьу дунейхэм я Тхьэм! Фи Тхьэм фелъэIу Iэдэбу икIи щэхуу. Абы и щIасэкъым езыгъэлейхэр!»** [25] | | |
| **«Езым и телъыджэхэм ящыщщ махуэмрэ жэщымрэ, дыгъэмрэ мазэмрэ. Дыгъэмрэ мазэмрэ фахуэмыпщылIу, ахэр къэзыгъэщIп Алыхьм фи щхьэр хуэвгъэтIылъ, Езым феувэлIар пэжмэ!»** [26]**.** | | |

25. КъурIэн [7:54-55]
26. КъурIэн [41:37]

## Дерс е-10-нэ.

## Тхьэзакъуэнычгъэр цІэхэмрэ лъэкІынычгъэхэмрэ

ИлъабжьэмкІэ къыщыхьа аятхэм къеджи, тепсэлъыхь абыхэм.

Алыхь Таалэм жиІащ: **«А Зыращ псори зэхэзыхри, зыщІэри»[27].**

Апхуэдэуи Алыхь Таалэм жиІащ: **«абы я хъумэнри къехьэлъэкІкъым, Ар лъагэщ, инщ»[28].**

Иджыри Алыхь Таалэм жиІащ: **«Алыхьым зыхуейм (къытригъэзэжурэ) хуегъэбагъуэ (лъигъэс фІыгъуэр). Алыхьыр псори КъызэщІэзыубыдэщ, ЗыщІэщ»[29].**

Алыхьым жиІащ: **«Хьэуэ, ар Алыхьым Езым и деж дрихьеижащ: Алыхьыр Инщ, Іущщ!»[30]**

Апхуэдэуи Абы жиІащ: **«Езым хуэдэ зыри щыІэкъым, Ар псори Зэхэзыхщ, Зылъагъущ!»[31]**

Мы аятхэм егупсыси, Алыхьым и цІэхэр къыздыхэщым деж гулъытэ лей хуэщІ, ЛъапІэщ Ар икІи Инщ.

---

27. КъурІэн [2:137]
28. КъурІэн [2:255]
29. КъурІэн [2:261]
30. КъурІэн [4:158]
31. КъурІэн [42:11]




**Тхьэзакъуэныгъэм и ещанэ лIэужьыгъуэр – ар Тхьэзакъуэныгъэр цIэхэмрэ лъэкIыныгъэмрэ зэрыхэлъырщ.**

**Ар – КъурIэнымрэ Суннэмрэ къыщыкIуа Алыхьым и цIэ псори, Абы и лъэкIыныгъэхэри – Езым и цIэ къызэрыриIуахэм щыщу, е Бегъымбарым ﷺ Абы фIищахэм щыщу – шэч лъэпкъ хэмылъу икIи зыри хуамыгъадэу, ахэр псори пэжу зэрыщытым и фIэщхъуныгъэщ. Абы хуэдэн зыри щыIэкъым, Абы псори зэхех икIи елъагъу.**

Алыхь Таалэм абы теухуауэ жиIащ:

**«ЖыIэ: “Езы Алыхьыр закъуэщ. Алыхьыр мыкIуэдыжынщ. Ар лъхуакъым. Езыри зыми къалъхуакъым, езыри зихуэдэ щымыIэщ”»[32].**

Апхуэдэуи Алыхь Таалэм жиIащ:

**«Алыхьым цIэ дахэхэр иIэщи, абыхэмкIэ фелъэIу. ИкIи факъыбгъэдэкI Абы и цIэхэр зэзыхъуэкIыу диным икIхэм. Абыхэм ящIам пэкIуэр ялъысыжынущ!»**[33]

Иджыри Абы жиIащ:

**«Езым хуэдэ зыри щыIэкъым, Абы псори зэхех, елъагъу!»**[34]

1. Сэхьаб цIэрыIуэхэм КъурIэнымрэ Суннэмрэ шэч хэмылъу ит пэжыгъэхэр къазэрыгурыIуам тету

32. КъурIэн [112:1-4]
33. КъурIэн [7:180]
34. КъурIэн [42:11]

Алыхьым и цӀэхэмрэ и лъэкӀыныгъэхэмрэ Ӏэмал имыӀэу уи фӀэщ щӀын хуейщ.

2. Алыхьым и цӀэхэмрэ и лъэкӀыныгъэхэмрэ къыщахутэ КъурӀэн ЛъапӀэмрэ шэч зыхэмылъ Суннэмрэ, ахэр сэхьаб цӀэрыӀуэхэм къазэрыгурыӀуам тету. ИкӀи зыми хуитыныгъэ иӀэкъым езым нэгъуэщӀ цӀэ гуэр Алыхьым фӀищыну, е Абы и лъэкӀыныгъэхэм зыгуэр щӀигъуну, ЛъапӀэщ Ар икӀи Инщ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, Алыхьым цӀэуэ, е лъэкӀыныгъэу иӀэ хъунур Езым зыфӀищыжахэращ е Абы и Бегъымбарыр ﷺ зэреджэу щытахэращ.

3. Алыхьым и цӀэ псори дахэ дыдэщ икӀи ахэр куэд мэхъу: Ас-Сэмад, Ал-Бари, Ас-Самихь, Ал-Басыр, Ар-Рэхьман, Ар-Рэхьим. Апхуэдэуи, Абы лъэкӀыныгъэ куэд иӀэщ: гущӀэгъу, къару, Ӏущыгъэ, гъащӀэ, инагъ, щӀэныгъэ, къэгъэщӀыныгъэ.

4. Муслъымэным Алыхьым и лъэкӀыныгъэхэр мыдрей къэгъэщӀыгъэхэм я лъэкӀыныгъэхэм хуигъадэ хъунукъым. ИпэжыпӀэкӀэ-тӀэ, Алыхьыр псом нэхъ я щхьэщ. Алыхьым жиӀащ: **«Абы хуэдэ зыри щыӀэкъым, Абы зэхех, елъагъу».**

5. Иман зиӀэ муслъымэным Алыхьым зыхуигъэзэн хуейщ Абы и цӀэ дахэхэмкӀэ, псалъэм папщӀэ, мыпхуэдэу жиӀэурэ: «Уэ ГущӀэгъур зиӀэ, уэ Гъэгъуныгъэр зыхэлъ, къысхуэгъэгъу сэ си гуэныхьхэр!».

6.

## Лэжьыгъэ 1.

Аят къэс Алыхьым и цIэ хэтхэр къыхэтхыкI, ЛъапIэщ Ар икIи Инщ.

| Аятхэр | Алыхьым и цIэхэр |
|---|---|
| **«Езыращ Алыхьыр, Абы нэмыщIи тхьэ щыIэкъым. Нэрымылъагъури нэрылъагъури зыщIэр Аращ. Аращ гуащIэмрэ гущIэгъумрэ зиIэр»[35].** | |
| **«Езыращ Алыхьыр, Абы нэмыщIи тхьэ щыIэкъым. Ар Тепщэщ, ЛъапIэщ, Мамырщ, Щыпкъэщ, Плъырщ, Щэджащэщ, Лъэщщ, Лъагэщ. Алыхьыр зихуэдэ щымыIэщ, Iыхьэгъу хуащIхэм нэхърэ куэдкIэ Ар нэхъ лъагэщ»[36].** | |

35. КъурIэн [59:22]
36. КъурIэн [59:23]

| | |
|---|---|
| **«Езыращ Алыхьу КъэгъэщIакIуэр, УхуакIуэр, ГъэпсакIуэр. ЦIэуэ щыIэм я нэхъ дахэхэри зейри Аращ. Абы щытхъур хуагъэш уафэхэми щIыми щыIэм. Езыращ лъэщыр»[37].** | |

## Лэжьыгъэ 2.

Алыхь Таалэм и цIэхэмрэ и лъэкIыныгъэхэмрэ теухуауэ къэпщIахэм уи егъэджакIуэм игъусэу тепсэлъыхь.

1. Ас-Сэмихь (Зэхэзыхыр)
2. Ал-Басыр (Зылъагъур)
3. Ар-Рэхьман (ГущIэгъур зыхэлъыр)
4. Ас-сэмахь (зэхэхын)
5. Ал-бэсар (лъагъун)
6. Ар-рэхьмэ (гущIэгъу)

37. КъурIэн [59:24]

## Лэжьыгъэ 3.

«Ал-Фатихьэ» сурэм къеджи, абы къыхэщ Тхьэзакъуэныгъэ лІэужьыгъуэхэр къэгъэлъагъуэ, ахэр илъабжьэмкІэ къыщыхьа таблицэм итхэж.

**«ГуащІэмрэ гущІэгъумрэ зиІэ Алыхьым и цІэкІэ. Щытхъур зыхуэфащэр дунейхэр зыухуауэ гущІэгъур зиІэу Къемэт махуэм и тепщэращ. Уэращ дызыхуэпщылІыр, уэращ дэІэпыкъуэгъуу диІэри. Дытешэ гъуэгу захуэу уи нэфІ зыщыхуахэр зытетым. Пэжыжьэ дыщІ уи ней зыщыхуахэмрэ гъуэщахэмрэ я гъуэгум»[38].**

| Тхьэзакъуэныгъэм и лІэужьыгъуэхэр | Дэтхэнэра аятым зи гугъу ищІыр? |
| --- | --- |
| **Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм** | |
| **Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм** | |
| **Тхьэзакъуэныгъэр цІэхэмрэ лъэкІыныгъэхэмрэ** | |

38. КъурІэн [1:1-7]

## УпщIэхэр:

1. Дэнэ дэ къыщытщIэр Алыхьым и цIэхэмрэ абы и лъэкIыныгъэхэмрэ зыхуэдэр?
2. Алыхьым и цIэу щырэ и лъэкIыныгъэу щырэ къебжэкI.
3. ГъащIэм и лъэхъэнэн зэхуэмыдэхэм дэ Алыхьым и цIэ зыбжанэхэмрэ и лъэкIыныгъэ щхьэхуэхэмрэ захудогъазэ. Дэтхэнэ цIэр дэ къитIуэрэ уэшх къыщешхым деж?
4. Сыт уэ зэхэпщIэр Алыхьым и цIэхэу ал-Кэрим (жумарту), ал-Алим (ЗыщIэу) жыхуиIэхэр къыщыпщIэм деж?

## Дерс е-11-нэ.

## Тхьэзакъуэныгъэр цIэхэмрэ лъэкIыныгъэхэмрэ зэрыхэлъым теухуа Iыхьэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр

### Лэжьыгъэ 1.

*Сулимэн и ныбжьэгъу Мухьэммэдым жриIащ: "Дауэ уеплърэ, еджапIэм дыщIэкIыжмэ, тыкуэным дыщIыхьэнщи, тыкуэнтетым имыщIэу шэ къэтщтэнщ?" Мухьэммэд жиIащ: "Ар узыхыхьэ мыхъун Iуэхущ, икIи апхуэдэу пщIэ хъунукъым". Ауэ Сулимэн идакъым: "Дэ тыкуэнтетым дыкъилъэгъунукъым". Мухьэммэд жиIащ: "ИпэжыпIэкIэ, Алыхьу ЛъапIэу икIи Иным дыкъелъагъур, иджыпсту жытIэхэри зэхех". Сулимэн жиIащ: "Алыхьыр-тIэ Гъэгъуныгъэ зыхэлъщ икIи ГущIэгъущIщ". Мухьэммэд жиIащ: "Пэжщ, Алыхьым къахуегъэгъу гуэныхь зылэжьахэу иужькIэ щIегъуэжхэм. Ауэ «Алыхьым Гъэгъуныгъэ хэлъщ икIи ГущIэгъущIщ» - жыпIэу, гуэныхь къызэрыпхьынур пщIэуэ, зыри блэжь хъунукъым". Сулиман жиIащ: "ФIыгъуэр алыхьым къыпхуищIэ. ИпэжыпIэкIэ, уэ пэж къызжепIащ, икIи сэ уи сэбэп къызэкIащ. Мис аращ ныбжьэгъуфIым и лъэужьыр".*

**Мы диалогым къеджи, илъабжьэмкIэ къыщыхьа упщIэхэм жэуап ет.**

1. Алыхьым и цIэхэмрэ Абы и лъэкIыныгъэхэмрэ щыщу сыт хуэдэхэра мы диалогым хэтхэр?
2. Сыт хуэдэ сэбэпнагъ Мухьэммэд къылъысар Алыхьым и цIэхэмрэ и зэфIэкIхэмрэ зэрищIэм папщIэ?

3. Сыт хуэдэ щыуагъэ Сулимэн илэжьар?

**Лэжьыгъэ 2.**

«Шэч хэлъкъым» дамыгъэр Алыхьым и цӀэхэмрэ и лъэкӀыныгъэхэмрэ зыхэт аятхэм япэм пытхэ.

1. **«Ар тобэ къэзыхьыжахэм, Си бзаджэ зыгъэзэкӀуэжахэм, зызыумысыжахэм къатехуэкъым. Апхуэдэхэм я тобэр Сэ къызощтэ. Сэращ къэзыгъэзэжыр зыщтэр, гущӀэгъур!»**[39]

2. **«ЦӀыхур дуней къытехьэн ипэкӀэ, зэман Ӏэджи блэкӀакъэ?»**[40]

3. **«Зыгуэр дуней хьэхум и фӀыгъуэм щӀэхъуэпсмэ, [зэвгъащӀэ], дуней хьэхуми ахърэтми а фӀыгъуэр Алыхьым ӀэщӀэлъщ. Алыхьым [псори] зэхех, елъагъу»**[41]**.**

4. **«Мыдрейуэ къемыувэлӀауэ Си аятхэр пцӀыуэ зыбжахэр жыхьэнмэ дакъэжь хъунущ»**[42]**.**

**Лэжьыгъэ 3.**

✔ «пэжщ» дамыгъэр гъэув Алыхьым и цӀэхэмрэ и лъэкӀыныгъэхэмрэ зыхэт хьэдисхэм деж.

☐ 1. Бегъымбарым ﷺ жиӀащ: *«ИпэжыпӀэкӀэ фи Тхьэр – Хьэйун Кэрим» (УкӀытэ зыхэлъ, Жумарт).*

☐ **2.** Бегъымбарым ﷺ жиӀащ: *«ИпэжыпӀэкӀэ, Ӏуэхухэм мыхьэнэ зэрыратыр яӀа мурадымкӀэщ».*

39. КъурӀэн [2:160]
40. КъурӀэн [76:1]
41. КъурӀэн [4:134]
42. КъурӀэн [2:39]

☐ **3.** Бегъымбарым ﷺ жиӀащ: «*Зевгъэубгъу фякум дэлъ мамырыгъэм*».

☐ **4.** Бегъымбарым ﷺ жиӀащ: «*ИпэжыпӀэкӀэ, Алыхьыр хуэарэзыщ зи жьэм ерыскъы Ӏыхьэ щыӀурыхуэм деж Алыхьым фӀыщӀэ хуэзыщӀ цӀыхум.* Е ар псы ефэрэ, ахуэдэ дыдэу Алыхьым фӀыщӀэ хуищӀмэ».

## Лэжьыгъэ 4.

“Ал-Бурудж”(“Чэщанэхэр”) сурэм къеджи, абы къыхэгъэщ Алыхьым и цӀэу плӀырэ Абы и фӀыгъэхэмрэ.

## Лэжьыгъэ 5.

”Ал-Ӏихьляс” (“Пэжыр”) сурэм Тхьэзакъуэныгъэм и лӀэужьыгъуищри къыщыгъуэт.

## Дерс е-12-нэ.

### ЛIыкIуэхэр зищIысымрэ ахэр къыщIигъэкIуам хэлъ Iущыгъэмрэ

Алыхьым цIыхухэр къигъэщIащ, ахэр Абы хуэпщылIын папщIэ.

**УпщIэхэр:**

1. Дэпхуэдэ щIыкIэу цIыхур и Тхьэм зэрыхуэпщылIын хуейр?
2. И Тхьэм фIыуэ илъагъухэр дэпхуэдэу цIыхум къызэрищIэфынур, ари абыхэм тетын папщIэ?
3. И Тхьэм илъэгъу мыхъухэр дэпхуэдэу цIыхум къызэрищIэфынур, абыи а Iуэхугъуэхэм зыщихъумэн папщIэ?

А псом къыхэкI щхьэусыгъуэкIэ Алыхьым и лIыкIуэхэр цIыхухэм къахуигъэкIуащ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъунхэ.

Мы дерсым къриубыдэу дэ зэдгъэцIыхунущ Алыхьым и лIыкIхэр, икIи ахэр къыщIигъэкIуа щхьэусыгъуэхэри къэтщIэнущ.

## Лэжьыгъэ 1.

Уэ къэпцIыхуа лIыкIуэ зыбжанэм я цIэхэр къиIуэ.

___

___

ЛIыкIуэхэр – ахэр Алыхь Таалэм цIыхухэм яхуигъэкIуахэращ, Абы и хабзэхэр абыхэм я деж нагъэсын, пашэгъу хуамыщIыу Алыхь Закъуэм хуэпщылIыныр яжеIэн, нэгъуэщI гуэрхэм хуэпщылIыным зыщахъумэн папщIэ.

**ЛIыкIуэхэр къыщIигъэкIуам Iущыгъэ хэлъыр**

Алыхь Таалэм ахэр къигъэкIуащ пэжыгъэкIэ цIыхубэм пэщIигъэувэн папщIэ, абыхэм дин пэжыр цIыхухэм деж нагъэсын папщIэ, жыIэщIэхэр Жэнэтрэ фIыгъуэшхуэхэмкIэ ягъэгуфIэн папщIэ, пэжым текIхэр жыхьэнмэ мафIэмрэ хьэзаб бэлыхьымкIэ ягъэшынэн папщIэ. Алыхь Таалэм абы теухуауэ жиIащ:

**«(Дэ цIыхухэм яхуэдгъэкIуащ) лIыкIуэхэр, (жыIэдаIуэхэр жэнэткIэ) ягъэгуфIэну, (мыдаIуэхэр жыхьэнмэмкIэ) ягъэшынэну, лIыкIуэхэм яужькIэ (джаурхэм) Алыхьым пагъэувын щхьэусыгъуэ ямыгъуэтын щхьэкIэ. Алыхьыр лъэщщ, Iущщ»[43].**

Япэ лIыкIуэу щытар Нухьщ, иужьырейуэ – Мухьэммэдщ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэнхэ.

43. КъурIэн [4:165].

**Лэжьыгъэ 2.**

ИщхьэмкIэ къыщыхьа псалъэхэм къыщыхощ лIыкIуэхэм я къалэнищыр, къыжыIэ ахэр.

**Лэжьыгъэ 3.**

Мы аятым хэт бегъымбархэм я цIэхэр къыхэгъэщ.

**«Дэ бегъымбархэм псалъэ къеттащ – уэри, Нухьи, Ибрэхьими, Муси, Мэрям и къуэ ГIиси. Дэ абыхэм къеIытхар псалъэ быдэщ»[44].**

**Лэжьыгъэ 4.**

АдэкIэ къыщыхьа цIэхэм щыщу лIыкIуэхэм я цIэхэмрэ адрейхэмрэ зэхэгъэкI. Абу-Бакр, ДжэбрэIил, Юнус, ХьэIишэ, Марям, МикэIил, Мухьэммэд, Исмэил, Сулимэн.

**УпщIэхэр:**

1. Алыхьым лIыкIуэхэр къахуигъэкIуащ цIыхухэм, ахэр ягъэгуфIэн икIи ягъэшынэн папщIэ, лIыкIуэхэм яужькIэ Алыхьым пагъэувын щхьэусыгъуэ ямыгъуэтын папщIэ.

**«(Дэ цIыхухэм яхуэдгъэкIуащ) лIыкIуэхэр, (жыIэдаIуэхэр жэнэткIэ) ягъэгуфIэну, (мыдаIуэхэр жыхьэнмэмкIэ) ягъэшынэну, лIыкIуэхэм яужькIэ (джаурхэм) Алыхьым пагъэувын щхьэусыгъуэ ямыгъуэтын щхьэкIэ. Алыхьыр лъэщщ, Iущщ»[45].**

Мы аятым Алыхь Таалэм лIыкIуэхэр фIагъитIкIэ къигъэлъэгъуащ. КъыжыIэ ахэр.

44. КъурIэн [33:7].
45. КъурIэн [4:165].

2. Сытым къыхураджа цIыхухэр лIыкIуэхэм?

3. ✔ «пэжщ» дамыгъэр гъэув псалъэуха пэжым деж, ✘ «пцIыщ» дамыгъэр псалъэуха мыпэжхэм деж гъэув.

- ☐ **Япэ дыдэ лIыкIуэр – Iэдэмщ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун.**
- ☐ **Алыхьым, Мухьэммэд иужькIэ, афIэкIа лIыкIуэ къигъэкIуэнукъым.**

## Дерс е-13-нэ.

### *ЛIыкIуэхэм теухуа Iыхьэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр*

***Лэжьыгъэ 1.***

Япэ дыдэ лIыкIуэр – ар …

Иужьырей лIыкIуэр – ар …

***Лэжьыгъэ 2.***

Алыхьым и лIыкIуэхэм цIыхухэр къызыхуригъэджа Тхьэзакъуэныгъэр – ар Тхьэзакъуэныгъэр …

***Лэжьыгъэ 3.***

Алыхь Таалэм жиIащ: **«Аращ - Езыращ емыджахэм ящыщ лIыкIуэ къахуэзыгъэкIуар. (ЛIыкIуэр) Абы и КъурIэным къахуоджэ, еузэщI; ФIыщIагъэмрэ Iущыгъэмрэ хурегъаджэ – ахэр нэхъапэм гъуэщауэ щыта пэтми!»**[46]

Мы аятым Алыхь Таалэм ягугъу ещI лIыкIуэхэр къыщIигъэкIуам хэлъ Iущыгъэ зыбжанэм. КъыжыIэ ахэр.

1……

2……

3……

4……

***Лэжьыгъэ 4.***

Алыхь Таалэм И Тхылъым къыщыхегъэщ Абы и ЛIыкIуэм ﷺ хэлъа фIагъ зыбжанэ. «Тобэр» сурэм и 128-нэ аятым къеджи, Мухьэммэд бегъымбарым ﷺ и фIагъ зыбжанэ къыщыгъуэт.

46. КъурIэн [62:2]

1……

2……

3……

**Лэжьыгъэ 5.**

«Iэщхэр» сурэм и 83-86-нэ аятхэм къэгъэзэжи, абы щытепсэлъыхь бегъымбархэм я цIэхэр къыхэтхыкI.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | | 10 | |
| 2 | | 11 | |
| 3 | | 12 | |
| 4 | | 13 | |
| 5 | | 14 | |
| 6 | | 15 | |
| 7 | | 16 | |
| 8 | | 17 | |
| 9 | | 18 | |

ЯПЭ ИЛЪЭС НЫКЪУЭР

# 2. АЛ-ФИКЪХЬ

## Дерс е-1-нэ.

### Андез цIыкIум епха Iуэхугъуэхэр

**Андез цIыкIур пэж щыхъур, мы Iуэхугъуэхэр щыбгъэзащIэм дежщ:**

1. Уи гумкIэ нет пщIын хуейщ. Ар псалъэкIэ жыIэныр щIэуэ къагупсыса Iуэхущ. Абы тегъэщIапIэ хуохъу Бегъымбарым - и псалъэхэр: **«ИпэжыпIэкIэ, Iуэху зэрыпщIэнур – нет зэрыптамкIэщ»[47].**

2. Андез къызэрыпщтэ псыр къабзэу икIи къезэгъыу щытын хуейщ.



3. Псы кIуэцIырызымыгъэкI псори щIыфэм кIэрыгъэкIыпхъэщ. Псалъэм папщIэ, дзэлъэщI пIастэр, лэч, нэгъуэщIхэри.

<u>**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**</u>

1. Псалъэухам псалъэ дэгъэхуахэр дэгъэувэж.

47. Бухъэри (1)

- **Андез цIыкIум хиубыдэ Iуэхугъуэхэм я зэхэзщ нет щIыныр. ИкIи ар … ящI.**
- **Андез цIыкIур къызэращтэ псым теухуа Iэхугъуэр - ар … икIи … щытын хуейщ.**
- **Псыр щIыфэм лъэзымыгъэIэсхэм ящыщщ … , … .**

2. УсакIуэм жиIащ:

(( بُنَيَّ توضَّأ ))

بُنَيَّ تَوضَّأ بماءٍ طَهُور

فماءُ الوضوءِ لِوجهِك نور

/Бунейя тэуадда' бимаин тIэхьур,

фа мауль уудуи ли- уаджхьикэ нур/

*Псы къабзэращ, си къуэ цIыкIу, андезыр къызэрыпщтэнур, ИтIанэ андезыпсым уи нэкIур нуркIэ игъэунэхунущ.*

**Мы усэм къеджи, итIанэ упщIэхэм жэуа ет.**

1. Мы усэм андезым пылъ Iуэхугъуэхэм щыщ зы къыщыхощ. Дэтхэнэра ар?

2. Сыт хуэдэ лъэужь андезым цIыхум къытринэр?

3. Къыхэх псалъэ нэхъ къезэгъыр **(«ипэкIэ»,** е **«иужькIэ»)**

**ГъэзэщIапхъэхэр – ар нэмэзым … щIэн хуейхэращ.**

4. (✗) дамыгъэр, е (✓) дамыгъэр жыIэгъуэхэм япэ щыгъэув.

- ☐ **ДзэлъэщI пIастэм псыр, щIыфэм лъэIэсын папщIэ, кIуэцIригъэкIкъым.**
- ☐ **Шэху гъэтIэтIам псыр кIуэцIрегъэкI щIыфэм лъэIэсын папщIэ.**

5. МухьэммэдрэIэбдэллыхьрэ сурэтыщI урокым къэкIуащ. Сурэт ящIыху, абыхэм я Iэпхъуамбэхэр лэчымкIэ яуцIэпIыжащ. Ауэрэ шэджагъуэ нэмэзым и зэманыр къихьащ. Урокым къэкIуэн ипэ, Мухьэммэд андез къиштакIэт, ауэ Iэбдэллыхь андез къыщиштар иужькIэщ. Абы зыщитхьэщIым, лэчыр иджыри и Iэпэхэм кIэрылът. Сыт хуэдэ унафэ яIэ щIалэхэм я андезхэм, икIи сыт щхьэкIэ?

6. Жэуап пэжыр къыхэх ✓

**Андез къызэращтэ псыр щытын хуейщ:**

- ☐ **къабзэу**
- ☐ **узэпхырыплъ хъууэ**
- ☐ **мышууэ**

**Андез къызэращтэ хабзэхэм ящыщ зыщ:**

- ☐ **и зэманыр къихьэныр**
- ☐ **КъэблэмкIэ зыгъэзэныр**
- ☐ **нет щIыныр**

## Дерс е-2-нэ.

### Андез цIыкIум папщIэ
### Iэмал имыIэу щIэн хуей Iуэхугъуэхэр

**ИпэжыпIэкIэ, андез цIыкIум фIагъ куэд хэлъщ. Абы и фIыгъэкIэ Алыхьу Таалэм гуэныхьхэр егъэгъу, фIыщIэхэм хегъахъуэ. Аращи, дэ тщIэн, икIи длэжьын хуейщ андез цIыкIум ехьэлIа Iуэхугъуэ псори, ди Бегъымбарым ﷺ дызэригъэщIам хуэдэу.**

### Андез цIыкIум Iэмал зимыIэ хабзэу хы епхащ:

1. Напэр тхьэщIыныр, абы хохьэ жьэм псы жьэдэгъэжыхьынри, пэм игъэжыхьынри.
2. Iэхэр IэфракIэхэри дэкIуэу тхьэщIыныр.
3. Щхьэм телъэщIыхьыныр тхьэкIумэхэри дэкIуэу.
4. Лъакъуэхэр, лъэкIэнри хыхьэу, тхьэщIыныр.
5. А Iуэхугъуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэ чэзум тетыныр.
6. Ахэр псори тхьэщIыныр зэфIэмыкIауэ, зэпымыгъэуныр.

**✔ Мы Iуэхугъуэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми имыщIэу къэзыгъанэм и андезыр тэрэз хъукъым. Апхуэдэуи, андезыр къыщыпщтэкIэ Iэмал имыIэу бисмиЛляхь жыIэн хуейщ.**

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

1. Псалъэухам щыдэгъэхуа псалъэхэр дэтхэж.

**Андез цIыкIум фIагъышхуэ хэлъщ, абы и фIыгъэкIэ Алыхьу Таалэм … егъэгъу, … хегъахъуэ.**

**Андез Iуэхугъуэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми имыщIэу къэзыгъанэм и андезыр … .**

**Андезым ипэ къихуэу зы Iуэхугъуэ Iэмал имыIэу щIэн хуейщ. Сыт хуэдэ ар?**

2. Андез хабзэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуейм хуэдэу номерхэр тетхэж.

- ☐ **Щхьэм телъэщIыхьыныр**
- ☐ **Iэхэр тхьэщIыныр**
- ☐ **Напэр тхьэщIыныр**
- ☐ ***Лъакъуэхэр тхьэщIыныр***

3. Зейд краныр къыIуихри псыр къиутIыпщIащ. Абы андез цIыкIур иштэн щIидзащ. Абы и Iэхэр IэфракIэм нэс итхьэщIыну щынэсам, и андез щтэныр зэпигъэури, телефон къеуэр къытрихыну кIуащ, икIи зигъэгуващ. Ауэ краным къиж псыр увыIакъым. ИтIанэ абы къигъэзэжащ, андез щтэныр нигъэсын папщIэ.

**А. Зейд андез къызэращтэ хабзэхэм щыщ зы икъутащ. Дэтхэнэра ар?**

**Б. Псыр пщIэншэу зыгъэкIуэдхэм папщIэ чэнджэщ яхуэпщIыр тхы.**

**4**. Жэуап пэжхэр зыхуэгъэкIуэ.

| **А** | **Б** |
|---|---|
| ☐ **Андез цIыкIум епха хабзэхэр** | **а) Андезыр къызэрыщтэн хуей хабзэхэращ** |
| ☐ **Андез цIыкIум хуэгъэза IуэхугъуэхэрI** | **б) Андезым ипэ гъэзэщIэн хуейхэращ** |

**5**. Жэуап пэжым деж гъэув « ✔ » дамыгъэр.

Зейд андезыр къыщищтэм, и щхьэм телъэщIыхьыну къыщыгъупщэри, нэмэзыр ищIащ. Абы къыхэкIыу, абы и къалэнщ:

- ☐ **щIэрыщIэу андезыр къищтэжын**
- ☐ **щIэрыщIэу андезри къищтэн, нэмэзри ищIыжын**
- ☐ **щIэрыщIэу нэмэзыр ищIыжын.**

*** Сыт щыгъуи уи гум игъэлъ псым узэрыхуэсакъын хуейр, ар Iисраф пщIы зэрымыхъунур!**

## Дерс е-3-нэ.

## Ат-ТаймМум




1. **УигукIэ нет щIын.**
2. **БиссмиЛляхь (Алыхьым и цIэкIэ) жыIэн.**
3. **IэгукIэ сабэ зытелъ щIы щхьэфэм теуэн. (зэ)**
4. **А IэгухэмкIэ уи напэм телъэщIыхьын.**
5. **Уи Iэхэр лъэщIын.**

ПсыкIэ къащтэ андезыр тайммумымкIэ зэпхъуэкI щыхъуну щытыкIэхэр:

1. ЦIыхум псы щимыгъуэтым деж.
2. Псыр къэбгъэсэбэпмэ и зэран къокIынкIэ шынагъуэ щыщIэм деж.

Абы и тегъэщIапIэщ Алыхьым и псалъэхэр:

**«псыщывмыгъуэткIэ,щIыкъабзэкIэзывгъэкъэбзэж, абы фытеIэбэурэ фи нэкIури, фи Iэри флъэщI.**

**Алыхьыр хуейкъым гугъу фригъэхьыну»[48].**

**Сыт таййммумыр зыкъутэр?**

1. Андез цIыкIур зыкъутэ псоми таййммумри якъутэ.
2. Псы къэгъуэтыныр, цIыхур нэмэзым тесу щытми.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

1. Таййммумыр зэрагъэзащIэ Iуэхугъуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуей бжыгъэхэр тетхэ.

- **«бисмиЛляхь» жыIэн.**
- **Iэхэр лъэщIын.**
- **Напэм телъэщIыхьын.**
- **УигукIэ нет щIын.**
- **Сабэ зытелъ щIы щхьэфэм зэ теуэн.**

2. Псалъэухахэм дэгъэхуахэр дэтхэж.

- Таййммумыр къэбгъэсэбэп хъунущ псы … деж.
- Муслъымэным псыр къигъэсэбэпыну щытешыныхьым деж, ар хуитщ … игъэзащIэну.
- Таййммумыр екъутэ, андез мащIэри … … … псоми.

Псалъэхэр: зыкъутэ, таййммумыр, щыщымыIэм, телъэщIыхьын.

3. ЦIыхухъур Мэккэ икIыу Мединэ кIуэуэ гъуэгу здытетым, пщэдджыжь нэмэзым и зэманыр къихьащ. Абы андез къызэрищтэну псы игъуэтатэкъыми, нэмэзыр икIынкIэ шынащ. Сыт абы ищIэ хъунур?

48. КъурIэн [5:6]

4. Жэуап пэжыр къыхэх ✔

**А** Тайммумыр екъутэ …

- [ ] • **шхыным**
- [ ] • **псым**
- [ ] • **жейм**

**Б** Тайммумыр бгъэзащIэ хъунущ … … … деж.

- псы щыщымыIэм
- щыхуабэIейм
- уэшхышхуэ къыщешхым

**Дерс е-4-нэ.**

## Нэмэз щIыгъуэ зэманхэр




**НэмэзщIыгъуэзэманыркъимыхьауэ, нэмэзыр пщIы хъунукъым. Апхуэдэуи, нэмэз зэманыр и кIэм нэблагъэху нэмэз щIыгъуэр бгъэкIуатэ хъунукъым.**

Абы и тегъэщIапIэщ Алыхь Таалэм и псалъэхэр:

**«ИпэжыпIэкIэ, нэмэзыр и чэзум ящIыну муIминхэм я къалэнщ»[49].**

## ТХУЭНЕЙРЭ ЩIЫН ХУЕЙ НЭМЭЗХЭМ Я ЗЭМАНХЭР

| НЭМЭЗЫР | НЭМЭЗ ЩIЫГЪУЭ ЗЭМАНЫР |
|---|---|
| ФАДЖР (пщэдджыжьыр) | Пщэдджыжь пшэкIэплъым щыщIэдзауэ, дыгъэм къыкъуэкIын щIидзэху. |
| ЗУХР (шэджагъуэр) | Дыгъэр шэджагъуапIэм икIыу, ныбжьхэр зейм нэхърэ нэхъ кIыхь хъун щIидзэху. |
| IЭСР (ичындыр) | Зухр нэмэзым и зэманыр щикIам щыщIэдзауэ, дыгъэм къухьэн щIидзэху. |

49. КъурIэн [4:103]

| | |
|---|---|
| **МАГЪРИБ** (ахъшэмыр) | **Дыгъэр къухьэу, уафэнэзым плъыжьыгъэр хэтыху.** |
| **ИША** (жэсыр) | **Плъыжьыгъэр уафэнэзым щыхэкIыжым щыщIэдзауэ, жэщыку хъуху[50].** |

III




50. *Е пщэдджыжь нэмэзыр къихьэху

✔ **Апхуэдэуи, уэ нэмэзщIыгъуэ зэманхэр къыпхуэщIэнущ, нобэрей сыхьэтхэмрэ махуэгъэпсхэмрэ къэбгъэсэбэпурэ.**






**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. Нэмэз къэс щыщIын хуей и зэманым хуэгъэкIуэж.

| А | Б |
|---|---|
| ☐ **пщэдджыжь** | **1) Уафэ гъунапкъэм пшэплъыр щыкIуэдыжам щыщIэдзауэ, жэщыку хъуху** |
| ☐ **шэджагъуэ** | **5) Дыгъэр къуухьэу, уафэ гъунапкъэм пшэплъыр щыкIуэдыжыху** |

| | |
|---|---|
| ☐ ичынды | 4) Зухр нэмэзыр щикIым щыщIэдзауэ, дыгъэ къухьэгъуэр къэсыху |
| ☐ ахъшэм | 3) Пщэдджыжь пшэплъым щыщIэдзауэ, дыгъэ къыкъуэкIыгъуэ хъуху |
| ☐ жэсы | 2) Дыгъэр шэджагъуапIэм щикIым щыщIэдзауэ, хьэпшыпхэм я ныбжьыр езыхэм нэхърэ нэхъ кIыхь щыхъуам деж. |

**2.** Уэ уи ныбжьэгъухэм щыщ гуэрым и нэмэзыр зэманыр икIа нэужь зэрищIыр къэпщIащ. Сыт хуэдэу щытыну уэ уи ущииныгъэр?

3. ✔ дамыгъэр щыгъэув зухр нэмэзыр щыщIидзэмрэ щиухымрэ къыщыгъэлъэгъуа сурэтым деж.







**Дерс е-5-нэ.**

**Нэмэзым пыщIа Iуэхугъуэхэр**

**Нэмэзыр Ислъамым и етIуанэ щIэгъэкъуэнщ, икIи нэмэзым ипэ къихуэу гъэзэщIэн хуей Iуэхугъуэ зыбжанэ щыIэщ.**

| | |
|---|---|
| **ИСЛЪАМ** | **Алыхьым кэфирым и нэмэзыр Iихыркъым, абы Ислъам диныр къищтэху.** |
| **АКЪЫЛ** | **Нэмэзыр Iэмалыншагъэу щыткъым, зи акъылым икIахэм папщIэ, ахэр я акъылым къихьэжыху.** |
| **къыщыгурыIуэ ныбжьыр», «тамииз»** | **Сабийм нэмэзыр ищIыну къытохуэ, абы зыгуэр къыгурыIуэу хуежьа нэужь, ар – илъэсиблхэращ.** |
| **АНДЕЗЫР** | **Нэмэзыр къабыл хъунукъым андезыншэу.** |
| **АУРАТЫР ЩIЭХЪУМЭН** | **ЦIыхухъум и ауратыр: и бынжэм щыщIэдзауэ лъэгуажьэм нэс. ЦIыхубзым – зэрыщыту ауратщ, и нэкIумрэ, Iэ бэлагъхэмрэ нэмыщI, нэмэз щищIым деж.** |

| НЭЖАСЭР ГЪЭКЪЭБЗЭН | ФIеягъэхэр: Iэпкълъэпкъым, щыгъыным, нэмэз щIыпIэхэм. |
|---|---|
| И ЗЭМАНЫР | Нэмэз къэс и зэман иIэжщ, икIи ар пIахынукъым, и зэманыр къэмысауэ. |
| КЪЭБЛЭМКIЭ ЗЫГЪЭЗЭНЫР | Зи гугъу ищIыр Мэккэ щыIэ Мэжджытышхуэм дэт Чэбэ и лъэныкъуэрщ |
| НЕТ ЩIЫНЫР | Ар гукIэщ зэращIыр, псалъэкIэ жыIэныр - цIыхухэм щIэуэ халъхьа Iуэхугъуэщ. |

<u>**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**</u>

1. **Ахьмэд къилъэгъуащ и шыпхъу нэхъыжьым Iэлъэщ**I **темылъу нэмэз зэрищIыр.**

**А.** Мы псалъэухам щыуагъэ къыщыгъуэт.

---

**Б.** Сыт Ахьмэд и шыпхъум Iэмал имыIэу ищIэн хуейр икIи сыт щхьэкIэ?

---

2. **Таблицэм ит псалъэхэм антоним къахуэхь.**

| **Псалъэр** | **Абы и антонимыр** |
|---|---|
| **«ан-нэжасэ» - фIеягъэ** | |

| | |
|---|---|
| «ал-акъил» — губзыгъэ | |
| «ал-кэфир» — зи фIэщ мыхъу | |

3. **Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж.**

А. Кэфирым и нэмэзыр Iахыркъым, абы …

Б. Сабийм зыгуэр къыгурыIуэн щыщIидзэ ныбжьыр …

В. Нэмэзым утемыувэ щIыкIэ, фIеягъэхэр тегъэкIыпхъэщ … … …

Г. ЦIыхухъум и ауратыр: … нэс. ЦIыхубзым — зэрыщыту ауратщ, и … … нэмыщI.

4. **Жэуап пэжыр къыхэх** ✔

Сабийм зыгуэр къыгурыIуэн щыщIидзэр - …

- ☐ • Илъэсибгъуращ
- ☐ • Илъэсихыращ
- ☐ • Илъэсиблыращ

## Дерс е-6-нэ.

## Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэр

**Нэмэзыр зэтраIыгъэ щIэгъэкъуэн пщыкIуплIым. А щIэгъэкъуэн псори шыIэныгъэ хэлъу гъэзэщIэн хуейщ.**



1. **Iэмал зимыIэ нэмэз щIыгъуэм деж, щытын, апхуэдэ зэфIэкI зиIэхэм папщIэ.**
2. **Япэу такбирату-л-Iихьрам.**
3. **«ал-Фатихьэ» сурэм къеджэн.**
4. **Рукухь щхьэщэр.**
5. **Захуэу къэувыжын.**
6. **Iэпкълъэпкъиблыр къызэщIэзыубыдэ сэждэ щхьэщэр щIын.**
7. **КъэтIысыжын.**
8. **Сэждэ щхьэщитIым я зэхуакум щысын.**
9. **Иужьырей тэшэхьудым папщIэ щысын.**

**10. Иужьырей щысыгъуэм тэшэхьудым къеджэн.**

**11. Иужьырей щысыгъуэм Бегъымбарым ﷺ и щэлэуатым къеджэн.**

**12. Сэламыр хыжын.**

**13. ЩӀэгъэкъуэн псоми сабырагъ зыхэгъэлъын.**

**14. ЩӀэгъэкъуэн псори зэрызэкӀэлъыкӀуэм хуэдэу гъэзэщӀэн.**

**Нэмэзым и щӀэгъэкъуэнхэм щыщ зы нэхъ мыхъуми къэзыгъэна цӀыхум и нэмэзым и щытыкӀэ хъур:**

- **Нэмэзым и щӀэгъэкъуэнхэм щыщ зы нэхъ мыхъуми цӀыхум хуейуэ къигъэнамэ, абы и нэмэзыр къабыл хъунукъым.**
- **Нэмэзым и щӀэгъэкъуэнхэм щыщ зы нэхъ мыхъуми цӀыхум щыуагъэкӀэ къигъэнамэ, абы къегъэзэж здыщыуам дежи, адрей абы къыкӀэлъыкӀуэхэри ещӀыж, нэмэз нэужьми сэждэ щхьэщитӀ ещӀыж (е зы рэкаат епшыныж).**

<u>**Тепсэлъыхьыным папщӀэ упщӀэхэр:**</u>

1. ЩӀэгъэкъуэн дапщэ иӀэ нэмэзым?
2. Псалъэуха къэс я номерхэр тетхэ.

- ☐ **Иужьырей тэшэхьуд**
- ☐ **Такбирату-л-Ӏихьрам**
- ☐ **«Ал-Фатихьэ» сурэм къеджэн**
- ☐ **Захуэу къэувыжын**
- ☐ **Нэмэз щӀыгъуэм деж, щытын, апхуэдэ зэфӀэкӀ зиӀэхэм папщӀэ.**

Уэ гу лъыптащ уи ныбжьэгъум пIащIэу нэмэз зэрищIым, сыт уэ абы жепIэн хуейр?

**3.** Алыхьым жиIащ: **«Алыхьым и пащхьэм сабыру фит»**[51]**.** Мы аятым нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэм язэхэз къыхощ, жыIэ ар.

**4.** Iэбдулмэжид нэмэз ищIащ, ауэ етIуанэ рэкатым къыщыгъупщащ рукухь щхьэщэр ищIыну. Сыт абы ищIэн хуейр?

**5.** Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж.

**Нэмэзым епха Iуэхугъуэхэр нэмэзым … къокIуэ. Щэгъэкъуэнхэр нэмэзым … къокIуэ.**

**Псалъэхэр:** иужь, ипэ, и зэманым.

**6.** Жэуап пэжыр къыхэх ✓

**Нэмэзым и щIэгъэкъуэнщ …**

- ☐ **Зэманыр къихьэныр**
- ☐ **КъэблэмкIэ зыгъэзэныр**
- ☐ **«Фатихьэ» сурэм къеджэныр**

✓ **Сэ зэхызоцIыхукI нэмэзым епха Iуэхугъуэхэмрэ, и щIэгъэкъуэнхэмрэ.**

51. КъурIэн [2:238]

## Дерс е-7-нэ.

### Нэмэзым хиубыдэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэхэр

**Iэмал зимыIэу нэмэзым хиубыдэ Iуэхугъуэхэр йы мэхъу:**

1. Тэкбир псори, япэрейм нэмыщI.
2. «Субхьэнэ раббиял азым» псалъэхэр – рукухь щхьэщэм деж.
3. «СамиаЛлахьу лиман хьэмидэ» псалъэхэр – имамым папщIэ, е зи закъуэу нэмэзыр зыщIым папщIэ.
4. «Рэббанэ уэ лякэл хьэмд» - имамым папщIэ, имамым яужь итым папщIэ, е зи закъуэу нэмэзыр зыщIым папщIэ.
5. «Субхьэнэ раббиял аля» - сэждэ щхьэщэм деж.
6. «Раббигъфирли» - сэждэ щхьэщитIым я зэхуакум деж.
7. Япэрей тэшэхьудым папщIэ щысын.
8. Япэ щысыгъуэм деж тэшэхьудым къеджэн.

**IэмалзимыIэ Iуэхугъуэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми къэзыгъэнам и нэмэзым теухуа унафэр:**

**А.** Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми хуейуэ къэзыгъэна цIыхум и нэмэзыр къабыл хъунукъым.

**Б.** Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми щыгъупщэу, щыуэу, е зэримыщIэм къыхэкIыу къэзыгъэна цIыхум и нэмэз нэужьым сэждэ щхьэщитI ищIыжын хуейщ.

**Тепсэлъыхьыным папщІэ упщІэхэр:**

1. Нэмэзым Іэмал зимыІэ и Іуэхугъуэхэр жыІэ (ваджибат).
2. Псалъэхэр пэжу къыхэпхыурэ, дэгъэхуахэм дэгъэувэж.

- **«Фатихьэ» къеджэныр - …**
- **«Субхьэнэ раббиял азым» псалъэхэр - …**
- **Япэрей тэшэхьудыр - …**
- **Иужьырей тэшэхьудыр - …**

**Псалъэхэр**: щІэгъэкъуэнщ, Іэмал зимыІэ Іуэхугъуэщ (ваджибат).

3. Жэуап пэжым ✔ дамыгъэр тегъэувэ.

**А. Сэ рукухь щхьэщэм деж жызоІэ:**

☐ «ля иляхьа илляЛлахь»

☐ «субхьэнэ раббиял а’ля».

☐ «субхьэнэ Раббиял ‘азим».

**Б. Сэждэ щхьэщитІым я зэхуакум сыщыщысым деж, сэ жызоІэ:**

☐ «раббигъфирли»

☐ «сами’аЛлахьу лиман хьэмидахь»

☐ «раббана уэ лякаь хьэмд»

**В. «Раббана уэ лякэл хьэмд» псалъэхэр …**

- ☐ имамым папщIэ, имамым яужь итым папщIэ, е зи закъуэу нэмэзыр зыщIым папщIэ.
- ☐ имамым папщIэ, е зи закъуэу нэмэзыр зыщIым папщIэ.
- ☐ имамым папщIэ.

3. Япэ тэшэхьудым къеджэныр хуейуэ дэзыгъэхуам и нэмэзым папщIэ сыт хуэдэ и унафэр?
4. Умар и нэмэзыр ищIри, къыщыгъупщащ сэждэ щхьэщитIым я зэхуакум «рабигъфирли» жиIэну. Сыт хуэдэ унафэ иIэр абы и нэмэзым?

✔ **Сэ зэхызоцIыхукI нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэмрэ абы Iэмал зимыIэ и Iуэхугъуэхэмрэ (ваджибат).**

ЕТIУАНЭ ИЛЪЭС НЫКЪУЭ

# 1.АТ-ТЭУХЬИД ЕЩАНЭ IЫХЬЭ. ФIЭЩХЪУНЫГЪЭМРЭ ФIЭЩМЫХЪУНЫГЪЭМРЭ Я МЫХЬЭНЭХЭР

## Дерс е-1-нэ.

## Алыхьым псом нэхъапэ дыдэу цIыхухэм къалэн ящищар

***ЗэгъащIэ, Алыхьым и гущIэгъур зылъысын, Алыхьым псом нэхъапэ дыдэу цIыхухэм къалэн ящищIар – ар Алыхьыр уи фIэщ щIыныр, тхьэнэпцIхэр (тIагъуут) уи фIэщ мыхъуныр.***

*Абы и тегъэщIапIэщ мы аятыр:*

***«Дэ дэтхэнэ лъэпкъми лIыкIуэ хуэдгъэкIуащ: "Алыхьым фыхуэпщылI, тIагъуутми зыщыфхъумэ"»52.***

*Сыт къикIыр тIагъуутыр уи фIэщ мыхъуным?*

***Алыхьым нэмыщI нэгъуэщI гуэрым ухуэпщылI зэрымыхъунур цIыхум и фIэщ хъуныр, абы пэIэщIэ зыхуэщIыныр, лъагъумыхъуныгъэ къыхуэгъэлъэгъуэныр.***

52. КъурIэн [16:36]

## Лэжьыгъэ 1.

ИщхьэмкIэ къыщыхьа псалъэхэмкIэ гурыIуэгъуэ мэхъу, тIагъуутыр уи фIэщ мыхъуныр пкъыгъуищу зэрызэхэлъыр, къыжыIэ ахэр.

1……

2……

3……

## Лэжьыгъэ 2.

Алыхьым жиIащ: **«Дэ дэтхэнэ лъэпкъми лIыкIуэ хуэдгъэкIуащ: "Алыхьым фыхуэпщылI, тIагъуутми зыщыфхъумэ"»**

Мы аят лъапIэм къыщыгъэлъэгъуащ Алыхь Таалэм и лIыкIуэхэр къызэригъэкIуар ___________ цIыхухэр къыхураджэну, абыхэм ____________ я фIэщ мыхъун папщIэ.

## Лэжьыгъэ 3.

Алыхь Таалэм жиIащ: **«Дэ дэтхэнэ лъэпкъми лIыкIуэ хуэдгъэкIуащ: "Алыхьым фыхуэпщылI, тIагъуутми зыщыфхъумэ"»**

Апхуэдэуи, Алыхьым жиIащ: **«Диным хэгъэзыхь хэлъ хъунукъым, гъуэгу захуэр гъуэщэныгъэм къыхэнэIукIащ. ТIагъуутхэр имыдэу Алыхьыр зи фIэщ хъуам къутэж зимыIэ тегъэщIапIэ быдэ игъуэтащ. Алыхьым псори зэхех, ещIэ»**[53]**.**

53. КъурIэн [2:256].

Мы аят лъапIитIым къыщыхощ Алыхьыр Iэмал имыIэу уи фIэщ зэрыхъун хуеймрэ, тIагъуутыр уи фIэщ пщIы зэрымыхъунумрэ. Мы аятитIым къыщыгъуэт апхуэдэ мыхьэнэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр.

| Япэ аятым | ЕтIуанэ аятым |
|---|---|
| | |
| | |

## Лэжьыгъэ 4.

Илъабжьэмкlэ къыщыхьа псалъэхэр зэрызэкlэлъыкlуэн хуейм хуэдэу зэхэгъэувэж, жыlэгъуэ пэж къикlын папщlэ.

Псалъэхэр: 1) псом, уи, къалэн, щIынырщ, мыхъунырщ, Алыхьыр, нэхъапэ, тIагъуутыр, Алыхьым, уи, дыдэу, ар, цIыхухэм, фIэщ, ящищIар, фIэщ. 2) хуейр, пщIы, фIэщ, Алыхьыращ, тIагъуутхэр, уи, хъун, хъунукъым, уи, фIэщ.

## УпщIэхэр:

1. Сыт псом нэхъапэ дыдэу Алыхьым цIыхухэм къалэн ящищIар?

2. ТIагъуутыр уи фIэщ зэрымыхъур дэпхуэдэу къызэрыгъэлъэгъуэн хуейр?

3. Алыхь Таалэм И лIыкIуэхэм сыт цIыхухэм яхуригъэхьар?

## Дерс е-2-нэ.

## ФIэщхъуныгъэм хэлъ пэжыгъэр

Псом япэу дэ ди къалэныр – Алыхьыр ди фIэщ тщIынырщ, ЛъапIэщ Ар икIи Инщ.

Дэ Алыхьым фIэщхъуныгъэ пэж дыхуиIэн папщIэ, дэ къыдгурыIуэн хуейщ фIэщхъуныгъэр зищIысым и мыхьэнэр, итIанэ абы къытхуигъэувхэм дытетын хуейщ.




Дэ дощIэ иманыр – япэ дыдэ къалэнщ.

1. Дэ дощIэ «иман» псалъэм и мыхьэнэр.
2. Дэ дытетщ абы къытхуигъэувхэм.

Алыхьыр уи фIэщ хъуным и мыхьэнэр – ар цIыхум шэч къыщытримыхьэм дежщ Алыхьыр зэрытхьэ Закъуэм, хуэпщылIыныгъэм и лIэужьыгъуэ псори Алыхь Закъуэм хуигъазэурэ, Абы фIэкI, нэгъуэщIым зыми хуэпщылIын зэрыхуэмейм; ар цIыхум, Алыхьым и хьэтыркIэ, фIыуэ щилъагъум дежщ, Абы и хьэтыркIи, илъагъу щымыхъум дежщ, - аращ Ибрахьим и диныр, сэламыр зылъысын. ИкIи абы пэIэщIэ зыхуэзыщIар езым и щхьэм епцIыжащ.

Аращ Алыхьым И псалъэхэм къыщыхигъэща щапхъэ хъужыр: **«Ибрэхьимрэ абы и гъусэхэмрэ фи дежкIэ щапхъэфIщ. Абыхэм я жылэм жраIащ:**

**“Дэ, Алыхьыр къэвгъэнауэ, фызыхуэпщылIхэми, фэри ди Iуэху фхэлъкъым. Фэ дзыхь фхуэтщIыркъым. Фэрэ дэрэ дякум жагъуагъэрэ биигъэрэ къыдыхьащи, Алыхь Закъуэр фи фIэщ хъухукIэ дэлъынущ…”»[54].**

## *Лэжьыгъэ 1.*

ИщхьэкIэ къыщыхьам ипкъ иткIэ наIуэ мэхъу Алыхьым фIэщхъуныгъэ ухуиIэным пкъыгъуитху зэрыхэлъыр. КъебжэкI ахэр.

1…

2…

3…

4…

5…

## *Лэжьыгъэ 2.*

Къыщыгъуэт КъурIэным мы аятхэри, дэгъэхуахэр дэтхэж:

**« … зыфIэмыфIынкIэ хъунур зи щхьэ зыгъэутхъуэжхэращ. Дэ ар дунеягъэкIи дгъэлъэпIащ, ахърэткIи ехъулIахэм яхэдгъэхьащ»[55].**

**«ЖаIэ: “Ехьуд е чристан фыхъууи узэщIа фыхъунущ”; “Хьэуэ, … и диныращ щыпкъэр: ар Тхьэм Iыхьэгъу хуэзыщIахэм ящыщу щытакъым”»[56].**

54. КъурIэн [60:4].
55. КъурIэн [2:130].
56. КъурIэн [2:135].

**«ЖыIэ: "Алыхьым жеIэр пэжыр! ...и дин къабзэм фытет – ар Алыхьым Iыхьэгъу хуэзыщIахэм ящыщакъым"»**[57].

**«динымкIи флъэмыкIын къыфтрилъхьатэкъым: ар ... и динращ. А зыращ нэхъапэми муслъымэн къыффIэзыщар»**[58].

## Лэжьыгъэ 3.

Ибрэхьим, сэламыр зылъысын, бегъымбархэм я адэжьу щытащ. Алыхьым ар абы и жылэм яхуигъэкIуащ, ахэр Алыхь Закъуэм хуэпщылIыным къыхуригъэджэн папщIэ. Ахэр тхьэнэпцIхэми яхуэпщылIырт, Алыхьым нэмыщI.

Ибрэхьим ахэр къыхуриджащ Алыхь закъуэм хуэпщылIыну. Ауэ ахэр ерыщт икIи пагэти, я тхьэнэпцIхэм хуэпщылIын щагъэтакъым. Махуэшхуэ гуэр ягъэлъэпIэну ахэр щыдэкIахэм щыгъуэ, Ибрэхьим абыхэм я тхьэнапэхэр зэтрикъутауэ щытащ. ИкIи цIыхухэм абы теухуауэ къащIа нэужь, абыхэм мафIэшхуэ ящIри, Ибрэхьим абы хадзащ.

ФщIэуэ пIэрэ фэ абы щыгъуэ Ибрэхьим къыщыщIар?

ИпэжыпIэкIэ, мафIэм исакъым ар. Алыхьым-тIэ ЛъапIэщ Ар икIи Инщ, мафIэр абы дежкIэ щIыIэ-тыIэу икIи шынагъуэншэу ищIащ.

Ибрэхьим, сэламыр зылъысын, и хъыбарым щIэгупсыси, къыхэгъэщ абы кърикIуэ Iуэхугъуэ сэбэпу щы.

57. КъурIэн [3:95].
58. КъурIэн [22:78].

1…

2…

3…

**УпщIэхэр:**

1. Ибрэхьим и диныр къэзыгъэнам сыт илэжьар?

2. Илъабжьэмкlэ зи гугъу ящI цIыхухэм щыщу, дэтхэнэра фIэщхъуныгъэ пэж зыхэлъыр?

- ЦIыхум нэмэз ещI, ауэ тхьэшынагъэ зыбгъэдэлъхэр илъагъу хъукъым.
- ЦIыхум жеIэ, Алыхьым нэмыщI нэгъуэщI зыри тхьэ зэрыщымыIэр, ауэ абы фIэщхъуныгъэ зыхэмылъхэр фIыуэ елъагъу.
- ЦIыхур Алыхь Закъуэм хуопщылI, фIэщхъуныгъэ зыхэлъхэр фIыуэ елъагъу. ИкIи фIэщхъуныгъэ зыхэмылъхэр илъагъу хъукъым.

## Дерс е-3-нэ.

## «ФIэщхъуныгъэмрэ фIэщмыхъуныгъэмрэ я мыхьэнэхэр» темэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр

### *Лэжьыгъэ 1.*

ЯпэкIэ уэ зэбгъэщIащ «Алыхьыр уи фIэщ хъун» жыхуиIэм и мыхьэнэр. Сыт хуэдэ сэбэпынагъ уэ къыхэпхынур ди псалъэхэм, дэ А Закъуэм фIэкIа, Абы нэмыщI зыри ди фIэщ зэрымыхъум?

### *Лэжьыгъэ 2.*

Дэ Алыхьым и лIыкIуэ Ибрэхьим махуэм и кIуэцIкIэ зыбжанэрэ дигу къыдогъэкI. Апхуэдэуи, ар дигу къыдогъэкIыж Къурмэн махуэшхуэхэм дежи. Иджыри, абы и цIэр къыдоIуэ, Мэккэ хьэжыщIакIуэ дыщыкIуэм деж.

Апхуэдэу щхьэ щыт?

Дэ ар махуэм и кIуэцIкIэ зыбжанэрэ дигу къыщIэкIыр .........

Дэ ар Къурмэн махуэм дигу къыщIэкIыр … … …

Дэ Мэккэ дыщыкIуэкIэ ар дигу къыщIэкIыр … … …

### *Лэжьыгъэ 3.*

ИлъабжьэмкIэ къыщыхьа псалъэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуейм хуэдэу зэхэгъэувэж, жыIэгъуэ пэж къикIын щхьэкIэ.

**Псалъэхэр:**

1) Къалэныр, ар, мыхъунырщ, фIэщхъуныгъэ, дэ ди, япэ, тIагъуутхэр, Алыхьым, ди фIэщ, дыхуиIэнырщ.

---

2) И диным, къытхуигъэлъэгъуащ, дэ, дытетыну, Ибрэхьим, Алыхьым, сэламыр зылъысын.

---

3) ТекIахэр, акъылыншэхэщ, Ибрэхьим, и диным, сэламыр зылъысын.

---

4) И хьэтыркIэщ, Алыхьыр, лъагъуныгъэри, Алыхьым, уи фIэщ хъуныр, лъагъумыхъуныгъэри, ар.

ЕПЛІАНЭ ІЫХЬЭ

- **«ТІАГЪУУТ» ПСАЛЪЭМ И МЫХЬЭНЭР**
- **ТІАГЪУУТЫМ И ЛІЭУЖЬЫГЪУЭХЭР**
- **ТЕГЪЭЩІАПІЭ БЫДЭ**

## Дерс е-4-нэ.

### ШэйтIаныр – ар тIагъуут нэхъыщхьэщ

Дерс блэкIахэм дэ щыдджащ, Алыхьым ухуиIэ фIэщхъуныгъэр пэж зэрымыхъунур, тIагъуутыр уи фIэщ зэрымыхъур хэмылъмэ. ИкIи дэ тIагъуутым дыхуиIэ фIэщмыхъуныгъэр пэжу къэдгъэлъэгъуэфын папщIэ, дэ Iэмал имыIэу «тIагъуут» палъэм и мыхьэнэр тщIэн хуейщ.

**ТIагъуутыр – ар, Алыхьым нэмыщI, щхьэщэ зыхуащI,яфIэщящIпсорикъызэщIэзыубыдэпсалъэщ, икIи ахэр арэзыщ апхуэдэ пщылIыныгъэмкIэ – ар зыхуэпщылIырауэ ирехъу, зи лъэужь яхурауэ ирехъу, зыхуэжыIэщIэрауэ ирехъу, Алыхьымрэ Абы и ЛIыкIуэмрэ я псалъэм пэщIэувэхэу.**

Апхуэдэ тIагъуутхэри куэдыкIейщ.

> **ТIагъуутым и япэ лIэужьыгъуэр** – ар, Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщI пщылIыныгъэхэм къыхуезыджэ шейтIаныращ.
>
> **Абы и тегъэщIапIэщ мы аятыр:**
>
> **«Уэ Iэдэм и щIэблэхэ, быдэу ныважесIатэкъэ, шейтIаным фыхуэмыпщылIыну? Ар нахуэу фи бийщи. Сэращ фызыхуэпщылIынур. Аращ гъуэгу захуэр»[59].**

59. КъурIэн [36:60-61].

## Iэдэмрэ шейтIанымрэ я хъыбарыр

*Алыхьым, ЛъапIэм икIи Иным, ди адэжь Iэдэм къигъэщIа нэужь, сэламыр зылъысын, Абы мэлыIычхэм унафэ яхуищIащ абы щхьэщэ хуащIыну. МэлыIычхэр Алыхьым жиIэм едаIуэри, псоми сэдждэ ящIащ, Иблис нэмыщI. Абы Iэдэм нэхърэ нэхъыфIыу зыкъыщыхъужри, пагагъэ къигъэлъэгуащ. Алыхьым ар-тIэ мафIэм къыхищIыкIауэ щытащ, Iэдэмыр къызыхищIыкIар ятIагъуэт. Абы къыхэкIыу, Алыхьым и унафэм едаIуэу сэдждэ ищIыну идакъым. Абы къыхэкIыу, Алыхьым ар Жэнэтым кърихуащ. ИтIанэ Иблис и Тхьэм елъэIуащ Къемэт Махуэ пщIондэ пIалъэ къритыну. Алыхьым абы а пIалъэр иритащ. ШейтIаным тхьэ иIуащ, абы и къару псори зэрихилъхьэнум цIыхухэр игъэгъуэщэн, Алыхьым и диным тришын папщIэ, ахэр езым и гъусэу Жыхьэнмэм игъэкIуэн папщIэ.*

*Алыхь Таалэм ди адэжь Iэдэмымрэ абы и щхьэгъусэмрэ Жэнэтым иришащ, икIи шейтIаным и бзаджагъэхэм щихъумащ. Алыхьым абыхэм яжриIащ ар бий нахуэу зэрыщытыр.*

*Алыхь Таалэм Iэдэмымрэ абы и щхьэгъусэмрэ хуит ищIащ Жэнэтым къыщыкI псом щыщи яшхыну, зы жыг закъуэм къинэмыщI. Ауэ шейтIаныр къакIуэри, ахэр къигъэIущащ а жыгым къыпыкIэм щыщ зыIурагъэхуэну. Iэдэмрэ и щхьэгъусэмрэ апхуэдэу ящIащ.*

*ИтIанэ Алыхьым ахэр Жэнэтым кърихужахэщ. Iэдэмрэ и щхьэгъусэмрэ зэрыщIегъуэжамкIэ Алыхьым я тобэр къыхуахьыжащ. Алыхьым къахуигъэгъуащ абыхэм.*

*Апхуэдэу, шейтIаным щIигъэхуэбжьэн щIидзащ Iэдэм и бынхэр къыхуриджэным. Абыхэм Алыхьым хуэпщылIыныгъэр къагъэнэн папщIэ.*

## Лэжьыгъэ

ИпэкІэ къыщыхьа хъыбарым сэбэпнагъищ къыхэгъэкІ.

1…

2…

3…

## УпщІэхэр:

1. Псалъэухам дэгъэхуахэр дэтхэж.

Алыхьым нэмыщІ, нэгъуэщІ … … тІагъуут елэжь.

2. Сыт шейтІаным цІыхухэр къызыхуриджэр?

3. Алыхьым ипсалъэхэм: **«УэІэдэмищІэблэхэ, быдэу нывжесІатэкъэ, шейтІаным фыхуэмыпщылІыну? Ар нахуэу фи бийщи. Сэращ фызыхуэпщылІынур. Аращ гъуэгу захуэр»[60].**

Мы аятым Алыхь Таалэм унафэ гуэр къытхуещІ, зыгуэрми дыщехъумэ. Сыт ахэр?

60. КъурІэн [36:60-61].

## Дерс е-5-нэ.

## «ШейтIаныр – ар тIагъуут нэхъыщхьэщ» дерсым дэщIыгъуа лэжьыгъэхэрар

### *Лэжьыгъэ 1.*

Алыхьу ЛъапIэм икIи иным дэ дыхуиущияц шейтIаным дыкъигъэпцIэну яужь щитым деж щIэн хуейм.

Алыхь Таалэ жиIащ:

**«ШейтIаным зыгуэр уигу къригъэхьауэ гуитIщхьитI уищIмэ, ……... Аращ псори зыхэзыхыу, псоми щыгъуазэр»[61].**

Мы аятыр КъурIэным къыщыгъуэти, дэгъэхуа псалъэхэр хэтхэж.

### *Лэжьыгъэ 2.*

ШейтIан – аращ цIыхухэм ягумкIэ къэзыгъэIущыр, Алыхьым нэмыщI нэгъуэщI гуэрхэми хуэпщылIыну къыхуезыджэр, аращи, Алыхьым дэ унафэ къытхуищIащ Абы и дэIэпыкъуныгъэ псоми гукIэ тщIэ сурэм къыщытлъыхъуэну. Сыт хуэдэ сурэ ар? ИкIи сурэм и дэтхэнэ аятыра ар къыщигъэлъагъуэр?

### *Лэжьыгъэ 3.*

Мы псалъэ гупхэм псалъэухаитI къыхэщIыкI.

1. Нэхъыщхьэщ, ар, тIагъуут, шейтIаныр.
2. Ипэ къихуэу, зыхузогъазэ, КъурIэным, шейтIаным, сэ, Алыхьым, сыщихъумэн папщIэ, седжэным.

---

61. КъурIэн [41:36]

**Лэжьыгъэ 4.**

Дэ къызэрытщIамкIэ, тIагъуутыр ар, Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщI гуэрхэми щыхуэпщылIыращ, икIи а пщылIыныгъэмкIэ арэзы зэрыхъурщ. ИлъабжьэмкIэ къыщыхьахэм къыхэгъэщ Алыхьым нэмыщI пщылIыныгъэ зыхуагъэфащэхэр икIи тIагъууткIэ узэджэ хъунухэр: мэлыIычхэр, ФергIэун, ГIисэ, шейтIан.

## Дерс е-6-нэ.

### Алыхьым къригъэхар зи мылъабжьэ хеящIэ

Дерс блэкIахэм дэ къыщытщIащ шейтIаныр тIагъуут нэхъыщхьэу зэрыщытыр, икIи абы цIыхухэр Алыхьым и диным тришыну зэрыхущIэкъур. Апхуэдэуи, гурыIуэгъуэщ, шейтIаным и лъэужьыр зыху цIыхухэри зэрыщыIэр, абыхэми цIыхухэр Алыхь Таалэм хуэпщылIыным пэIэщIэ зэрыхуащIыр. Абы къыхэкIыу, Алыхьым ахэр псори тIагъуутхэм хибжащ.

Мы дерсымрэ къыкIэлъыкIуэнухэмрэ дэ дыхущIэкъунщ тIагъуутым и лIэужьыгъуэ зыбжанэхэр зэпкъырытхыну.

**ТIагъуутым и етIуанэ лIэужьыгъуэр** – ар Алыхьым и унафэхэр зэзыхъуэкI унафэщIхэращ.

**Абы тегъэщIапIэ хуохъу Алыхьым и псалъэхэр:**

**«Уэ плъэгъуакъэ (Мухьэммэд) уэ къыпхуехахэри, уи япэкIэ къехахэри я фIэщ хъуауэ жызыIахэр хей ирагъэщIэну тIагъуутым деж зэрыкIуар, ар я фIэщ мыхъуну къыхураджа пэтрэ? ШейтIанри хэтщ ахэр я гъуэгу захуэм жыжьэу тригъэгъуэщыкIыну»[62].**

62. КъурIэн [4:60].

## Лэжьыгъэ 1.

ТIагъуутхэм я етIуанэ лIэужьыгъуэм хохьэ Алыхьым и унафэхэр зэзыхъуэкIыжа унафэщIхэр. Дэпхуэдэу Алыхьым и унафэхэр зэрахъуэжыр?

1. ЩыIэщ Алыхь Таалэм имыдахэм щыщ Iуэхугъуэхэр, икIи ахэр щахъуэжым деж, ахэр мэхъу …

2. Апхуэдэуи, щыIэщ Алыхьым идахэм щыщ Iуэхугъуэхэр, икIи ахэри щахъуэжым деж, ахэр мэхъу …

## Лэжьыгъэ 2.

ИпэкIэ къыщыхьа аятым Алыхь Таалэм дэ унафэ къыщытхуищIащ …

ШейтIаныр хуейщ дэ …

## Къызэрапщытэ упщIэхэр:

1. 1. Сыт фIащар Алыхьым и хабзэхэр зыхъуэжхэм?
2. 2. Псалъэ дэгъэхуахэр дэгъэувэж.

Дэ Iэмал имыIэу тIагъуутыр … … хуейщ.

3. Мыхъунур хъун зыщIам, хъунур мыхъун зыщIам сыт зэреджэр?
4. Жэуап пэжыр къыхэх ✔:

☐ Алыхьым и хабзэхэр зыхъуэж унафэщIыр тIагъуутхэм я лIэужьыгъуэм хохьэ.

☐ ТIагъуутхэр хохьэ Алыхьым и хабзэхэр зыхъуэж унафэщIхэм я лIэужьыгъуэхэм.

## Дерс е-7-нэ.

### Алыхьым нэмыщI, ущэхуахэр зыщIэу жызыIэр тIагъуут мэхъу.

ЦIыхум и зэфIэкIым гъунапкъэ иIэщ. Абыхэм псоми хащIыкIыркъым. Зыхуей псори ягъэзэщIэфыркъым. Ауэ Алыхьым, ЛъапIэм икIи Иным, хьэпшып псомкIи Лъэщщ, икIи псоми хещIыкI. НтIэ, цIыхум зыми ямыщIэ щэхухэм хищIыкIыу зигъэIумэ, хэт хъужрэ апхуэдэ цIыхур?

.......................

**ТIагъуутым и ещанэ лIэужьыгъуэр –** Алыхьым нэмыщI, езыми ущэхуахэр ищIэу жызыIэращ.

**Абы и тегъэщIапIэщ Алыхьым и псалъэхэр:**

**«Щэхум и IункIыбзэр Аращ зыIэщIэлъыр; Абы и закъуэщ ар зыщIэр. Абы ещIэ щIыми, хыми щыIэр: тхьэмпи къыпыхуркъым Абы имыщIэу, щIы фIыцIэм зы жыли хэлъкъым, зы цIыни зы гъури щыIэкъым Тхылъ Нэхум имыту»63.**

Апхуэдэуи, мы псалъэхэр:

**«Езыращ ущэхуар зыщIэр, икIи ар Абы зыми къыхузэIуихыркъым, Езым и лIыкIуэу зыхуэарэзым фIэкIа; а лIыкIуэм и гупэмкIи и щIыбымкIи плъырхэр къыбгъэдигъэуващ»64.**

63. КъурIэн [6:59].
64. КъурIэн [72:26-27].

Муслъымэным пэIэщIэ зищIын хуейщ ущэхуахэр ящIэ хуэдэу зызыгъэIу цIыхухэм, якIэлъыкIуи хъунукъым, апхуэдэхэщ джэшыдзхэр, удхэр, тхьэгурымагъуэхэр, нэгъуэщIхэри, икIи абыхэм жаIэм арэзы утехъуэ хъунукъым.

  

1. Уэ жыг Iув зыщIэт мэзым ухэту, жьапщэ къыкъуэуамэ, къыпхуэбжыфыну уэ, тхьэмпэ дапщэ а жыгхэм къыпыщэщами?

---

2. Уэ тенджыз Iуфэм ущыту, псым уеплъмэ, къыпхуэбжыфыну а тенджызым хэлъ псори?

---

### Лэжьыгъэ 1.

Мы дерсым ипэ къыщыхьа аятхэм къеджэ. Къыхэбгъуэтэфыну пIэрэ уэ, Алыхьым И къарур зэрыиныр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр?

### Лэжьыгъэ 2.

Илъабжьэмкlэ къыщыхьа таблицэм еплъи, ущэхуахэр къыщаIуатэ Iуэхугъуэхэм хыхьэхэмрэ, абыхэм щымыщхэмрэ зэхэгъэкI.

| *Лэжьыгъэ е Iуэху екIуэкIыкIэ* | **Ущэхуахэр къыщаIуатэ Iуэхугъуэхэм хохьэ** | **Ущэхуахэр къыщаIуатэ Iуэхугъуэхэм хыхьэкъым** |
|---|---|---|
| **ЦIыхум и мылъкур фIэкIуэдати, абы уд гуэрым зыхуигъэзащ. Удым абы къыжриIащ и мылъкур сыт хуэдэ щIыпIэ щыIэми.** | | |
| **Мухьэммэд и гъунэгъур зыплъыхьакIуэ щыIэт. Зэгуэрым Мухьэммэд унэм къыщIэкIри, мэджытымкIэ игъэзауэ, абы и машынэр бжэм деж къыщилъэгъуащ. Абы жиIащ: «Си гъунэгъур зыплъыхьакIуэ къикIыжащ».** | | |

| | | |
|---|---|---|
| Ахьмэд и сыхьэтыр къутат. Абы ар сыхьэт зыщІыжым хуихьащ. Сыхьэт зыщІыжым жиІащ: «Мы сыхьэтым и бэтэрейр тІысащ». | | |
| ЦІыхум жеІэ: "ИпэжыпІэкІэ, Къемэт махуэр илъэсипщІ дэкІмэ, къэсынущ". | | |
| СатущІэным хэт цІыхур, уафэм дэплъейри, пшэ фІыцІэшхуэ къыщилъэгъуащ. Абы и хьэпшыпхэр уэшхым Іисраф ищІынкІэ шынэри, хьэпшыпхэр унэм щІихьэжащ. | | |

## Лэжьыгъэ 3.

Зэгуэрым Бегъымбарым ﷺ и пащхьэм зы хъыджэбз цIыкIу гуэрым уэрэд щыжиIэти, абы и уэрэдым мыпхуэдэ псалъэхэр къыщыIуащ: «Дэ къытхэтщ Бегъымбар ﷺ, абы пщэдей къэхъунур ещIэ». Абы Бегъымбарым ﷺ жриIащ, апхуэдэу жыпIэ зэрымыхъунур.

Сыт мы хьэдисыр зытеухуар?

---

## УпщIэхэр:

1. Мы псалъэухам псалъэ хэтын хуейр хэгъэувэж.

Ущэхуахэр зыми ищIэкъым, … нэмыщI.

2. Тхьэгурымагъуэхэм ящыщ цIыхум жеIэ, ар зыгуэрым и Iэгум иплъэмэ, дяпэкIэ абы къыщыщIынухэр зэрилъагъур.

1) Сыт а цIыхум узэреджэ хъунур?
2) УкIуэ хъуну апхуэдэ цIыхум деж?
3) Абы и псалъэхэм арэзы утехъуэ хъуну?

3. Сыт тIагъууткIэ щIеджэр ущэхуахэр зыщIэу жызыIэ цIыхухэм?

## Дерс е-8-нэ.

## «Алыхьым нэмыщI, ущэхуахэр зыщIэу жызыIэр тIагъуут мэхъу» дерсым дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр

### Лэжьыгъэ 1.

Илъабжьэмкlэ жыIэгъуэ зыбжанэ къыщыхьащ. ✔-мы дамыгъэр гъэув ущэхуахэр зыщIэу жызыIэм дэ дыхуиIэн хуей хущытыкIэ пэжым деж.

- ☐ **ЖиIэр уи фIэщ щIын.**
- ☐ **ФIыуэ лъагъун.**
- ☐ **Ущиин, илэжьыр хуэмыгъэдахэн.**
- ☐ **И зэфIэкIхэр гъэщIэгъуэн.**
- ☐ **Абы деж кIуэхэм ущиинымгъэ ехьэлIэн.**
- ☐ **Ди унэхэм къэкIуэну хуит щIын.**

**Лэжьыгъэ 2.**

| Сыт хуэдэ еплъыкIэ ухуиIэ мыпхуэдэ щытыкIэм? | Пэжщ | ПцIыщ |
|---|---|---|
| ЕджакIуэр классым къэкIуащ. Ауэ и тхылъыр къыздихьакъым. ЕгъэджакIуэр еупщIа нэужь, абы жиIащ: «Сэ сщIэкъым ущэхуар». | | |
| Дэ ди хьэблэм щопсэу удыгъэ зезыхьэ гуэр.Зыгуэрым абы теухуауэ къищIэри, зыжеIыпхъэ IуэхущIапIэм хъыбар яригъэщIащ. | | |

| | | |
|---|---|---|
| **Ахьмэд и лъакъуэр икъутащ. Дохутырым абы и лъакъуэ къутапIэм гъуджэкIэ (рентген) иригъэплъыну къыжриIащ, къутапIэм и щытыкIэр нэхъ нахуэ хъун папщIэ.** | | |
| **Ахьмэд и гъунэгъур зыплъыхьакIуэ щыIэт. Ахьмэд мэжджытым щыкIуэм, абыхэм я машынэр я унэм деж щыту къилъэгъуащ. Ахьмэд къыгурыIуащ и гъунэгъур зыплъыхьакIуэ къызэрикIыжар.** | | |
| **ЦIыхур зы Iэзэ гуэрым деж къэкIуащ. А Iэзэр уафэм дэплъеящ, вагъуэхэм еплъри, жиIащ: «ИпэжыпIэкIэ, уэ нэ къыптырагъэхуащ».** | | |

**Лэжьыгъэ 3.**

Мы псалъэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуейм хуэдэу зэхэгъэувэж, жыIэгъуэ пэжхэр къахэкIын папщIэ.

1. ЖыпIэну, ущэхуар, ухуитщ, зэромыщIэр.
2. ИщIэу, ущэхуар, зыгъэIуращ, жиIэурэ, пцIыупсыр, ар.
3. ПщIы, ущэхуар, хъунукъым, зыщIэу, фIэщ, жызыIэр, уи.
4. ИщIэу, ар тIагъуутщ, зыгъэIур. ущэхуар.

## Дерс е-9-нэ.

### Алыхьым нэмыщI, цIыхухэр зыхуэпщылIыр, икIи ахэр къызэрыхуэпщылIымкIэ арэзы хъур тIагъуутщ

ИпэжыпIэкIэ, хуэпщылIыныгъэр – ар Алыхь Закъуэращ зи хуитыныгъэр, ЛъапIэщ Ар икIи Инщ. ИкIи зыри нэгъуэщI хуиткъым цIыхухэр езым, е, Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщI гуэрым хуэпщылIыну къыхуриджэну. Езым къызэрыхуэпщылIымкIэ арэзы хъур – тIагъуутщ.

**ТIагъуутым и еплIанэ лIэужьыгъуэр** – ар, Алыхьым нэмыщI, цIыхухэр зыхуэпщылIырщ, икIи ахэр къызэрыхуэпщылIымкIэ арэзы хъурщ.

**Абы тегъэщIапIэ хуохъу Алыхьым и псалъэхэр:**

**«Абыхэм ящыщу: «Езым нэмыщIыу, сэ сытхьэщ», - жызыIэм Дэ жыхьэнмэр хуэдгъэплъынущ. Аращ Дэ щIэпхъаджэм яхуэдгъэфащэр»[65].**

**Лэжьыгъэ 1.**

Алыхьым нэмыщI, цIыхухэр зыхуэпщылIыр тIуагъуут мэхъу, ар … … …

Мы псалъэухамкIэ гурыIуэгъуэ мэхъу, а пщылIыныгъэмкIэ ар арэзы зэрыхъур, икIи а пщылIыныгъэмкIэ мыарэзыр … зэрыщымытыр.

65. КъурIэн [21:29].

### Лэжьыгъэ 2.

Чристанхэр ГIисэ хуэпщылIхэщ, сэламыр зылъысын. Ауэ ГIисэ, сэламыр зылъысын, тIагъуут хъукъым. Сыт щхьэкIэ?

### Лэжьыгъэ 3.

ФиргIэун и лъэпкъыр къыхуриджащ езым фIэкIа, Алыхьым хуэмыпщылIыну. Абы жиIащ: **«Уэ си блыгущIэтхэ, сэр нэмыщI фэ нэгъуэщI тхьэ фиIэу сщIэркъым».** Хъурэ ар абы щхьэкIэ тIагъуут? Сыт щхьэкIэ?

### Лэжьыгъэ 4.

Зы сэхьаб гуэр лIа нэужь, цIыхухэм, Алыхьым нэмыщI, абы и сынми щхьэщэ хуащIын щIадзащ. Сыт и унафэ хъур абыхэм щхьэщэ зыхуащIым? А сэхьабыр тIагъууту убж хъуну? ИкIи сыт щхьэкIэ?

**УпщIэхэр:**

1. Сыт хуэдэ тIагъуутым и еплIанэ лIэужьыгъуэр?
2. Псалъэ дэгъэхуахэр пэжу дэгъэувэж.

**Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщIыу щхьэщэ зыхуащIыр тIагъуут хъун папщIэ, ар … … ….**

Сыт къыщыщIыт, Алыхьым нэмыщI, езы тхьэуэ зыкъэзылъытэжым?

## Дерс е-10-нэ.

## МуIминым Iэмал имыIэу къигъэлъэгъуэн хуейщ тIагъуутыр и фIэщ зэрымыхъур

**УпщIэхэр:**

Мы Iыхьэм и япэ дерсым къэгъэзэжи, илъабжьэмкIэ къыщыхьа жыIэгъуэр и кIэм нэгъэсыж.

**Псом нэхъапэ дыдэу Алыхьым Iэдэм и бынхэм къалэн ящищIар – ар …**

**Абы тегъэщIапIэ хуохъу…**

ИкIи уэ къэпщIащ тIагъуутхэр зыбжанэ зэрыхъур.

Ахэр:

1…

2…

3…

4…

**ЗэгъащIэ, цIыхур Алыхьыр зи фIэщ хъу хъункъым, абы тIагъуутыр и фIэщ зэрымыхъур къимыгъэлъэгъуауэ.**

**Абы тегъэщIапIэ хуохъу Алыхьым и псалъэхэр:**

**«Диным хэгъэзыхь хэлъ хъункъым, гъуэгу захуэр гъуэщэныгъэм къыхэнэIукIащ. ТIагъуутхэр имыдэу Алыхьыр зи фIэщ хъуам къутэж зимыIэ тегъэщIапIэ быдэ игъуэтащ. Алыхьым псори зэхех, ещIэ»66.**

66. КъурIэн [2:256].

**«Рушд»** псалъэм и мыхьэнэр – ар «Мухьэммэд ﷺ и дин», «ал-гъай» псалъэм – «Абу-Джахьл и дин» къикIыу аращ.

## Лэжьыгъэ 1.

Илъабжьэмкlэ жыIэгъуэ зыбжанэ къыщыхьащ. Дамыгъэр щыгъэув тIагъуутхэм Iэмал имыIэу ухуиIэн хуей щытыкIэу къэплъытэхэм деж.

- ☐ Я фIагъыр зэгъэщIэн.
- ☐ ФIыуэ лъагъун.
- ☐ Абыхэм ещхь хъуным зыщыхъумэн.
- ☐ ЯкIэлъыкIуэн.
- ☐ Уи фIэщ мыщIын.

## Лэжьыгъэ 2.

Илъабжьэмкlэ къыщыхьа псалъэхэр зэхэгъэувэж, жыIэгъуэ пэж къахэкIын папщIэ.

1. Псалъэхэм, Алыхьым, къызэщIеубыдэ, ухуиIэ, быдэ, фIэщхъуныгъэмрэ, тIагъуутыр, зэрымыхъумрэ, тегъэщIыпIэ, уи фIэщ.

2. Уи фIэщ, пэж, щыхъур, щымыхъум, Алыхьыр, уи фIэщ, зэрыхъур, тIагъуутыр, дежщ.

3. Абу-Джахьл, щыуагъэр, диныращ, ар и.

4. Мухьэммэд, ар и, гъуэгу, диныращ, захуэр.

## УпщIэхэр:

1. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ Iэмал имыIэу цIыхум и фIэщхъуныгъэм хэлъыр?

2. ТегъэщІапІэ быдэ зиІэр – ар фІагъитІ зиІэращ. КъебжэкІ ахэр сыт хуэдэми.

## Дерс е-11-нэ.

### «ТегъэщIапIэ быдэ» псалъэхэм я мыхьэнэр

Дерс блэкIам дэ къыщытщIащ, Алыхьыр нэгъэсауэ зи фIэщ хъуурэ, тIагъуутыр зи фIэщ мыхъум, тегъэщIапIэ быдэ игъуэтащ.

Абы теухуауэ Алыхь Таалэм жиIащ:

**«ТIагъуутхэр имыдэу Алыхьыр зи фIэщ хъуам къутэж зимыIэ тегъэщIапIэ быдэ игъуэтащ»[67].**

Мы дерсым дэ щызэпкъырытхынущ «тегъэщIапIэ быдэм» и мыхьэнэр.

**ТегъэщIапIэ быдэр** – ар Алыхьым нэмыщI тхьэ зэрыщымыIэм и щыхьэт псалъэщ.

Абы къызэщIеубыдэ мыдэныгъэри, фIэщхъуныгъэри. Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщIым хуэпщылIыныр мыдэныр, Алыхь Закъуэм, гъусэ зимыIэм, пщылIыныгъэм и лIэужьыгъуэ псори хуэгъэзэныр.

**Лэжьыгъэ 1.**

ТегъэщIапIэ быдэр – ар …

**Лэжьыгъэ 2.**

Алыхьым нэмыщI тхьэ зэрыщымыIэм щыхьэт хуэхъу псалъэхэм Iуэхугъуит I къызэщIеубыдэ … … …

**Лэжьыгъэ 3.**

67. КъурIэн [2:256].




**УпщӀэхэр:**

1. Сыт «тегъэщӀапӀэ быдэ» жыхуиӀэм и мыхьэнэр?

2. Алыхьым нэмыщӀ тхьэ зэрыщымыӀэм хуэгъэза щыхьэт псалъэхэм сыт къэзэщӀиубыдэр?

3. Алыхьым нэмыщӀ тхьэ зэрыщымыӀэм хуэгъэза щыхьэт псалъэхэм Ӏуэхугъуит къызэщӀеубыдэ – ахэр тӀагъуутыр уи фӀэщ мыхъунымрэ, Алыхьыр уи фӀэщ хъунымрэ. Дэпхуэдэу ар къызэрыбгурыӀуэр?

ЕТIУАНЭ

ИЛЪЭС НЫКЪУЭ

# 2. АЛ-ФИКЪХЬ

## Дерс е-1-нэ.

### Япэ илъэс ныкъуэм дызэджахэр къыдопщытэж

### Іэмал имыІэу щІын хуей нэмэзхэм я зэманхэр

**Сэ сщІэну сыхуейщ…**

- **Іэмал имыІэу щІын хуей нэмэзхэм я зэманхэр.**
- **нэмэз щІыгъуэ зэманыр зыгъэгувэм и унафэр.**

### Нэмэз щІыгъуэ зэманхэр

Сэ сощІэ, нэмэз щІыгъуэ зэманхэр зэрыхыхьэр:

- Нэмэзым и щІэгъэкъуэнхэм
- Нэмэзым хуэгъэзауэ Іэмал имыІэу щІэн хуейхэм
- Нэмэзым епха Іуэхугъуэхэм

**Іэмал имыІэу щІын хуей нэмэзхэм хэхауэ яІэщ ахэр щыщІидзэ зэманымрэ щиух зэманымрэ.** Сэ ар сощІэ илъабжьэмкІэ къыщыхьам ипкъ иткІэ.



**Пщэдджыжь нэмэзым (фаджр) и зэманыр.**

**Зэманым щыщІидзэр:**

етІуанэ пшэкІэплъым и къыщІэкІыгъуэр.

**Зэманым и кІэухыр:**

Дыгъэ къыщІэкІыгъуэр.



**Шэджагъуэ нэмэзым (зухр) и зэманыр.**

**Зэманым щыщIидзэр:** Дыгъэр шэджагъуапIэм икIын щIидза нэужь.



**Зэманым и кIэухыр:** Ныбжьхэр зейм хуэдиз хъуа нэужь.



**Ичынды нэмэзым (Iэср) и зэманыр.**

**Зэманым щыщIидзэр:** шэджагъуэ нэмэзыр щиухым дежщ, хьэпшыпхэм я ныбжьхэр езыхэм нэхърэ нэхъ кIыхь хъууэ хуежьа нэужь.

**Зэманым и кIэухыр:** Дыгъэ къухьэгъуэр.



**Ахъшэм нэмэзым (магърибі) и зэманыр.**

**Зэманым щыщІидзэр:** дыгъэр зэрыкъухьэу.

**Зэманым и кІэухыр:** Пщыхьэщхьэ пшэплъыр зэрыкІуэдыжу.



**Жэсы нэмэзым (Іиша) и зэманыр.**

**Зэманым щыщІидзэр:** ахъшэм нэмэзым и кІэухыр.

**Зэманым и кІэухыр:** жэщым и кур[68].

Сэ къэсщІэн хуейщ сэ сыщыпсэу щІыпІэм нэмэзхэр къыщихьэ зэманыр, итІанэ а зэманхэр илъабжьэмкІэ къыщыхьа таблицэм истхэн хуейщ.

68. ЗэдзэкІакІуэм (Абу-Ислъам) къыбгъэдэкІыу: щІэныгъэлІ нэхъыбэм къызэралъытэмкІэ, жэсы нэмэзым и кІэухыр - пщэдджыжь нэмэзым и къихьэгъуэ зэманырщ.

| Нэмэзыр | Зэманыр къыщихьэр | Зэманыр щикIыр |
|---|---|---|
| Фаджр | | |
| Зухр | | |
| Iэср | | |
| Магъриб | | |
| Iиша | | |

Жэщым и кур, жэсы нэмэзым и кIэухыр, зыхуэзэр къэпщIэну ухуеймэ, къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэхэр зыр зым кIэлъыкIуэу гъэзащIэ.

1. Япэ щIыкIэ, дыгъэр щыкъухьэ зэманыр къэщIэн хуейщ, ар ахъшэм нэмэзыр (магъриб) къыщихьэращ;

2. ИтIанэ етIуанэ пшэкIэплъыр къыщынэхум и зэманыр къэщIэн хуейщ, ар пщэдджыжь нэмэзыр (фаджр) къыщихьэращ;

3. ИтIанэ а сыхьэт бжыгъэхэм я зэхуакум зэман дапщэ дэлъми къэбжын хуейщ;

4. Сыхьэт бжыгъэ къэтщIар тIукIэ доугуэш;

5. Абы къыщIэкIа бжыгъэр дыгъэр щыкъухьэ зэманым хыдолъхьэ. Апхуэдэу жэщым и кур зыхуэзэр къыдощIэ.

КIэщIыу жыпIэмэ, жэщым и кур хуэдизщ дыгъэ къухьэгъуэмрэ пшэплъ къыщыунэхумрэ якум дэлъ зэманым я зэхуэдитIым дыгъэр щыкъухьэ зэманыр

хэлъу.

Псалъэм папщIэ, дыгъэр щыкъухьэр пщыхьэщхьэм сыхьэтыр 6:00-рамэ, етIуанэ пшэплъыр къыщыунэхур – пщэдджыжьым сыхьэтыр 5:00-рамэ, сыхьэт дапщэра жэщым и кур зыхуэзэр? Псори зэхэту сыхьэт 11 мэхъури, абы и ныкъуэр сыхьэтитхурэ ныкъуэрэ мэхъу. Абы дыгъэр щыкъухьэ сыхьэт 6:00-р хыдолъхьэри, апхуэдэу, жэщыкур сыхьэтыр 23-рэ дакъикъэ 30-м хуозэ.

### Нэмэзыр и зэманым умыщIыу, щыбгъэгувэм деж

Нэмэз щыгъуэр къихьауэ нэмэзыр бгъэгувэ хъунукъым. Апхуэдэ зылэжьам, ипэжыпIэкIэ, гуэныхьышхуэ илэжьащ.

Абы и тегъэщIапIэщ: **«Унэхъуащ нэмэз щищIкIэ зи нэмэзыр къызыфIэмыIуэхухэр»[69].**

Егупсыс!

Нэмэзыр щагъэгувэ щытыкIэм деж ✗ дамыгъэр гъэув, нэмэзыр щамыгъэгувэ щытыкIэм деж ✓ дамыгъэр гъэув.

- ☐ ЩIыхум пщэдджыжь нэмэзыр ищIащ етIуанэ пшэкIэплъыр къэунэхуа нэужь.
- ☐ ЩIыхум шэджагъуэ нэмэзыр ищIащ ныбжьхэр зейм и кIыхьагъым хуэдиз мыхъу щыкIэ.
- ☐ ЩIыхум ахъшэм нэмэзыр ищIащ, пщыхьэщхьэ пшэкIэплъыр кIуэдыжа нэужь.
- ☐ ЩIыхум жэсы нэмэзыр ищIащ, жэщыкур блэкIа нэужь.

69. КъурIэн [107:4-5].

## Лэжьыгъэ.

Уэ уи ныбжьэгъум пщэдджыжь нэмэзыр щищIыр езыр еджапIэм кIуэн папщIэ къэтэджа нэужьщ. Хуэтх уи ныбжьэгъум ар зыгъэущиен псалъэхэр, абы пщэдджыжь нэмэзыр блимыгъэкIыу и зэманым ищIыным хущIэкъун хуэдэу, гупым хэтыуи, мэжджытым кIуэуи нэмэзыр ищIын папщIэ. Уи ущииныгъэм щызэпкъырых щхьэусыгъуэ зыбжанэхэм я купщIэхэр, абыхэмкIэ уи ныбжьэгъур тегушхуэфын папщIэ, нэмэзым хэмыжаеу къэтэджыфыну.



## Нэмэз блэкIахэр пшыныжын

Iэмал зимыIэ нэмэзыр блэзыгъэкIам, ар, къызэрыушу, ипшыныжыну и къалэнщ.

Апхуэдэуи, Iэмал зимыIэ нэмэзхэр щыгъупщэу блэзыгъэкIам, абы и зэманыр имыкI щIыкIэ, ар абы, игу къызэрыкIыжу, ищIыжын хуейщ.

Абы тегъэщIапIэ хуохъу Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэу Анас къиIуэтэжахэр: **«Нэмэзыр зыщыгъупщахэм, е хэжеяхэм, гуэныхь къахьар зэрапшыныжыфынур, ар ягу къызэрыкIыжу ящIыжа нэужьщ»**[70]**.**

**Егупсыс!**

Сэид гува дыдэу жеижащ. Абы будильникыр триухуэну къыщыгъупщащ, пщэдджыжь нэмэзым къэтэджын папщIэ. Ар сыхьэтыр 8-м къэушри, гуп нэмэзыр зэрыблигъэкIар къыгурыIуащ. Ар абы куэду и гум щIыхьащ. Абы ищIэнур имыщIэжу хэгупсысыхьащ, ищIыжын хуей абы нэмэзыр къызэрыушу, хьэмэрэ етIуанэ махуэра иджы щищIын хуейр. Сыт уэ абы чэнджэщ хуэпщIыфынур?

---

## Жэсы нэмэзым ипэ къихуэу жеиныр, е абы иужькIэ жыджэрыныр

Жэсы нэмэзым ипэ къихуэу умыжеймэ нэхъыфIщ, нэмэзым иужькIи жыджэрагъ къэбгъэлъагъуэ хъунукъым, ар Iэмал зимыIэу щымытмэ. Абу-Барзэ и хьэдисым къызэрыщиIуэтэжымкIэ: **«Алыхьым и лIыкIуэм ﷺ жэсы нэмэзым ипэ къихуэу жеинуи,**

70. «Муслим», (684).

**абы иужькIэ уэршэрыныуи ифIэфIтэкъым»[71].**

<u>**Егупсыс!**</u>

уи классэгъухэм ягъусэу: сыт Бегъымбарым ﷺ жэсы нэмэзым ипэ ужеину къемызэгъыу къыщIилъытэу щытар, нэмэзым иужькIи жыджэрагъэ къэбгъэлъэгъуэну ифIэмыфIыу щIыщытар?

| Жэсы нэмэзым ипэ ужеину щIэмыфIым и щхьэусыгъуэхэр. | Жэсы нэмэз нэужьым ужыджэрыну щIэмыфIым и щхьэусыгъуэхэр. |
|---|---|
| 1. | 1. |
| 2. | 2. |
| 3. | 3. |
| 4. | 4. |

***Лэжьыгъэ 1.***

НэмэзщIыгъуэхэр зэрыт махуэгъэпсыр къащтэ, абы зы махуэ гуэр къыхэхи, къэбж, сыт хуэдэ сыхьэт бжыгъэм техуэми жэщым и кур.

---

71. «Бухъэри», (568).

## Лэжьыгъэ 2.

Уэ нэмэзыр пщӀыну къыпщыгъупщамэ, е ухэжеямэ, абы и зэманыр имыкӀ щӀыкӀэ, сыт уэ пщӀэнур уигу къэкӀыжа нэужь, е укъэуша нэужь? ✔ мы дамыгъэр уи жэуапым деж гъэув.

- ☐ ЕтӀуанэ махуэм, апхуэдэ нэмэзым и гъусэу и зэманым упшыныжынущ.
- ☐ Уэ ар ущыхуей дыдэм деж упшыныжынущ, абы и зэманыр икӀащи.
- ☐ Уэ ар укъызэрыушу, е уигу къызэрыкӀыжу упшыныжынущ, ар сыт хуэдэ зэманым къэмыхъуами.

## Лэжьыгъэ 2.

Алыхь Таалэм жиӀащ: **«Унэхъуащ нэмэз щищӀкӀэ зи нэмэзыр къызыфӀэмыӀуэхухэр»[72].**

Сыт хуэдэ хабзэ уэ мы аятым хэпхынур?

Зи нэмэзым ӀэхъуэтегъэкӀыу хущытхэм ущие псалъэхр яхуэтх.

72. КъурӀэн [107:4-5].

## Дерс е-2-нэ.

## Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэр

**Сэ сщIэну сыхуейщ…**

- Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэр.
- Дэпхуэдэу нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэр къызэрызгъэсэбэпынур икIи ахэр зэрысхъумэнур?
- Нэмэзым тэшэхьудым щиIэ мыхьэнэр.
- Нэмэзым Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза сэлэуатым щиIэ мыхьэнэр.



**Нэмэзым щIэгъэкъуэн 14 иIэщ.** Ахэр:

1. **ЗыхузэфIэкIхэм дежкIэ нэмэзым щытын хуейщ.**

**Абы и тегъэщIапIэщ Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэр:**

**«Нэмэзыр ущыту щIы, ауэ пхузэфIэмыкIмэ, ущысу щIы»**[73]**.**



2. **Тэкбир ал-Iихьрам (япэ тэкбирыр).**

**Абы и тегъэщIапIэщ Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэр:** «тэкбирымкIэ къыщIедзэ ар»[74]. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, япэ тэкбирым нэмэзыр къызэIех, аращи, нэмэзым щымыщ Iуэхугъуэхэр блэжь хъунукъым.

73. Бухъэри, (1117).

74. Хьэдисыр къехь Тирмизи, (3), нэгъуэщIхэми. ИкIи Тирмизи ар пэжу къилъытащ.



3. **«Ал-Фатихьэ» сурэм къеджэныр.**

**Абы и тегъэщIапIэщ Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэр:**

**«Нэмэзыр имыщIам хуэдэщ КъурIэныр къызэIузых сурэм къемыджам»[75].**

**Сэ нэмэзым сыкъыщеджэкIэ, Iэмал имыIэу си бзэгури згъэхъеин хуейщ, гукIэ сыкъеджэ къудейкIэ хъунукъым.**

Сэ щIэгъэкъуэн къэсцIыхуахэр си егъэджакIуэм игъусэу согъэзащIэ:

1. Сэ зэрыщытын хуейм хуэдэу сыуващ.
2. Си Iэхэр си тхьэкIумэ кIапэм нэс, е си дамащхьэм нэс къызоIэтри, жызоIэ: «Аллахьу Акбэр».



4. **Уи бгым нэс щхьэщэ щIыныр (рукухь).**

**Абы и тегъэщIапIэщ Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэр:**

**«иужькIэ уи бгым нэс згъэзыхи, (щыт апхуэдэу) сабырыпIэм уихьэху»[76].**

75. Бухъэри, 756
76. Бухъэри, (793).



5. **Уи бгым нэс щхьэщэ пщIа нэужь, укъызэфIоувэж.**

**Абы и тегъэщIапIэщ Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэр:**

**«ИтIанэ къызыфIэувэж, захуэу укъэувыжыху»[77].**



6. **Iэпкълъэпкъым и Iыхьиблым зытедгъащIэу щIым деж щхьэщэ щыщIыныр.**

**Абы и тегъэщIапIэщ Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэр:**

**«Дэ щIым деж ди щхьэр дгъэтIылъыну унафэ къытхуащIащ, ди къупщхьиблым (зытедгъащIэурэ): ди натIэм, - абы щыгъуэми и пэри къигъэлъэгъуащ – ди Iэгухэм, лъэгуажьэхэм, итIанэ ди лъапэхэм».** [78]



Сэ щIым деж щхьэщэ щысщIкIэ, си лъапэхэр къэсIэтыркъым.



ИкIи сэ щIым деж щхьэщэ щысщIкIэ, си лъапэхэр зыр зым теслъхьэркъым.

77. Бухъэри, (793).
78. Бухъэри, (812).





7. **ЩIым щхьэщэ щыпщIа нэужь, зыкъэIэтыжыныр, апхуэдэ щхьэщитIым я зэхуакум щысыныр.**

**Абы и тегъэщIапIэщ Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэр:**

«ИтIанэ уи щхьэр къэIэти (щыс апхуэдэу) уэ сабырыпIэ къэбгъуэтыху»[79].

**Практикэм къыщыгъэсэбэпын.**

Сэ практикэм къыщызогъэсэбэп щIэгъэкъуэн къэсцIыхуахэр, си егъэджакIуэм игъусэу:

1. **Сэ си бгым нэс щхьэщэ пэжу сощI, си Iэхэри си лъэгуажьэм тызолъхьэ.**
2. **Сэ захуэу сыкъызэфIоувэжри, жызоIэ: «Сами'а-Ллаху лиман хьамидэ, Раббана уа ля- ка-ль-хьэмд».**
3. **СыкъызэфIоувэжри, итIанэ сэ си Iэхэр къызоIэт си тхьэкIумэ кIапэм нэс, е си дамащхьэм нэс.**
4. **АдэкIэ, «Аллахьу Акбэр» жысIэурэ, занщIэу щIым зызодзыхри, си щхьэр щIым согъэтIылъ.**
5. **Сэ щIым щхьэщэ щызощI Iэпкълъэпкъ Iыхьиблым зытезгъащIэурэ: си пэбгым, си IэгуитIым, си лъэгуажьитIым, си лъапэхэм.**

79. «Нэмэзыр зыкъутам и хьэдис».

6. **Сэ захуэу сыкъотIысыжри, апхуэдэ щхьэщитIым я зэхуакуу сыщысщ.**
7. **Сэ си Iэхэр си куэм тызолъхьэ си Iэпэхэр Къэблэ и лъэныкъуэпкIэ гъэзауэ.**
8. **ЩIым щысщI щхьэщитIым я зэхуакуу сэ жызоIэ: «Робби-гъфир-ли».**





9. **Иужьырей тэшэхьудым папщIэ щысын.**
10. **Иужьырей тэшэхьудыр.**

**Абыхэм я тегъэщIапIэщ Бегъымбарым ﷺ жиIауэ, Ибн Масудэ къиIуэтэжа и хьэдисыр, абы ﷺ жиIащ:**

**«Фэ фщыщ гуэр нэмэзым теувамэ, мыпхуэдэу жреIэ: “Сэламхэр, нэмэзхэр, мыдрей фIыгъуэ псори Алыхьым ейщ, сэлам узох, уэ Бегъымбар, Алыхьым И гущIэгъури И нэфIри ууейщ, сэламыр дэри Алыхьым и пщылI жыIэщIэхэми яйщ” / Аттахьияту ЛиЛляхьи уассэляуату уатто- Iибат, ассалямуалейка аййухьаннабийийу уа рахь- матуЛахьи уа баракатух, ассаляму алейна уа аля ибадиЛляхьиссолихьин, икIи фэ мы псалъэхэр жыфIэмэ, ахэр нэсынущ Алыхьым и пщылI жыIэщIэ псоми я деж щIылъэми, уафэми щыIэхэм. (ИкIи жыфIэ): “Сэ сыщыхьэтщ,**

**Алыхьым нэмыщI пщылIыныгъэ зыхуэфащэ тхьэ зэрыщымыIэмкIэ, икIи сыщыхьэтщ, Мухьэммэд – Абы И пщылIщ икIи И ЛIыкIуэщ" / "Iэшхьаду ал-ляя Иляхьа иЛляЛлахь уа Iэшхьаду Iэнна Мухьэмэдан Абдухьу уа Расулюхь»»[80].**

11. **ФIыгъуэхэр Бегъымбарым ﷺ хуэгъэфэщэныр – иужьырей тэшэхьудым хуоэз.**

**Абы и тегъэщIапIэщ сэхьабхэм Алыхьым и лIыкIуэм теухуауэ жаIауэ щытар къызыхэщ Кааб ибн Уджрэ къиxьыжа хьэдисыр:**

**«Дэпхуэдэу дэ уэ фIыгъуэхэр къызэрыпхуэдгъэфэщэнур? Абы жиIащ: "ЖыфIэ: Аллахьумма салли 'аля Мухьэммэдин уа 'аля али Мухьжэммэд. кама салляйта 'аля Ибрэхьима уа 'аля али Ибрэхьима, иннаКя Хьамиду-мМаджид. Аллахьумма барик 'аля Мухьэммэдин уа 'аля али Мухьэммэд, кама баракта 'аля Ибрэхьима уа 'аля али Ибрэхьим, иннаКя Хьамиду-мМаджид"»[81].**



80. Бухъэри, 797.
81. Бухъэри, 3370

## 12. СэламитӀыр.

**Абы и тегъэщӀапӀэщ Али и псалъэхэр, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, абы Мухьэммэд Бегъымбарым жиӀауэ къиӀуэтэжащ: «таслимымкӀэ еух»[82].**

Сэ тэшэхьудыр псори гукӀэ зызогъащӀэ.




Сэ гукӀэ зызогъащӀэ Бегъымбарым ﷺ хуагъэфэща фӀыгъуэ псалъэхэр.

82. Мы хьэдисыр Тирмизи къихьыжащ, (3) нэгъуэщӀхэми, абы ар зэрыпэжымкӀэ арэзы техъуащ.

### Сэлэуат

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى
إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ
اللَّهُمَّ بَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى
إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ

Аллахьумма салли ‘аля Мухьэммэдин уа ‘аля али Мухьжэммэд. кама салляйта ‘аля Ибрэхьима уа ‘аля али Ибрэхьима, иннаКя Хьамиду-мМаджид. Аллахьумма барик ‘аля Мухьэммэдин уа ‘аля али Мухьэммэд, кама баракта ‘аля Ибрэхьима уа ‘аля али Ибрэхьим, иннаКя Хьамиду-мМаджид



## Практикэм къыщыгъэсэбэпын.

Сэ мы тегъэщIaIэхэм къыщысщIa псори практикэм къыщызогъэсэбэп, си егъэджакIуэм игъусэу:

1. Иужьырей тэшэхьудым папщIэ сыкъотIыс.
2. Тэшэхьудым сыкъоджэ.
3. Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза сэлэуатым сыкъоджэ.
4. ДугIэ сощI.
5. Си ижьырабгъумкIэ си щхьэр согъазэри, сэлам сохыж, жызоIэ: “ассаламу алейкум уа-рахьматулЛахь”.
6. Сэламыр сэмэгу лъэныкъуэкIи щызатыж, жызоIэ: “ассаламу алейкум уа-рахьматулЛахь”.

**13. ЩIэгъэкъуэн псоми пIейтеиншагъэр щыдохъумэ.**

**Абы и щыхьэтщ Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэр,** нэмэзыр зыкъутэ псоми яжриIэрт: **"/хьаттIэ татмэиннэ/ - Уэ пIейтеиншагъэ къэбгъэлъэгъэху"[83].**

**14. ЩIэгъэкъуэнхэр зыр зым кIэлъыгъэкIуэн.**

**Абы щIэгъэкъуэн хуохъу Бегъымбарым ﷺ зэкIэлъыкIуэу нэмэзыр зэрищIыу щытар.** Абы жиIащ:

**«Сэ нэмэзыр сщIыуэ зэрыфлъэгъуам фытету фэри фщIы!»[84]**

*Лэжьыгъэ 1.*

Уэ къэпщIакIэщ нэмэзым пIейтеиншагъэ щыхъумэным и мыхьэнэр. Къыхэгъэщ ар илъабжьэмкIэ къыщыхьахэм.

●Ар шынагъуэншагъэ зэхэщIэнырщ.

●Ар шыIэныгъэ зыхэбгъэлъу, умыпIащIэурэ, зыгъэхъеигъуэ къэс жыIапхъэхэм укъеджэнырщ.

●Ар Iэдэбыгъэ къэгъэлъэгъуэнырщ.

Практикэм къыщыгъэсэбэпыныр.

Сэ щIэкъэгъуэн къэсцIыхуахэр практикэм къыщызогъэсэбэп, си егъэджакIуэм игъусэу:

●ПIейтеиншагъэ къэзгъэлъагъуэу нэмэзыр сощI.

●Нэмэзыр зэрызэкIэлъыкIуэн хуейм хуэдэу сощI.

83. Бухъэри, (757).
84. Бухъэри, (605).

## Лэжьыгъэ

Абу Хьурайрэ къызэрихьыжамкӀэ, *Бегъымбарыр ﷺ мэжджытым щӀэсу, абы зы цӀыху гуэр щӀыхьэри, нэмэз щищӀащ. ИтӀанэ абы Бегъымбарым ﷺ сэлам ирихащ, абы жэуапу кърита щ: «Гъээжи, нэмэзыр щӀы, ипэжыпӀэкӀэ, уэ ар пщӀакъым!» Абы нэмэзыр иджыри зэ апхуэдэ дыдэу ищӀыжри, аргуэру Бегъымбарым ﷺ къыбгъэдыхьащ, аргуэрыуи абы ﷺ ар дыдэр къыжриӀащ: «Гъази, уи нэмэзыр щӀы, ипэжыпӀэкӀэ, уэ ар пщӀакъым!» - апхуэдэурэ щэ къытригъэгъээжащ. ИтӀанэ а цӀыхум жиӀащ: «Уэ Пэжыгъэр къытхозыгъэхьам и цӀэмкӀэ Тхьэ соӀуэ, сэ ар нэхъыфӀыу схуэщӀыжынукъым, сегъасэ зэрыщӀын хуейм!» Бегъымбарым ﷺ абы жэуап иритащ: Нэмэзым уэзрытеувэу, жыӀэ: «Алыхьыр Инщ», итӀанэ КъурӀэным щыщу пщӀэр жыӀэ, адэкӀэ уи бгым нэс зегъэзыхи щхьэщэ щӀы. итӀанэ захуэу къэувыжи, щӀым деж щхьэщэ щыщӀ, зэрыщӀын хуейм хуэдэу, итӀанэ захуэу къэтӀысыж, уи нэмэз къэс абы къытегъэзэж»[85].*

## Лэжьыгъэ

ЯпэкӀэ къыщыхьа хьэдисым умыпӀащӀэу къеджи, итӀанэ абы сэбэпынагъ зыбжанэ къыхэх, апхуэдэуи ди дерсым епха хабзэхэр къыщыгъуэт.

| |
|---|
| |
| |
| |
| |
| |

85. Бухъэри, (757).

## Лэжьыгъэ 2.

Пэжу къызэрыбгурыIуар къащIэ, зэгъэпэщ ухуэныгъэхэр нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэр хэбгъэувэурэ.




## УпщIэхэр:

1. Абу Хьурейрэ и хьэдисым «Нэмэзыр зыкъутам теухуа хьэдис» сыт щIыфIащар?

2. Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэм я зыхэзыр – сэламитIыр, сыт абы къикIыр?

3. Къыхэгъэщ нэмэзым щылэжьын хуейхэмкIэ и щIэгъэкъуэнхэмрэ, жыIэн хуей псалъэхэм я щIэгъэкъуэнхэмрэ зэрызыщхьэщыкIыр.

4. Къыхэгъэщ цIыхухэм кIэщI-кIэщIыурэ нэмэзым хащIыхь щыуагъэу тху.

## Дерс е-3-нэ.

## Нэмэзым Iэмал имыIэу щыгъэзэщIэн хуейхэр.

**Сэ сщIэну сыхуейщ…**

- Нэмэзым Iэмал имыIэу щыгъэзэщIэн хуей Iуэхугъуэхэр.
- Япэрей тэшэхьудым къыщеджэн хуейр.

**Нэмэзым Iэмал имыIэу щыгъэзэщIэн хуей Iуэхугъуэхэр йы мэхъу:**

1. Тэкбир псори, япэрейм къищынэмыщIауэ;
2. «Субхьана Раббиял 'Азым» псалъэхэр жыIэн уи бгым нэс щхьэщэ щыпщIкIэ.
3. «Сами'аЛлахьу лиман хьамидэ» псалъэхэр жыIэн уи бгым эс щхьэщэ пщIауэ, захуэу укъыщыувыжым деж. А псалъэхэр жызыIэр имамыращ, е нэмэзыр и закъуэу зыщIым.
4. «Раббана уа ляка-ль-хьамд» псалъэхэр жыIэн, уи бгым нэс щхьэщэ пщIыуэ, укъызэфIэувэжа нэужь. Ар жеIэр имамыми, нэмэзэыр и закъуэу зыщIми, имамым и щIыбагъ дэту нэмэзыр зыщIми.
5. «Субхьана Раббияль А'ля» псалъэхэр жыIэн щIым деж щхьэщэ щыпщIым деж.
6. «Рабби-гъфирЛи» псалъэхэр жыIэн щIым щыщIын хуей щхьэщитIым я зэхуакуу укъэтIыса нэужь.
7. Япэ тэшэхьудым папщIэ тIысыныр.
8. Япэ тэшэхьудым къеджэн.

## Практикэм къыщыгъэсэбэпын

Сэ нэмэзым щыщIын хуей Iуэхугъуэ зэзгъэщIахэр си егъэджакIуэм игъусэу сощI:

1. Тэкбирыр сощI, жызоIэ: «Аллахьу Акбэр»
2. ЩIым деж щхьэщэ щызощI, си бгым нэси щхьэщэ сощIри, итIанэ жыIапхъэхэр жысIэурэ, захуэу сыкъызэфIоувэж.
3. ЩIым деж щхьэщэ щызощI, си Iэпкълъэпкъым и Iыхьиблым зытезгъащIэурэ, зикрхэр къызобж.
4. ЩIым щхьэщитI щысщIынум я зэхуакуу сыкъотIысри, зикр жызоIэ.
5. ЕтIуанэ рэкатым иужькIэ сыкъотIысри, япэ тэшэхьудым сыкъоджэ.

### *Лэжьыгъэ 1.*

Мы зикрхэр щыжыIэн хуейр къэгъэлъагъуэ

1. *Рабби-гъфирЛи* (…)
2. *Субхьанэ Раббиял а'ля* (…)
3. *Раббана уа лякал хьэмд* (…)
4. *Субхьанэ Раббиял Азым* …

Къыхэгъэщ ✔, дэпщэщ япэ тэшэхьудым къыщеджэн хуейр?

- ☐ Нэмэзым и кIэм
- ☐ Япэрей рэкатым иужькIэ
- ☐ ЕтIуанэ рэкатым иужькIэ, нэмэзыр рэкатищ, е плIыуэ зэхэтмэ
- ☐ Ещанэ рэкатым иужькIэ

### Лэжьыгъэ 2.

Илъабжьэмкlэ къыщыхьа текстым нэмэзым и щlэгъэкъуэнхэр, абы хэту lэмал имыlэу бгъэзэщlэн хуейхэм щыщу уэ пщlэхэр псори къыхэтхыкl.

*Мухьэз нэмэзым теувэри, итlанэ Тэкбират ал-ихьрам ищlащ, и lэхэр и тхьэкlумакlэхэм нэс дрихьейри дугlэ lыстыфтахь къеджащ. Итlанэ ар «Ал-Фатихьэ» сурэм къеджащ, абы къыкlэлъыкlуэу – «ал-Ихьляс» сурэм, адэкlэ абы и бгым нэс щхьэщэ ищlащ, «Аллахьу Акбэр» - жиlэурэ. Щхьэщэм щыту абы жиlащ «Субхьэнэ Раббия-л-‘азым», итlанэ абы - «сами’алЛахьу лиман хьамидэ, Раббанэ уа ляка-л-хьэмд»- жиlэурэ зыкъиlэтыжащ, и lэхэри и тхьэкlумакlэм нэс дрихьейурэ захуэу къызыфlэувэжащ. Абы «Аллахьу Акбэр» жиlэри, и lэпкълъэпкъ lыхьиблым зытригъащlэурэ сэждэ щхьэщэр ищlащ, итlанэ и нэмэзыр иухри, и ижьырабгъумкlи, и сэмэгурабгъумкlи сэлам щихыжащ.*

| Щlэгъэкъуэнхэр | lэмал имыlэу щlэн хуейхэр |
|---|---|
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |

| | |
|---|---|
| | |
| | |

## *Лэжьыгъэ 3.*

Дерсхэр пэжу къызэрыбгурыIуар къриппщытэн папщIэ, нэмэзым хэту Iэмал имыIэу щIэн хуейхэм я схемэр зэхэгъэувэ.




## УпщIэхэр:

1. Япэрей тэкбират ал-Iихьрамыр щхьэ нэмэзым Iэмал имыIэу щыщIэн хуейхэм хэмыхьэрэ?

2. Имамым Iэмал имыIэу игъэзэщIэн хуейхэмрэ, абы игъусэу нэмэз зыщIым игъэзащIэхэмрэ зы Iуэхугъуэ гуэркIэ зэщхьэщокI. Сыт ар?

3. Нэмэзым Iэмал зимыIэ и Iуэхугъуэхэм щыщу жыIэн хуейхэмрэ щIэн хуейхэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр жыIэ.

## Дерс е-4-нэ.

## Нэмэзым и щӀэгъэкъуэнхэмрэ Ӏэмал зимыӀэ и Ӏуэхугъуэхэмрэ зэрызэщхьэщыкӀыр

**Сэ сщӀэну сыхуейщ…**

- Нэмэзым и щӀэгъэкъуэнхэмрэ Ӏэмал зимыӀэ и Ӏуэхугъуэхэмрэ зэрызэщхьэщыкӀыр.
- ЩӀэгъэкъуэным щыщ къэзыгъэнамрэ, е нэмэзым Ӏэмал зимыӀэ и Ӏуэхугъуэхэм щыщ къэзыгъэнамрэ я унафэ хъур.

**Нэмэзым и щӀэгъэкъуэнхэмрэ Ӏэмал зимыӀэ и Ӏуэхугъуэхэмрэ сыткӀэ зэтехуэрэ?**

Ахэр зэщхьщ тӀури пщӀэуэ къэбгъанэ зэрымыхъунумкӀэ, икӀи абыхэм щыщу зыр нэхъ мыхъуми ищӀэу къэзыгъэнам и нэмэзыр къабыл хъукъым.

**Нэмэзым и щӀэгъэкъуэнхэмрэ Ӏэмал зимыӀэ и Ӏуэхугъуэхэмрэ сыткӀэ зэщхьэщыкӀрэ?**

ЦӀыхум нэмэзым и **щӀэгъэкъуэнхэм** щыщ зы щыгъупщэу, е имыщӀэу къигъэнамэ, ар абы щхьэщыкӀыркъым. Абы и къалэнщ блигъэхуар нэмэзым щигъэзэщӀэжыну, итӀанэ нэмэзым и кӀэм щӀым деж щхьэщитӀ щищӀыжын хуейщ, щыуагъэ зэрищӀам папщӀэ.

**Ӏэмал зимыӀэу щӀэн хуейхэм** ягугъу пщӀымэ, цӀыхум ар къыщыгъупщэу блигъэхуамэ, а Ӏуэхугъуэр абы щхьэщокӀ. ИкӀи, щыуагъэ зэрилэжьам щхьэкӀэ, щӀым деж щхьэщитӀ щищӀыжмэ, ирикъунущ.

## Лэжьыгъэ 1.

Щыуагъэр зэрапшыныж щхьэщитIыр зыхуэдэр пэжу къыхэх илъабжьэмкIэ къыщыхьа жэуапхэм.

- ☐ Ахэр нэмэзым и кIэм щысщI рэкатитIыращ.
- ☐ Ахэр щыуагъэ зэрысщIыу, занщIэу зэрыспшыныж сэждэ щхьэщэхэращ.
- ☐ Ахэр нэмэзым и кIэм щысщI сэждэ щхьэщэхэращ, сэ зыщIыпIэ деж сыщыуамэ.

## УпщIэхэр:

1. ЩIэгъэкъуэнхэмрэ Iэмал зимыIэу лэжьын хуейхэмрэ зэгъэлъыт.

2. И бгым нэс щхьэщэ хуейуэ зымыщIам сыт и нэмэзым къыщыщIыр? Сыт щхьэкIэ?

3. Япэрей тэшэхьудым хуейуэ къемыджам сыт и нэмэзым къыщыщIыр? Сыт щхьэкIэ?

## Дерс е-5-нэ.

### «Ыстиазэ», «бэсмали» псалъэхэм я мыхьэнэхэр

**Сэ сщIэну сыхуейщ…**

- ● «Ыстиазэ» псалъэм и мыхьэнэр.
- ●«бэсмали» псалъэм и мыхьэнэр.

ЕгъэджакIуэм еджакIуищым яжриIащ «ал-Фатихьэ» сурэм къеджэну. Ахэр мыпхуэдэ щIыкIэу къеджахэщ:

●Япэу къеджащ Iэбдулла: «А’узу билЛяхьи минаш-шайтIани-ррэджим, ал-хьамду-лиЛля- хьи, рабби-л-алямин …»

●ЕтIуанэу къеджащ Iэбдурэхьман: «А’узу билЛяхьи минаш-шайтIани-ррэджим. БисмилЛяхьи ррэхьмани-ррахьим. Ал-хьамду-лиЛля- хьи, рабби-л-алямин …»

●Ещанэу къеджащ Абуссэлам: “Ал-хьамду-лиЛля-хьи, рабби-л-алямин …»

**УпщIэ:**

Дэтхэнэ еджакIуэра пэжу къеджар?

أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ

/Аузу билЛяхьи, минаш-шэйтIани-ррэджим/ — Сэ Алыхьым лъэIукIэ зыхузогъазэ шейтIан бзаджэм сыщихъумэну.

| Псалъэр | Абы и мыхьэнэр |
|---|---|
| **А'узу билЛяхьи** | **"сэ зыхузогъазэ Алыхьым, Абы и дэIэпыкъуныгъэ къызолъыхъуэ".** |
| **ШейтIан** | **— ар Иблисрэ абы и дзэмрэщ.** |
| **Рэджим** | **— ар Алыхьым и фIыщIэм пэIэщIэ хуащIаращ.** |

**Лэжьыгъэ 1.**

"А'узу билЛяхьи" псалъэхэм я мыхьэнэ пэжыр къыхэх

- ☐ Алыхьым зыхузогъазэ
- ☐ Алыхьым и псалъэхэм сыкъоджэ
- ☐ Алыхьым солъэIу

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

/БисмилЛяхьи-рРэхьмани-рРахьым/ — ГуащIэмрэ ГущIэгъумрэ Зыхэлъ Алыхьым И ЦIэкIэ

| **Псалъэр** | **Абы и мыхьэнэр** |
|---|---|
| **БисмилЛяхьи** | **Сэ щIызодзэ икIи сыкъоджэ Алыхьым И фIыщIэкIэ.** |
| **Рэхьман** | **Ар къэгъэщIыгъэ псоми фIыгъуэр яхуэзыщIэращ.** |
| **Рахьим** | **Ар и пщылI къыхуэжыIэщIэхэм фIыгъуэр ябгъэдэзылъхьэращ.** |

***Лэжьыгъэ 2.***

1. «Рэхьман» псалъэм и мыхьэнэр тхы.

______________________________

2. «Рэхьим» псалъэм и мыхьэнэр тхы.

______________________________

3. «Рэджим» псалъэм и мыхьэнэр тхы.

______________________________

## Дерс е-6-нэ.

## «Ал-Фатихьэ» сурэм и хэгъэгъуэзэныгъэ

### Сэ сщIэну сыхуейщ…

- «Ал-Фатихьэ» сурэм и мыхьэнэр.
- «Амин» псалъэр «ал-Фатихьэ» сурэм зэрыхэмыхьэр.

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ
الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ
مَالِكِ يَوْمِ الدِّينِ

| Псалъэр | Абы и мыхьэнэр |
|---|---|
| Ал-хьамду-лилЛяхьи | «Алыхьым хуэгъэза щытхъу псалъэхэр» — ахэр теухуащ Абы и зэфIэкI хьэлэмэтхэмрэ, Абы фIыгъуэ къыбгъэдэкIхэр зэрыгъунапкъэншэмрэ. |
| Рабб | Тхьэ — ар Пщыщ, Псоми Я тепщэщ. |
| Ал-алямин | дуней псори, икIи Алыхьым нэмыщI, псори дунейм хохьэ. |

| | |
|---|---|
| **Рабби-л-алямин** | **КъэгъэщӀыгъэ псоми я Пщы, икӀи псори зезыгъакӀуэр.** |
| **йауми-ддин** | **ар щхьэж къилэжьыр къыщылъысыж, щхьэж и щӀыхуэ щитыж Махуэращ. Аращ Къемэт махуэ хъужыр.** |

### *Лэжьыгъэ 1.*

Псалъэхэм я мыхьэнэр, дунейм къикӀыр, илъабжьэмкӀэ къыщыхьа жыӀэгъуэхэм къыхэх ✔.

- ☐ ЦӀыху псори
- ☐ Алыхьым нэмыщӀ, псори дунейм щыщщ.
- ☐ ЦӀыхухэмрэ жынхэмрэ.

إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ

| Псалъэр | Абы и мыхьэнэр |
|---|---|
| **ийийакя на'буду** | **Уэращ дызыхуэпщылӀыр, уэращ дэӀэпыкъуэгъуу диӀэри, икӀи Уэ зыри пашэгъу пхуэдмыщӀыу, уэ зыращ дызыхуэпщылӀыр.** |

| | |
|---|---|
| наъбуду | "пщылIыныгъэ"– ар даIуэныгъэрэ Алыхьым хуиIэ лъагъуныгъэ къабзэмрэ къызэщIэзыубыдэ жыIэщIэныгъэрщ. |
| уа иййака наста'ин | Уэзыращ дэ дэIэпыкъуныгъэ щхьэкIэ дызэлъэIури, икIи Уэр нэмыщI, нэгъуэщI зыми зыхуэдгъазэркъым. |
| наста'ин | ал Iыстианэ — дэIэпыкъуныгъэ папщIэ Алыхьым хуэгъэза лъэIуц, ЛъапIэщ Ар икIи Инщ. |

## Лэжьыгъэ 2.

«На′буду»(дыхуопщылI) псалъэм и мыхьэнэр илъабжьэм къыщыхьа жэуапхэм къыщыгъуэт ✔ .

- ☐ Догугъу
- ☐ Алыхьым дыхуопщылI икIи долъэIу.
- ☐ Абы деж дыхущIокъу.

اهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيمَ
صِرَاطَ الَّذِينَ أَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ
غَيْرِ الْمَغْضُوبِ عَلَيْهِمْ
وَلَا الضَّالِّينَ

| Псалъэр | Абы и мыхьэнэр |
| --- | --- |
| **Ихьдинэ** | **«Дышэ дэ» икIи «дэ къыдэт» аращ пэжыр** |
| **Сырата-л-мустэкъим** | **Къуаншэбыншагъэ зыхэмылъ гъуэгу захуэр. Аращ Мухьэммэд Бегъымбарым ۞ къытхуихьа Ислъам диныр.** |
| **Сырата-л-лазинэан'амта алейхьим** | **Дытешэ гъуэгу захуэу Уи нэфI зыщыхуахэр зытетым, ахэр бегъымбархэращ, къыпхуэпэж дыдэ шэхьидхэмрэ сэхьабхэмрэ.** |

| | |
|---|---|
| **гъэйрил магъдуби алейхьим** | **Абыхэм я щIэныгъэм тращIыхьыу, зыри ялэжькъым, яхьудхэм хуэдэу.** |
| **уа-ля-ддоолин** | **Ахэр щIэныгъэншэу пIейтейхэращ, чристанхэм хуэдэу.** |

## Лэжьыгъэ 3.

«Сырата-л- мустэкъим» псалъэм и мыхьэнэр илъабжьэм къыщыхьа жэуапхэм къыщыгъуэт ✔ .

- ☐ Гъуэгу кIыхь.
- ☐ Гъуэгу кIэщI.
- ☐ Къуаншэбыншагъэ зыхэмылъ гъуэгу захуэ.

**«Амин» псалъэм къикIыр**

**«Уэ Ди Алыхь, жэуап къыдэт!»**

**ИкIи а псалъэр «ал-Фатихьэ»сурэм хиубыдэркъым.**

## Лэжьыгъэ 4.

✔ мы дамыгъэр гъэув «ал-Фатихьэ» сурэм щыщ псалъэхэм деж, ✘ мыр – абы щымыщхэм деж.

- ☐ Гъэйрил магъдуби алейхьим
- ☐ АузбиллЯхьи мина-шшайтIани-рраджим.
- ☐ Амин

**УпщIэхэр:**

1. Сыт «пщылIыныгъэм» къикIыр?
2. Сыт «амин» псалъэм къикIыр?
3. Хэт Алыхьым и нэфIыр зыщыхуахэр?
4. Сыт дэ «амин» щIыжытIэр «ал-Фатихьэ» сурэм иужькIэ?
5. Хэт Алыхьым и губжьыр зытелъыр?
6. Сыт зэреджэр щIэныгъэншэу пIейтеиныгъэ зезыхьэм?

## Дерс е-7-нэ.

### «Тэшэхьуд» псалъэм и мыхьэнэр

**Сэ сщIэну сыхуейщ…**

● «Аттахьиййату лиЛляхьи уасса- ляуату уатIоIийибату» псалъэхэм я мыхьэнэр.

● «Ассаляму алейкя аййухьанна- бийййу уа рахьматуЛахьи уа баракатухь» псалъэхэм я мыхьэнэр.

● «Ассаляму алейна уа ‘аля ‘иба-дилЛяхьи ссолихьин» псалъэхэм я мыхьэнэр.

● «Iэшхьэду алля иляхьа илляЛ- лахь уа Iэшхьэду анна Мухьэммэдан ‘абдухьу уа расулюхь»

التَّحِيَّاتُ لِلَّهِ والصلواتِ والطيباتُا، لسَّلَامُ عَلَيْك أَيُّهَا النَّبِيُّ وَرَحْمَةُ اللَّهِ،

السَّلَامُ عَلَيْنَا وَعَلَى عِبَادِ اللَّهِ الصَّالِحِينَ،

أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ

| Псалъэр | Абы и мыхьэнэр |
|---|---|
| **"Аттахьийййату лилЛяхьи"** | **ГъэлъапIэныгъэ псори зыхуэфащэр Алыхьым и Закъуэщ.** |
| **Уассоляуату** | **лъэIу псори. Ахэр псори Алыхьырщ зыхуэгъэзар, ЛъапIэщ Ар икIи Инщ.** |

| | |
|---|---|
| **УттIэйййибату** | **икIи Iуэхуфl псори.** |

## Лэжьыгъэ 1.

«Аттахьиййату лилЛяхьи» псалъэхэм я мыхьэнэр илъабжьэм къыщыхьа жэуапхэм къыщыгъуэт ✔ .

☐ ЛъэIу куэд.

☐ IуэхугъуэфIхэр.

☐ Алыхь Закъуэм гъэлъапIэныгъэ псори хуэгъэфэщэн.

| Псалъэр | Абы и мыхьэнэр |
|---|---|
| Ассаляму 'алейкя аййухьаннабиййу | Бегъымбарым ﷺ щхьэкIэ лъэIу, сэламыр хуэфэщэну, икIи бэлыхь псоми пэIэщIэ хуэхъуну. |
| Уа рэхьматуЛлахьи | Бегъымбарым ﷺ щхьэкIэ лъэIу, абы Алыхьым и гущIэгъур къылъигъэсын папщIэ. |
| Уа баракатухьу | Бегъымбарым ﷺ щхьэкIэ лъэIу, абы Алыхьым и нэфIыр щихуэн папщIэ, фIыгъуэу иIэм хухигъэхъуэну. |

## Лэжьыгъэ 2.

«Ассаляму ‘алейкя аййухьан-набиййу» псалъэхэм я мыхьэнэр илъабжьэм къыщыхьа жыIэгъуэхэм къыщыгъуэт ✔ .

☐ Бегъымбарым ﷺ папщIэ лъэIу, ар Iейпсоми пэIэщIэ хъун папщIэ.

☐ Бегъымбарым ﷺ папщIэ лъэIу, абы фIыгъуэ псори хуэбэгъуэн папщIэ.

☐ Бегъымбарым ﷺ папщIэ лъэIу, абы и къыхуеджэныгъэхэм ехъулIэныгъэ хэлъын папщIэ.

| Псалъэр | Абы и мыхьэнэр |
|---|---|
| ассаляму 'алейна | Нэмэз зыщIыр и щхьэ щхьэкIэ мэлъаIуэ, ар бэлыхь псоми щыхъума хъун папщIэ. |
| Уа аля 'ибадилЛяхьи ссалихьин | Нэмэз зыщIыр иман зиIэ пщылI къэс щхьэкIэ мэлъаIуэ, ахэр Iей псоми щыхъума хъун, хьэзаб псоми пэIэщIэ яхуэхъун папщIэ. |
| Ас-сэлихьин | Ахэр Алыхьым и хуитыныгъэхэмрэ, Абы и пщылIхэм я хуитыныгъэхэмрэ къызэзыгъэпэщхэращ. |

### Лэжьыгъэ 3.

«Сэлихьин» псалъэм и мыхьэнэр илъабжьэм къыщыхьа жыIэгъуэхэм къыщыгъуэт ✔ .

☐ ЦIыхухэм фIы яхуэзыщIэхэращ.

☐ Нэмэз зыщIэращ.

☐ Алыхьым и хуитыныгъэхэмрэ, Абы и пщылIхэм я хуитыныгъэхэмрэ къызэзыгъэпэщхэращ.

| Псалъэр | Абы и мыхьэнэр |
|---|---|
| **Ашхьэду** | **Абы къикIыр, сэ сигукIи, си бзэмкIи, си Iэпкълъэпкъ псомкIи щыхьэт сохъу.** |
| **Ля иЛяхьа иЛлаллахь** | **нэгъуэщIыу жыпIэмэ, Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщIым зыми пщылIыгъэр хуэфащэкъым.** |
| **Уа Iэшхаду Iэнна Мухьэммэдан абдухьу** | **Абы къикIыр, сэ сыарэзыщ Мухьэммэд ﷺ Алыхьым зэрипщылIымкIэ, икIи абы ухуэпщылI зэрымыхъунумкIэ.** |
| **Уа Расулухьу** | **Сэ сыарэзыщ Мухьэммэд ﷺ Алыхьым зэрилIыкIуэмкIэ, икIи ар пцIыуэ къэплъытэ зэрымыхъунумкIэ. Апхуэдэуи, абы жиIэм едэIуэн, ищIэм кIэлъыкIуэн хуейщ.** |

**Лэжьыгъэ 4.**

«*Ля иЛяхьа иЛлаллахь*» псалъэхэм я мыхьэнэр илъабжьэм къыщыхьа жыIэгъуэхэм къыщыгъуэт ✔ .

- ☐ • Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщIым зыми пщылIыгъэр хуэфащэкъым.
- ☐ • Алыхьыр щIылъэми, уафэми Я КъэгъэщIакIуэщ.
- ☐ • Ислъамыр – дин лъапIэщ.

**УпщIэхэр:**

1. «Iэшхьэду алля иляхьа иллял- Лахь уа Iэшхьэду Iэнна Мухьэммэдан абдухьу уа расулюхьу» псалъэхэм я мыхьэнэр зэпкъырых.
2. «Ассаляму алейна» псалъэхэм я мыхьэнэр жыIэ.
3. «Iэшхьэду» псалъэм и мыхьэнэр жыIэ.
4. Сыт хуэдэ псалъэ и мыхьэнэкIэ «тай-йибат» псалъэм пэщIэувэр?
5. «Ат-тэхьиййат»-ым лъэIу хэтщ, цIыху лIэужьыгъуищ Iей псоми щыхъумэным теухуауэ. Хэт ахэр?

## Дерс е-8-нэ.

## Бегъымбарым ﷺ папщIэ лъэIум и мыхьэнэр

**Сэ сщIэну сыхуейщ…**

- Бегъымбарым ﷺ папщIэ лъэIум хэт псалъэхэм я мыхьэнэр.
- Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза гущIэгъу псалъэхэм я мыхьэнэр.

I

اللَّهُمَّ صَلِّ علَى مُحَمَّدٍ وعلَى آلِ مُحَمَّدٍ، كما
صَلَّيْتَ علَى إبْرَاهِيمَ،

وعلَى آلِ إبْرَاهِيمَ، إنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ، اللَّهُمَّ بَارِكْ
علَى مُحَمَّدٍ وعلَى آلِ مُحَمَّدٍ،

كما بَارَكْتَ علَى إبْرَاهِيمَ، وعلَى آلِ إبْرَاهِيمَ إنَّكَ
حَمِيدٌ مَجِيدٌ

| Псалъэр | Абы и мыхьэнэр |
|---|---|
| **Аллахьуммэ** | **Уэ Алыхь!** |
| **Салли аля Мухьэммэд** | **Щытхъу псори къыхуэгъэфащэ абы, Алыхьым и пщылI нэхъыфIхэм яхэту!** |
| **Али Мухьэммэд** | **Абы и диным ирикIуахэращ, апхуэдэуи, муслъымэнхэм щыщу абы и благъэ нэхъ гъунэгъу дыдэхэращ.** |

### Лэжьыгъэ 1.

«Али Мухьэммэд» гупым хыхьэхэр мы дамыгъэмкIэ къэгъэлъагъуэ, хэмыхьэхэр – мыбыкIэ.

☐ Абы и адэкъуэш, и анэдэлъхухэр, ахэр муслъымэну ирехъу, мымуслъымэныуи ирехъу.

☐ Абы и адэмрэ и адэшхуэхэмрэ.

☐ Абы и благъэхэм щыщ муслъымэнхэмрэ, и диным ирикIуахэмрэ.

### Лэжьыгъэ 2.

«Бегъымбарым хуэгъэза сэлятым» и псалъэхэм я мыхьэнэр илъабжьэм къыщыхьа жыIэгъуэхэм къыщыгъуэт ✔ .

☐ Нэмэз щытщIкIэ, абы папщIэ жытIэ лъэIур.

☐ Лъытэныгъэрэ пщIэрэ хуэщIын.

☐ ЦIыхухэм я нэхъыфIым хэту щытхъу псалъхэр хуэгъэфэщэн.

| Псалъэр | Абы и мыхьэнэр |
|---|---|
| **Барик 'аля Мухьэммэд** | **Уи нэфIыр къыщыхуэ абы, иIэ фIыгъуэхэр бэгъуэн папщIэ.** |
| **Хьамидун** | **Щытхъур зыхуагъэфащэр, Аращ лъэкIыныгъэ инхэр зиIэр. ИкIи Аращ фIыгъуэ псори къызыбгъэдэкIыр.** |
| **Мэджид** | **Къару ин зыбгъэдэлъыращ, тепщэныгъэшхуэ зиIэр.** |

## Лэжьыгъэ 3.

«Ал-Хьэмид» псалъэм и мыхьэнэр илъабжьэм къыщыхьа жыIэгъуэхэм къыщыгъуэт ✔ .

☐ Ар Алыхьыращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Абы лъэкIыныгъэ инхэр иIэщ.

☐ Ар Бегъымбарыращ ﷺ.

## Лэжьыгъэ 4.

«Мэджид» псалъэм и мыхьэнэр илъабжьэм къыщыхьа жыӀэгъуэхэм къыщыгъуэт ✔ .

☐ Ар Алыхьыращ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, Абы И къэрур инщ, тепщэныгъэри ӀэщӀэлъщ.

☐ Ар мэлыӀычхэращ.

## Егупсыс!

1. «Бегъымбарым хуэгъэза сэлятым» бегъымбаритӀым ягугъу щащӀ, а тӀур псом нэхърэ нэхъ лъапӀэу. Хэт ахэр?
2. Сыт хуэдэ благъэ зэпыщӀэныгъэ абыхэм яӀэр?

## УпщӀэхэр:

1. Ибрэхьимрэ ди Мухьэммэд бегъымбарымрэ ﷺ сыт хуэдэ зэпыщӀэныгъэ яӀа?
2. «Ал-Барик» псалъэм сыт и мыхьэнэр?
3. Хэт «али-Мухьэммэд» жыхуаӀэхэр?
4. «Али-Мухьэммэд» лӀужьыгъуэм хэмыхьэ цӀыхухэр сыт хуэдэми жыӀэ.

## Псалъащхьэ

**Хэзыгъэгъуазэ ......................................................................... 4**

**ЯПЭ ИЛЪЭС НЫКЪУЭР. 1.АТ-ТЭУХЬИД.**
**ЯПЭ IЫХЬЭ. ХУЭПЩЫЛIЫНЫГЪЭ**

**Дерс е-1-нэ.**

**Сытым щхьэкIэ Алыхьым дыкъыщIигъэщIар? .. 10**

**Дерс е-2-нэ.**

**«ХуэпщылIын» псалъэм и мыхьэнэр. ...................... 15**

**Дерс е-3-нэ.**

**ХуэпщылIыныгъэм теухуа Iыхьэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр................................................................ 20**

**ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ.**
**«ТЭУХЬИД» ПСАЛЪЭМ И МЫХЬЭНЭР ТЭУХЬИДЫМ И ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭР ЛIЫКIУЭХЭР**

**Дерс е-4-нэ.**

**«Тэухьид» псалъэм и мыхьэнэр ................................ 26**

**Дерс е-5-нэ.**

**Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъыр ... 32**

**Дерс е-6-нэ.**

**Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъым теухуа Iыхьэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр ................ 38**

**Дерс е-7-нэ.**

**Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм зэрыхэлъыр.......... 42**

**Дерс е-8-нэ.**

**Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэм теухуа Iыхьэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр..........................................51**

**Дерс е-9-нэ.**

**Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэмрэ, Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъуэмрэ теухуа Iыхьэхэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр. ...................................... 53**

**Дерс е-10-нэ.**

**Тхьэзакъуэныгъэр цIэхэмрэ лъэкIыныгъэхэмрэ...................................................... 59**

**Дерс е-11-нэ.**

**Тхьэзакъуэныгъэр цIэхэмрэ лъэкIыныгъэхэмрэ зэрыхэлъым теухуа Iыхьэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр........................................................... 66**

**Дерс е-12-нэ.**

**ЛIыкIуэхэр зиIысымрэ, ахэр къыщIигъэкIуам хэлъ Iущыгъэмрэ.......................................................... 69**

**Дерс е-13-нэ.**

**ЛIыкIуэхэм теухуа Iыхьэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр........................................................... 73**

## ЯПЭ ИЛЪЭС НЫКЪУЭР. 2. АЛ-ФИКЪХЬ
### Ещанэ классым и темэхэр къыдопщытэж

**Дерс е-1-нэ.**

Андез цIыкIум епха Iуэхугъуэхэр ............................ 76

**Дерс е-2-нэ.**

Андез цIыкIум папщIэ Iэмал имыIэу щIэн хуей Iуэхугъуэхэр ....................................................................... 79

**Дерс е-3-нэ.**

Ат-Тайммум ........................................................................ 82

**Дерс е-4-нэ.**

Нэмэз щIыгъуэ зэманхэр ............................................ 85

**Дерс е-5-нэ.**

Нэмэзым пыщIа Iуэхугъуэхэр .................................... 89

**Дерс е-6-нэ.**

Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэр ......................................... 92

**Дерс е-7-нэ.**

Нэмэзым хиубыдэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэхэр .... 95

## ЕТIУАНЭ ИЛЪЭС НЫКЪУЭ. 1.АТ-ТЭУХЬИД ЕЩАНЭ IЫХЬЭ. ФIЭЩХЪУНЫГЪЭМРЭ ФIЭЩМЫХЪУНЫГЪЭМРЭ Я МЫХЬЭНЭХЭР

**Дерс е-1-нэ.**

Алыхьым псом нэхъапэ дыдэу цIыхухэм къалэн ящищар ......................................................................... 100

**Дерс е-2-нэ.**

**ФIэщхъуныгъэм хэлъ пэжыгъэр ........................... 103**

**Дерс е-3-нэ.**

**«ФIэщхъуныгъэм хэлъ пэжыгъэр» Iыхьэм дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр ..........................................107**

**ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ «ТIАГЪУТ»ПСАЛЪЭМ И МЫХЬЭНЭР ТIАГЪУУТЫМ И ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭР ТЕГЪЭЩIАПIЭ БЫДЭ**

**Дерс е-4-нэ.**

**ШэйтIаныр – ар тIагъуут нэхъыщхьэщ............... 110**

**Дерс е-5-нэ.**

**«ШейтIаныр – ар тIагъуут нэхъыщхьэщ» дерсым дэщIыгъуа лэжьыгъэхэрар ..................................... 113**

**Дерс е-6-нэ.**

**Алыхьым къригъэхар зи мылъабжьэ хеящIэ .... 115**

**Дерс е-7-нэ.**

**Алыхьым нэмыщI, ущэхуахэр зыщIэу жызыIэр тIагъуут мэхъу. ......................................................117**

**Дерс е-8-нэ.**

**«Алыхьым нэмыщI, ущэхуахэр зыщIэу жызыIэр тIагъуут мэхъу» дерсым дэщIыгъуа лэжьыгъэхэр....................................................................... 122**

**Дерс е-9-нэ.**

**Алыхьым нэмыщI, цIыхухэр зыхуэпщылIыр, икIи ахэр къызэрыхуэпщылIымкIэ арэзы хъур тIагъуутщ ........ 126**

**Дерс е-10-нэ.**

**МуIминым Iэмал имыIэу къигъэлъэгъуэн хуейщ тIагъуутыр и фIэщ зэрымыхъур ........ 128**

**Дерс е-11-нэ.**

**«ТегъэщIапIэ быдэ» псалъэхэм я мыхьэнэр ........131**

**ЕТIУАНЭ ИЛЪЭС НЫКЪУЭ**
**2. АЛ-ФИКЪХЬ**

**Дерс е-1-нэ.**

**Япэ илъэс ныкъуэм дызэджахэр къыдопщытэж........ 134**

**Дерс е-2-нэ.**

**Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэр ........ 143**

**Дерс е-3-нэ.**

**Нэмэзым Iэмал имыIэу щыгъэзэщIэн хуейхэр........ 154**

**Дерс е-4-нэ.**

**Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэмрэ Iэмал зимыIэ и Iуэхугъуэхэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр........ 158**

**Дерс е-5-нэ.**

**«Iыстиазэ», «бэсмали» псалъэхэм я мыхьэнэхэр ........ 160**

**Дерс е-6-нэ.**
**«Ал-Фатихьэ» сурэм и хэгъэгъуэзэныгъэ ............ 163**
**Дерс е-7-нэ.**
**«Тэшэхьуд» псалъэм и мыхьэнэр ........................... 169**
**Дерс е-8-нэ.**
**Бегъымбарым ﷺ папщIэ лъэIум и мыхьэнэр ............................................................. 174**

ГуащIэмрэ ГущIэгъумрэ

Зыхэлъ Алыхьым И ЦIэкIэ

Уэ си къуэш егъэджакIуэ! Уэ си къуэш гъэсакIуэ! Уэ си къуэш адэ! Уэ си къуэш еджакIуэ!

Ассэламу алейкум уэ рэхьмэтуЛлахьи уэ бэрэкятухь!

ИтIанэ:

Сауд Хьэрыпым егъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и жьауэм щIэт шэрихьэт программэхэр зыхэгъэувэнымкIэ Администрацэм, ди тхылъым теухуауэ, сыт хуэдэ чэнджэщ ептынуми, щыуагъэр ебгъэлъэгъунуми зыхуэбгъэзэну и гуапэщ. Ди контактхэр адэкIэ къыщыдгъэнэнщ:

1. Телефон занщIэр: 014021095
2. Министерствэм и телефоныр: 014042888
3. Факсыр: 014081297
4. Электроннэ пощтыр: runit@moe.gof.sa

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ, ас-сэляму алейкум уэ рэхьмэтуЛлахьи уэ бэрэкятухь!

Ди гуапэщ ди тхылъхэр зи гум дыхьахэм ящыщу фытлъагъуну, ди лэжьыгъэм зэман хухэфхари, гулъытэ къыхуэфщIари ди дежкIэ лъапIэщ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр – хъер къызэпыкIын адыгэбзэ зэдзэкIыгъуэ сэбэпыр фи пащхьэ итлъхьэнырщ.

Абы хэтыуи, дэ къыдгуроIуэ, тхылъыр щытрадзэкIэ щыуагъэ гуэрхэри тIэщIэкIынкIэ зэрыхъунур. Дэ икъукIэ ди гуапэ хъунут фэ, ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ, ди тхылъыр нэхъыфI зэрытщIынымкIэ фыкъыддэIэпыкъуамэ. Фэ пцIыуэ къыфщыхъуахэр, е гу зылъыфта щыуагъэхэр, е нэгъуэщI ныкъусэныгъэ гуэрхэм фагъэпIейтеямэ, ди пощтым, е Telegram ботым фыкъэтхэну дыныволъэIу.

Фэ фи гулъытэхэмрэ, фи IуэхуеплъыкIэхэмрэ ди дежкIэ лъапIэщ, икIи ди тхылъым дыщытелэжьыхьыжкIэ, зы тхыгъи гулъытэншэу къэдгъэнэнукъым. Фыфкъэтхэну дыпоплъэ, икIи ди лэжьыгъэр едгъэфIэкIуэнымкIэ щIэгъэкъуэн фыкъызэрытхуэхъум папщIэ ину фIыщIэ фхудощI.

ПщIэ къыфхуэзыщI,
Проектым и редколлегие

mail@abu-islam.com

@abuislam_feedback_bot